Книга должна быть возвращена не позже указанного здесь срока

Количество предыдущих выдач

| | |
|---|---|
| ~~17.08.18~~ | 1295 |
| 8.10.19 | 1934 |
| 19.10.19 | 1933 |



G A/2

САҒЫЙДУЛЛА АББАЗОВ

# ШЫҒАРМАЛАРЫ

НӨКИС
„ҚАРАҚАЛПАҚСТАН"
1991

84 (Кар)
А 12

Аббазов С. Шығармалары:
Нөкис: Қарақалпақстан, 1991.—240 б.

Нағыз перзент ата жолын кәстерлер деген сөз бар. Халқымыздың шебер сөз зергери Аббаз шайырдың қус пәрўазлы, тулпар шабыслы қәлеминиң мийрасхоры Сағыйдулла Аббазов усы тәшўишли машақатлы поэзия гүзарында узақ жыллар даўамында кеўиллер мәнзиллерине салтанатлы жүрислер жасады.

Автордың өмири бойы творчестволық изленислериниң нәтийжеси болған бул таңламалы шығармалары хәр қыйлы жастағы китап оқыўшыларының талғамына сай поэзиялық дөретпелерден ибарат.

А $\frac{4702270202-069}{М-357 (04)-90}$ 47—90

IBSN 5—8272—0870—1

© „ҚАРАҚАЛПАҚСТАН“ БАСПАСЫ, 1991

**Сагидулла Аббазов**

# ИЗБРАННЫЕ СОЧИНЕНИЯ

*На каракалпакском языке*

**Издательство „Каракалпакстан“**
**Нукус—1991**

Редакторы *Х. Дәўлетназаров*
Художниги *А. Әлимов*
Худ. редакторы [illegible]
Тех. редакторы *О. Жумабаева*
Корректоры *Г. Турымова*

ИБ 4076

Териўге берилген ўакты 12.XI. 1990-ж. Басыўға рухсат етилген ўакты 07—VI-1991 Қағаз форматы 84x108¹/₃₂. Типографиялық кағаз №2. Әдебий гарнитура, кегль 10. Жоқары баспа усылында басылды. Көлеми 7,5 баспа табақ, 12,60 шәртли баспа табақ, 10,44 есап баспа табақ. Тиражы 2000 Заказы 189. Баҳасы 3 м. 90 т.

„Қарақалпақстан“ баспасы, 742000, Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

ҚКСР Баспа сөз бойынша Мәмлекетлик комитетиниң „Правда“ газетасының 50 жыллығы атындағы Нөкис полиграфкомбинаты. 742000. Нөкис қаласы, К. Маркс көшеси, 9.

220018
Республиканская детская библиотека
MA'LUMOT ... RESURS ORAYI
14258

## АТАҒА ҚАРАП УЛ ӨСЕР

Ҳәр бир адамның жәмийетте өз орны, тиришиликте бирге жасасқан ағайын-туўғаны, жора-жолдасы, бирге ислескен дос-яранлары, жасы үлкен-жасы кишилери ағайиннен абзал, туўысқаннан татыў жасасқан қоңсы-қобалары бар. Азлы-көпли өмириниң ишинде сол жора-жолдаслары, таныс-билислериниң ядында ислеген ислери, жүрис-турыслары, минез-қулықлары, бәринен де бетер ең ҳасыл адамгершилиги менен инсан өзинен соңғыларға бир өмирге ядтан өшпес елес қалдырады. Жақсылардың жадыраған дийдары оны билгенлердиң ядында жасай береди, демек, жақсының өмири тағы бир өмирге даўам егеди. Сағыйдулла аға Аббазов мине, усындай жақсылардың жақсысы сыпатында танылған, инсанның инсанлық қәсийетлерин әтирапындағыларға әжайып қәлпинде көрсете билген жасы уллымыз еди. Сум әжел тосаттан қурық таслап, айналдырған жети ғана күнниң ишинде, арамыздан алды да кетти.

Сағыйдулла аға Аббазовтың қәдир-билислериниң кеўлине яра болып қалғанлығы соншелли, бүгин „еске түсириў" сөзин айтыўға да тартыныңқырап тилимиз гүрмелип отыр. Ол барған жери мереке болып кете беретуғын адам еди. Әлле қашшан кимиси гөрге, кимиси жерге көмилип жоқ болып кеткен ески китаплардағы аңыз-әпсаналардан баслап, бүгинги күни кең таралған сиясий анекдотларға шекем билетуғын тақыўа еди ғой. Ол бундай әңгимелерди тек қызық ушын айтпайтуғын, оннан мәни шығарып: „сол айтқандай" деп, ибрат аларлық бир ҳикметли сөзлер менен жуўмақлайтуғын. Әне, усы қәсийеттиң әкеси Аббаз шайырдан өткенлигин Аббазды таныған, қәдир тутқан адам-

лар жақсы биледи. Айтып отырған сөзиң дурыс болмаса да, ислеген ҳәрекетиң надурыс болса да ол бирден бизлер қусап: „жақ, сеники дурыс емес“ демейтуғын, ең әдеп, мурынының ушын қыйсайтып, бир мыйық тартатуғын, биз соннан-ақ өз ҳәрекетимиздиң надурыслығын шамалы аңлап үлгеретуғын едик. Ол болса:“ ... мениңше, ол былай ғой,“ деп жайдары жүз бенен өз пикирин айтады ҳәм : „... ойланып көрерсиз-дә...„деп, салмақты өзине салып жиберетуғын, өз пикирин зорлап таңбайтуғын. Ол ҳеш қашан бир мәселениң анығына жетпей шама менен сөйлемейтуғын, шаманы билмей ҳәш кимге уәде бермейтуғын. Қарақалпақстан мәмләкетлик телевидение ҳәм радио еситтириў комитетинде председательдиң орынбасары болып ислеген күнлеринде де, „Қарақалпақстан“ баспасында бас редакторлық лаўазымында ислегенде де оның үстине „дейди—дейдиге“ ерип: ашыўланып киргенлердиң қысынып шыққан ўақытлары көп болған. Сөзимиз пәтиўалы болыўы ушын бир көргенимди айтайын, творчестволық адамның көп баратуғын жери редакциялар ғой. Жумыс пенен келип, бас редактор Сағыйдулла аға менен жумысларымды сөйлесип, бир мәселелер жөнинде мәслаҳат берип атыр еди. Бирден қапы жулқынып ашылып, республикамызға белгили бир келиншек кирип келди, сәлем-әлем болған жоқ. Сонысын ерси көрди ме, Сағыйдулла аға ның өзи кәдимги әлпайым минези менен жай парахат аман-есенлик сораса баслап еди, келген ҳаял бир қолын белине таянып, таянып, бир қолын Аббазовтың маңлайына шошайтты да:

—Ҳимм, —деди мурынынан ҳимилдеп—.—Жұрттың айтқаны ырас екен, мени де жыллы сөйлеп, алдастырып қайтармақшымысаң!. Қәне, не ушын сызасаң планнан китабымды!...

Ҳаял өзинен өзи буўлығып, өзинен өзи шаўлап, шаўлағаны менен де турмай, қарғанып-силенип жылап жиберди. Айтпай атырған сөзи жоқ. Сонда Аббазовтың шыдамлылығына ҳайран қалғанман. Сонша хызметкерлериниң көзинше айтылған ақыретли сөзлерди сирә еситпегендей-аў! „Отырыңыз, қарындасым, отырыңыз, түсинисип алайық“, деди ҳәм орнынан турып, өзи гүрси қойып, „алдап—суўлап“ дегендей отырғыз-



Сағыйдулла Аббазов зайыбы Зийбахан Еримбетова өз перзентлери менен. (1958-жыл).

ды. Ҳаял еле солығында, тоңқылдысын да баса алмай атыр еди.

—Сиз әрре тыныш отырың, биз тийисли адамлар менен сөйлесип анықлайық, қолжазбаңыз қай процесте екен,—деген соң, қолжазбасының пландан сызылмағанлығын абайлады ма, ҳаял кем-кемнен пәсине қайта баслады. Соның арасынша Аббазов редакция баслығын телефоннан алдына шақырды.

— Жолдас, қолжазбасының аўҳалын билиуге келген екен...

— Редакторланып болынды, сүўрети бүгин питти, ертең териуге кетеди...

— Қолжазбаңыз ҳәрекетте екен.—деди тап ҳәзир билип отырғандай ҳәм мурнының ушын қыйсайтып, күлешырайланды. Усының өзи менен-ақ оған көп нәрсени үнсиз-ақ айтып таслады. Ҳаял да қуўанып кетсе керек, жүзи жылып, тағы бирден сурланды ҳәм: „бул журтта жәп-жаман бир қышыма бар, ғыжақ бермей жүрсе өледи, қасынбай жасай алмайды, маған „Аббазов сызып таслады“ деп еди, әпиў етиң, Сағыйдулла аға,“ деди орнынан турып атырып, Сағыйдулла да күлип: „ооой, қарындасым, бундай ҳәдийселерге қулағымыз үйренип қалған тез-тез болып турады, сонда да анығын билиңкиреп ҳүжимге өткен мақулырақ ғой енди...“ деп, узатып салды да ҳеш жерде ҳеш нәрсе болмағандай мениң жумысым менен айналысып кете берди. Бундай мысалларды оның телевидениеде бас редактор, сол комитетте председательдиң орынбасары болып ислеп турған дәўиринен де көплеп келтириўге болады. Улыўма, ол өмиринше дерлик, редакцияларда иследи. Редакциялар болса ҳеш қашан авторларсыз болмайды, ҳәр автордың өзи өз алдына бир қудай, өз алдына бир мәмлекет, өзиниң дүнья танымлары, көз қараслары менен өз алдына бир дүнья. Көз қараслар бар жерде қарама-қарсы пикирлер, талас-тартыслар бар. Сағыйдулла Аббазов өмириниң көбисин соныңдай талас-тартыслы, айтыс-шертисли жерде төрелик етиў менен өткизди. Ақыры жәнжелге, өкпе-гийнеге, базы ўақытлары, алып-топылыспаққа алып келиўи мүмкин болған шаўқымлар да ол бар жерде биймәлел шешимин табатуғын еди. Ол ҳәр бир адам менен жекке қатнас жасаўға, ҳәр бир адамның жасына, минезине, билим дәрежесине, даў туў-

ғызып атырған мәселеге қатнас дәрежесине карап, сол адамның тилин тауып сөйлесетуғын. Сағыйдулла Аббазовтың ески китаплардан, диний китаплардан үйренип қалған аңыз -әпсаналары, әкеси Аббаз шайырдан еситкен-билгенлери оған жасы уллы ақсақаллардың ҳәтте анаў-мынаў „молла таргысларында“ болып туратуғын „ашшы даўысларын“ басыўына жәрдемин тийгизетуғын, сондай-ақ, ғаррыларда да „улуғтың тәрбиясын алған, улуғтан ибрат алып қалған ғой, Сағыйдулланың гәпине турайық..“ деген пәм болатуғын еди. Бул жағы, екинши жағынан, оның өмир бойы ғалаба хабар қуралларының редакцияларында анаў я мынаў басшы хызметлеринде ислеўлери оны мудамы халық аралық аўҳалдан, елдеги, ҳәтте аўыл-аймақтағы аўҳалдан да хабардар болып барыўға тек бақлаўшы ғана емес, анаў я мынаў дәрежеде сол ҳәдийселерге қатнасып барыўына мәжбүр етти. Ол жоқары партия мектебин айрықша баҳалар менен питкерди, Қарақалпақ мәмлекетлик пединституттың қарақалпақ тили ҳәм әдебияты факультетин де жақсы тамамлаған, буны ол сорамаса ҳеш қашан, ҳеш жерде айтқан емес, буларда алған билимлери сиясий қатлам менен де, әдебиятшылар менен де тил табысып түсинисиўине, қандай мәселе болса да дурыс шешимин таўып бериўине жәрдемин тийгизди. Бирақ Сағыйдулла Аббазов өмириниң ақырына шекем „мен билемен“, деп көкирегине урған емес, билмегенин сораўдан жалыққан я арсынған адам емес. „Мынандай бир мәселе бар, бизиң ойымыздың өреси жетпей атыр, бул бир, бизге бой бермейтуғын шүңгил екен, түсинисип алыўға мәсләҳатыңыз керек болып тур...“ деген тақлетте жетик қанигелерди жәрдемге шақыратуғын, ҳәмменин пикирин тыңлап, өзи бир шешимге келмегенше сөйлеўге асықпайтуғын бәринен де бетер жарысып сөйлегенди, қосарласып шапқанды жек көретуғын.

Ол дүньядан искер басшы, қәтқуда—дипломат басшы болып өтти. Ол ушын әдеп-икрам, кишипейиллик, карапайымлық ҳәмийше биринши планда турды. Өзи ҳеш кимниң кеўилин қабартпайтуғын, кеўил қабартыўды мақсет етип жүретуғын, журттың азапланғанынан ләззетленетуғын адамлар оның ең жек көретуғын адамы еди, оннан соңғы жеккөретуғыны —домалақ арза ғой, ол бундай арзалардың гәп



„Жас Ленинши“ газетасы редакциясы 1955-жыл: Исмайыл Курбанбаев, Дәўлет Ҳәбибуллаев, Сағыйдулла Аббазов ҳәм Қалбай Мәмбетназаров.

курылысынан, сөзлериниң интонациясынан-ақ „пәленшеники ғой, усынша да жала болмақ болып па, әй намәрт екен, намәрт болмасаң кел, шаррайма-шаррай сөйлес, дәлийллес!“ деп, терезе жакка мойын бурып отыратуғын, буның себеби,—ол ашыўланғандағы түрин карсы алдындағы адамға имканиятынша көрсетпеўге тырысатуғын.

Ҳәзир де Сағыйдулла аға гә Қарақалпақстан жазыўшылар союзының президиум мәжилисинде сөйлеп турған, гә кеңсесинде әлле кайлардан келген жас авторлар менен гүрриңлесип атырған, гә пионерлер алдында қосық оқып турған, гә оқыўшылар пионер галстугин мойынына тағып атырған, гә ғаррылар менен садақадан қайтып киятырған, гә жаслар менен ҳәзил-дәлкек айтысып тойда отырған ҳалында көз алдыма елес-елес келе береди.

Аббазовлар семьясынан ғаррылар да, жаслар да коңсы-қобалар да, ағайын-туўысқанлар да жақсы өрнек алатуғын. Қарсысындағы коңсы жигит бир сапары: „усы Сағыйдулла ағаның үйиндеги татыў, тынышлыққа ҳайранман, бул үйдиң кишкене балалары да

жыламай ма, я жыласа да ҳеш кимге еситтирмей жылай ма, билмеймен, ҳеш қашан жынқ еткен сес еситилмейди. Бизлер баламызға „сипсени әкел!“ демекши болсақ та даўысымыздан қоңсымыздың қойы үркип кетеди!..“ дегени бар. Бул шылғый қуры айтылған гәп емес, жанлы гәп. Аббаз шайырдың тири ўағындағы бул үйдеги әке менен бала арасындағы үнсиз түсиниле беретуғын мириўбет, сыйласықлар қоңсы қобалардың, ағайин-туўғанлардың еле ядында. Сағыйдулла ағаның балалары ерте турып, жуўынып-артынып болған соң ҳәммеси жыйылып, ҳәр күни азанда Сағыйдулла менен жеңгей отырған жайға дүзилисиўи менен сәлемге келеди, ата-анасы менен биримлеп кол алысады ҳәм бир дизерлесип, үлкенинен кишиси катара отырады, ата-анасы аман-есенлик сорасады. Соннан соң келген бала-шағаның бәрин баслап, Сағыйдулла Аббаз атаның үстине сәлемге киреди, ҳал-жағдай сорасады, тапсырма күтеди, кемис-кетигин питкереди, ҳәр күнги дәстүрге айналып кеткен тәртип усындай.

Ҳәр күни усы ўазыйпаны орынламай ҳеш ким ҳеш жаққа дағысып кетпейди, ал орынлап болған соң ҳәр кимниң өз жумысы бар, ҳәр ким өз жумысына силтеў күтпестен үнсиз кирисе береди: биреўлери үйдиң дөгерегин сыпырады, биреўлери чайға, биреўлери тағы басқа руўзыгершиликке айналысып кете береди, үлкенинен кишисине шекем ҳәр баланың жасына, укыбына ылайық өз жумысы бар, биреўи сабақтан бес алса ҳәммеси қуўанады, биреўи еки алса бул қайғы да ҳәммеге ортақ, биреўи сәл жылаўға мейил берсе екиншиси жуўырып келип, жубатып атқан. Бул үйде қашаннан дәстүр болып кеткен усындай тәртип бар. Бул дәстүр қарақалпақ семьяларында әййем заманларда-ақ болған, енди усы әжайып дәстүримизди жоғалтып алып, улларымыз-кызларымыз: — „өз тәғдийирим өзимниң қолымда, кеўилимниң күсегенин ислеймен,..“ деп қақанлап шыкса: „тақыр жерден жик шықты, еки қулағы тик шықты!“ деп, көкиреклеримизге түпирип, „бул тәкиреңлеген бәле қайдан шықты. Әкеси бундай емес, шешеси бундай емес!... „деймиз таңланып, баламызды шақырғанымыздың өзинде“ шақырған даўысымызға қоңсымыздың қойын үркитип, ийтин үргизип жүргенимизди өзимиз умытамыз. Ақыры, „атаға қарап ул өседидағы!“ Ҳеш қандай жерден жик

шықпайды, жикти өзимиз ашып беремиз, әне соннан шыққанлардың „еки қулағы тик шығып“ атыр, сондай „қулағы тиклер“ мектеплерди толтырып, сабағын да жөнлеп оқымастан, үйине де айналыспастан кеўилине келгенин ислеп жүр. Соның ушын—ҳәм ВУЗларға балаларымыз ҳүжжет тапсырыўдан ата-аналардың машақатлы „марофонлары“ басланады. Сағыйдулла Аббазовтың үйинде тәрбияның ең жақсы синтези кәлиплескен. Себеби, бул үйдегилер „атаға қарап, анаға қарап“ өскенлер. Ал, бул үйдеги ата-аналар болса ата-аналары „марофон жуўырысында“ озып шығып пединститутқа киргенлер емес, педагогикалық қабилет туўасы бойына сиңгенлер, шын мәнисинде ҳақыйқый педагоглар. Жеңгей пединституттың физика-математика факультетин қарақалпақ келинлериниң барлық дәстүрине садық болып жүрип питкерип шыққан. Ол Аббаз атаның хызметинде қайнап пискен, Аббаз ата нәсиятлаған халық педагогикасының ең жақсы тамашаларын рауажландырып бойына сиңирген кейўаны. Ал, Сағыйдулла Аббазов:

„...Айтып еди маған әкем,
Әкесинен еситкенин.
Нәсият деп айтқан екен,
Ядымда тур еле мениң...

Әкемниң сол бир сөзлерин,
Тыңлаған болсам жасымда,
Қайталап айтыў нәўбети,
Келди бүгин өз басыма...“

деп бийкар айтпаған, болған исти айтқан, өзиниң жас әўладты тәрбиялаўдағы усылын айтқан.

Сағыйдулла Аббазов мектепте бала оқытқан жоқ, оның ҳеш қандай педагогика тараўынан илимий атағы да болмады, бирақ ол шын мәнисиндеги туўасы педагог еди. Оқыў күни 1-сентябрь жақынлаўдан бул үйдеги ақлықларға, балаларға оқыў қуралларын, папка галстук, кийим-кеншек излеп, үлкен шабыспа басланатуғын. „Ертең оқыў“ деген күни ҳәмме балалар жаңа кийим-кеншек, оқыў қураллары менен тәмийин етилген, ҳәмме бала қуўанышлы, сонындай бир байрам болып беретуғын еди бул үйде. Балаларының қуўаныш-



Жас шайыр Сағыйдулла Аббазов жумыс бөлмесинде, поэзия менен сәубет.

ына өзлери қуўанады, ата-ана ушын буннан үлкен бахыт бар ма! Ертенине бул байрам мектепте даўам етеди. Сағыйдулла аға нәрестелер, өспиримлер ушын болатуғын бул байрамға өзиниң „Мектепте байрам" деген китабын бағышлады. Сағыйдулла Аббазов өз балаларын да, өзгениң балаларын да мектепте сағыныш руўхында тәрбиялаўға, оқыўшыны мектепке шынашық етип қойыўға, мектепти, мектепте тәлим берген муғаллимлерин өле-өлгенше пир тутыў руўхында тәрбиялаўға талпыныў менен өтти. Балаларын, ақлықларын жыйнап алып, әкесинен еситкен ҳикметли гәплерин айтып берип отырады. Балалардың қайсысына қандай тәсир етти, соны бақлайды. Ол балалардың шын досты еди. Жаздың бир күнинде: „Бизиң үйден түслене қояйық" деп ертип кеткени бар. Көшениң берги басынан тап шайырдың дәрўазасына киремен дегенше трусишең, майкашаң бес-алты, жети-сегиз жасар бөпелер жүрисимизди өндирмеди. Сағыйдулла ағаға ҳәммеси қолларын созысып жуўырысады. Ҳәр қайсысының басынан сыйпап: „түпәләм, жақсы бала екен ғо, қол алысады!,." деп марапатласа, тағы биреўине: үстиңниң шаңын қағып жүрсең, сен де жақсы баласаң-аў, әттең, үстиңниң шаңы бар екен..." деп күледи. Бүгинги күни сол ҳәрекетлери есиме түсип: „Сағыйдулла ағаны усы минези балалар шайыры етти ме екен, я балалар шайырлығы усы минезге дус қылды ма екен!..." деген қызық саўал туўыла береди, менде. Негедур, кишкене балаларды көрсе балалығы тутып кеткендей сезиледи. Соның арасынша үлкенлер менен ушыраса қойса салдаманлы сөйлесип отырған кәтқуданы көресең.

Сағыйдулла Аббазов бала тәрбиялаўдағы өзиниң жақсы тәжирийбесин, үйиндеги ибрат аларлық тәртиплерди:

.... Минезин ҳәмме унатқан,
Ҳәм ақыллы, ҳәм шаққан,
Үкелерин жубатқан,
Ақлықларым бар мениң...

Салаўатым алыстан
Сәлем берип келеди,
Мәлс оннан қалыспай,

Изине ерип келеди,
Аҡлыҡларым бар мениң...

Индира қызым жаныма,
Айдай болып келеди,
Бекзада қызым жаныма,
Тәй-тәй турып келеди,
Аҡлыкларым бар мениң...

Мәдияр, Майсур, Миясар,
Үй ишине қарасар...—

деп тәриплейди. Баланы жасынан мийнетке муҳаббат, ата-анаға ҳүрмет руухында тәрбиялаў шайырдың поэзиясындағы ен баслы бағдардың бири.

Сағыйдулла аға бир гәпинде маған: „Бердақ, Әжинияз, соның ишинде бизиң әкемиз де өз қосықлары менен өзиниң образларын, ҳәтте минез-қулқын да дөретип кеткен екен. Мәселен, Бердақтың еден алам болғанлығы, Әжинияздың нәзик тәбиятлы сыпайылығы қосығынан-ақ көринип турады. А-ал, сонда балалар шайыры—бизлер қалаймыз, көринемиз бе, жақ, бизлердиң қосығымыздан бала көринеди. Бул жағынан қарағанда ересеклер шайырының қолы бәлент...“ деген еди. Сол айтқаны усы мақаланы жазарда шайырды шығармасынан излеген пайытымда тағы есиме түсти. Шынында да балалар шайырларының қосықларында да балалар, ал шайыр болса бала болып таңланады, бала болып күледи, бала болып сөйлейди. Деген менен, шайырдың минезиндеги жеңил юмор:

„... Бир минутта тирессе,
Бир минутта жарасар...“
Ойын десе тындырған,
Шайнек-кесе сындырған...

қусаған қатарларда жылт-жылт көринип, Аббазовтың өзиндеги биймәлел, бийҳазар қуўақылықтың бийҳазар күлкисин қулаққа жеткерип турады.

Тәбият жыршыларының поэзиясы ушын материаллар таў, дала, тоғай, дәрья, көллер, гүлдирмама, жылдырымлар болса, Аббазовтың поэзиясы ушын ма-



„Жеткиншек“ газетасы редакциясы, 1958-жыл: Сағыйдулла Аббазов, Тилеунияз Қаниязов, Әбдиразақ Аманов ҳәм Мәтен Сейтниязов.

териал өз үйинде, өз көшесинде еди. „Балалы үй базар“ дейди ғой, оның үйи мудамы базар. Аббаз атаның қәдирбилис ғаррылары „үлкен шаңыраққа сәлемге келдик“ деп келер болса да изинде кем дегенде бир-еки ақлығы болады. Бир жайында ағайын-туўған бала-шағалары менен мийманда болып атырса, бир жайында қарындас-күйеўлер, балалар, ақлықлар, келин-кепшиклер, кудағай, кудалар, мына жақтан қатар-қурбы, жора-жолдаслар ҳармасынға келип атады, „кудайдың қутлы күни „усындай, кудайдың қутлы күни усы үй бала бақшаға“ мегзеп турады.

„Жақсының жаты болмайды“ дейди ата-бабамыз, дүньяда бир адамның тамыр-таныcы, дос-яраны көп болса, сол адам Сағыйдулла Аббазов еди. Соншелли дос-яранның аўырып-сызлағаны болса бир де биреўиниң изинен Аббазов бармай қалған емес, бир де биреўиниң тойына бармай, қуўанышын ортақласпай қалған емес, бир де биреўиниң қайғысына қайыспаған да Аббазов жоқ, апарар ақшасы болмаса қарыз алады.

Соншелли бала-шаға, соншелли келим-кетим, соншелли той-мереке И. Юсуповтын сөзи менен айтқанда „дәстүри пилден ауыр“ халықта ап-аңсат сауыла бермейди ғой. Несин жасырамыз, соншелли абырай-даңқы, соншелли китаплары менен Аббаз шайыр да бир дүканшыдан жақсы жасаған жоқ, сол күнди Сағыйдулла Аббазов та өзсынан кеширип өтти. Лийкин, өмирине налынған емес. Биреуден қатты кеуили қалғанда: „намәрт екен“ дейтуғын, бул ол айтатуғын сөгистиң ең ауыры еди. Ол өмириниң ишинде ҳеш байсыныс сөйлеген емес, ондай жағдай да онда болмады, бирақ, ҳеш өзин төменге таслаған да емес, адамға тик қарайтуғын сондайда оның көз қарасы суұық ҳәм қәҳәрлидей түйылатуғын, ҳеш кимге жалтақламайтуғын, өлпең сөйлесе де биймәлел рәуиште гәптиң ырасын сөйлейтуғын, бирақ сондайда да кисиниң кеулин бирден қабартып алыўдан оғада сақланатуғын адам еди.

Қайран дүньяй, алпыс жыл-алпыс минутша болмай өтти де кетти. Енди оны тек еске ала беремиз. Не деп еске аламыз, мениң көз алдымнан сол күн кетпейди. Тосыннан оның баласы кирип келди: „Жүгинис аға! Ағам ҳуўыштан айырылып атыр! Инсульт!!! „Түри қашып кеткен усы баланы өзим оқытқанман, әкесин де, әлбетте, жақсы таныйман ғой, аңымның ушқаны соншелли: „Ағаң ким!!“ деппен ғайры тәбийий ҳалаттан. Ақыры, ким ойлапты, еки күиликте ғана Түрсынбахый Әблимуратовтың жетпис жыллығында ойнап-күлип, басқыласып дағысқанымыз! Сонда ол: „Алпыс жыллығыма байланыслы Тахтакөпирде ушырасыў болды, өзимди халықтың усыншама сыйлайтуғынын сирә билсемши, бала! Кеўилимниң тасқаны соншелли, күнде төрт-бес жерде ушырасыў, шаршатып таслапты!... „Шаршама,“—деп еди сонда Түрсынбахый аға. Өмириңниң қызығы енди басланды.

— Мениң де бир тойым бар. Соны берип алып, барлық талапты қойып, кәсибиме шынтлап кирисе жақпан,—дегенлери қулағыма тал-тал еситилип киятырғандай. Аяғымды қайдан басқанымды билмеймен, „инсульт!“ деген апат барлық қорқынышы менен қыялымды жайлап алған еди-дә! Келсем, жора-жолдаслары емлеўхананың алдында ызғып жүр, ҳеш қайсысында үн-түн жоқ. Ҳеш кимди киргизбейди.

Ҳәр күни усындай. Жора-жолдаслары есиктиң ал-



14258
RESURS ORAI
210019
ККАССР Республиканск. детская библиотека



Қарақалпақстан областьлық партия комитетинин сол ўақыттағы секретары Марат Нурмухаммедов С. Аббазовқа „Ҳүрмет грамотасын“ тапсырыў ўақтында. (962-жыл).

дында түни менен таң гүзетиседи. Соңғы күнлердиң биринде дәтим шыдамады, азан менен келдим де өзимди ишке урып кеттим. Аўыздағы санитаркалар ирикпекши болып еди, реанимация бөлиминиң баслығы Жуманияз:

— Бара берсин,—деди. Жақында ғана усы участкадан Қарақалпақстан халық депутатлығына сайланғанман ғой, таныған ды-дә. Изиме ерип келген Жуманияз: „Сағыйдулла аға, —деди әсте ғана. Ол еплеп көзин ашты!— Енди, аға, анаў көзинди аш та арман қара,“

Ол еки көзин бирден ашып, мен бетке қарады ҳәм толық танығанын аңладым. Бир нәрсе айтқысы келгендей, бирақ айта алмайды. „Қалай, аға тәуирмисең, деп атырман. Үндегиси келип атыр, сайрағысы келип атыр, әттең, үндей алмайды. Тынып турған бул көзлерде қаншелли әрман сөйлеп атыр, үнсиз сөйлеп

атыр Оның жылаўға шамасы бар еди, бирақ жыламайды, ол „нәмәрт" деген сөзди ашыўланғанда көп айтатуғын еди, бәлким, намәртлик пенен мәртликтиң парқын сол жағқанда да жақсы билип атты-аў деген ой келе береди маған. Жақында ғана еди-аў, жақында ғана: „Той деген ҳәм бир қарыз. Алдымыздағы ҳәптениң пийшембисинде бизиң алпыс жыллық тойды дағытып жиберейик, иним,.." деп еди.

Жора-жолдаслар, ағайин-туўғанлар сол тойға жақсы таярланып, шапанлар тигилип, мирәтнамалар тасқа басылып, мал-ҳал алынып, қонақ-қопсыға үйлер де таярланылып дегендей, бәри, бәри... әнжамланып питкен есабы еди...

Сол күни қосық айтып шағласыўға таярланып жүргенлер оның үйине узақтан даўыс шығарып келди. Шайырдың алпыс жыллығына әрнап қутлықлаў қосығын жазып қойған халық шайыры Байнияз Қайыпназаровтың қосығының мазмуны жоқлаўға айналып, дәстурханының басында емес, табытының басында оқылды.

Жетилген гезинде жаңа гүл ашып,
Жас шынарды даўыл кетти қулатып,
Дуйым журтты зар еңиретип жылатып,
Қайғыға батырып кетип барасаң.

Ақыл-есимизди жыймай турыппыз,
Көзде жасымызды тыймай турыппыз,
Сени қара жерге қыймай турыппыз.
Иләж жоқ, келмеске кетип барасаң...

Шайырдың бул туңғыш идәралды бир томлығына жазған алғы сөзимизде оның творчестволық жолын, поэзиясының сырларын түсиндириўди мақсет етпедик, оның талай-талай ирети келе берер. Сағыйдулла ағаның сүйеги суўымасынан бурын мынаў көкирегимиздеги еле суўымаған дебдиўимизди шығарғанша асықтық.

Ҳәр бир қарақалпақ баласы Сағыйдулла Аббазовты биледи, ҳәр бир мектеп оқыўшысының папкасында оның аты кетип баратыр, ҳәр бир баланың ядында оның қосықлары бар. Дурыс, ол алпыс жыллық мерекесин бере алмай кетти. Бирақ бул алпыс жыллық бере алмай кеткен тойы тойларының ақыры емес. Дослары, жәмийетшилик еле оның жетпис, сексен,

тоқсан, жүз жыллық тойларын да тойлай береди. Сол тойларда ҳәзирги баслаўыш класс китапларынан оның қосықларын ядлап, тақпақлап айтып жүрген балалар өз балаларына тақмақ айтып береди, ол тақмақ, әлбетте, Сағыйдулла Аббазовтың қосықлары болады, буған исенимим кәмил. Себеби, жақсыдан жақсы из қалады, ол тегинликте өшпейди.

Юнис Пахратдинов

*ҚҚСР ға мийнети сиңген мәденият хызметкери, филология илимлериниң кандидаты.*

# Мектеп жасына шекемги балалар ушын



## ЛЕНИН ИСИ ТИРИ АҒАМ АЙТҚАНДАЙ...

Еле кишкенемен.
Жасым жетпеген,
Жетиден төмен.
Мектепке кирмеген,
Ўақытым еди,
Бақшада жүрген,
Олар ядымда,
Анық билемен.

Оқыйды ағам,
Өзимнен үлкен,
Айтады маған,
Болса ол мудам.
Өзи не билген,
Еситсе де, көрсе де,
Нени жанадан.

Оқыўдан бир күни,
Келгеннен кейин,
Шақырды мени,
Қойдым мен зейин,
Айтар деп нени,
Тыңла сен, — деди —
Сөйлеп берейин.

Китапты ашты ол,
Алдыма жайып,
Көрсетти сүўретти,
Сүйкимли келген.
—Уллы Ленин бул,
Өмиримизди дөретти, —
Деп баслады бирден:

Уллы Ленин,
Жол көрсетти халыққа,
Үйретти илим,
Баслады азатлыққа.
Өзи өлди оның,
Бирақ та иси тири.
Исми тири,
Мәңгиликке тарийхта...

Деп айтқандай ағам,
Өзиниң сөзин,
Уллы деп түсиндим,
Лениниң өзин.
Өзи өлди бирақ та.
Иси тири дегенин
Сол ўақта толық,
Түсине алмадым өзим.

Мениң жасым өсти,
Мектепке келдим,
Болса да қандай исти,
Устаздан билдим.
Ленинлик илим,
Санамды өсирди,
Сайрады тилим.

Үлгили оқыўды,
Турмыс қурыўды,
Ленин үйретти,
Ленин ўәсияты,
Ленин тәғлийматы,
Келешек турмыстың,
Тәғдирин шешти.

Мен гүманланбайман,
Ленин иси тири
Ағам айтқандай,
Оның исми жүректе,

Жеңистиң жыры.
Ол бәрҳә биз бенен бирге,
Әлбетте туўры.

Ең аўыр турмыстың,
Шынжырын үзген.

Ол Ленинлик идея,
Коммунистлик қурылыс-
тың,
Планын дүзген.
Ол уллы Ленин,
Баслайды Компартия.

## ГУЛЗАРДЫҢ ТҮЙЕСИ

*(Юмор)*

Коңсымыздың киши қызы даладан
Шаўып келди хабар таўып жаңадан.
Деди бизге, ушып-ушып қуўанып:
„Апам түйе алып келди каладан“.

Үйимизде адамлар да көп еди,
Барып оны көргилери келеди.
„Таўықтай“ деп жуўап берди және ол,
Биреў оған; „Қандай түйе?“ деп еди.

Анықланды түри-түси хабардың,
Түсиниги шала болған баллардың.
Түйе таўық болып шықты изинде,
Түйе деп жүргени бизиң Гүлзардың.

## ТОРАЙЫМ

Томпаң-томпаң торайым,
Мейли қай ўақ қарайын.
Тумсық пенен сызасаң, .
Салмалардың ылайын:
Өшегиссең жер менен,
Табасаң дәрҳал қолайын.
Қазасаң гейде аўдарып,
Пайға тийген шегимди,
Дегендей „тезирек болайын“.
Я болмаса тосыннан,
Деп жүрсең бе: „усыннан,
Бир жаңалық табайын“.
Жуўғарада қайтпайсаң,
Аўса қайда ыңғайың.

Төмен алып басыңды,
Көрсетпейсең жасырып,
Қандай сениң шырайың?
Аўзы-мурның жап-жалпақ,
Көзлериң де киши ме,
Жарасықлы орның бар,
Қозы-ылақ ишинде.
Аяғың қысқа болса да,
Тутасып кеткен ет-майың.
Қозыларға үйрет сен.
Семириўдиң жағдайын.
Етиңнен бир асаған,
Айта жүрер мазасын.
Көзди тартар майыңның,
Ақ пахтадай тазасы.
Өсиремиз биз сени,
Не кәлесең тур тайын.
Қарсылық етпей торайым.
Жығылмасын ырайым,
Мен бағыўшың болайын!

## ИНИМНИҢ СОРАЎЫ

Қалың терек егилген,
Есигимиз алдына.
Истен ҳәзир келгеним,
Турман терек жанында.

Келди иним қасыма,
Алты жасар—ол Бахыт.
Бирден ойым бөлинди,
Иниме қарап сол ўақыт.

Қарады маған тигилип,
Айтажақтай бир нәрсе,
Ойланған болып турады.
Күлимсиреп биресе.

—Не дейсең Бахыт қарағым,
Ҳеш иркилме, айта бер?
—Бар еди аға сораўым.
Деди соны айтып бер?

Мысал бизиң теректиң,
Өсиўине ҳайрансаң.
Жылында неше түрленер,
Биле алмадым ойлансам.

Бир күнлери қарасам,
Жапырағы жоқ жалаңаш.
Шамал менен шайқалар,
Қуры ғана қуў ағаш.

Тағы да бир күн көргенде,
Көкшил тартып жасарған.
Қатар-қатар бойынан,
Жасыл жапырақ шығарған.

Болып еди күн ыссы,
Терегим қандай саялы,
Қалың жапырақ жарасып,
Алақанын жаяды.

Ҳәзир мине, қараңыз,
Жапырақлары сарғайған.
Шамал менен үзилип,
Түсип атыр ҳәр жайдан.

„— Түсинбедим мен буған,"
Деди иним таңланып,
Бердим жуўап мен оған.
Билгенимше ойланып.

— Жапырақлы теректиң,
Қуў реңге енгени.
Бул да жылдың мәўсими,
Қәҳәрли қыстың келгени.

Көгисленип шақаның,
Түр бергени өзине.
Ол бәҳәрдиң көриниси,
Жарасқан жер жүзине.

Қалың жапырақ бүркелсе,
Теректи қоршап дөгерек.

Жаздың ыссы күнлери,
Басқасынан бул бөлек.

Енди ўақыт басқаша,
Салқын түскен азырақ.
Гүз белгиси усындай,
Сарғайып түсер жапырақ.

Жыл дегениң төрт мәўсим,
Ҳәр бириниң сыры бар.
Бәри де пайда береди.
Өзлерине миясар.

Мине сениң сораўың,
Түсинбеген әдептен,
Ендиги жылы оқыйсаң,
Үйренесең мектептен.

Дедим, иним тыңлады,
Қуўанды жуўап алғансоң.
Ишке кирип дем алдық,
Биз сөйлесип болғансоң.

## ЖӘРДЕМ БЕРИҢ КӘРИМГЕ

Бүгин де ерте Кәрим,
Баслады кешеги кәрин,
Билип алмақшы бәрин,
Неше шөжесиниң барын.

Беккем тутылған қолға,
Жүўериге толы қырма,
Қысымлап шашты тақырға,
Шөжелерин жәмлеп зорға.

Әўел тегис қарап өтти,
Соң шетинен санап өтти,
Жартысына жаңа жетти,
Шөжелери тарап кетти.

Арадан өтсе де ҳәпте,
Келтире алмай исти сәтке,

Санай алмай шежелерин,
Қалып жүр ол қуры пәнтке.

Балалар берман келиңиз,
Шетте қалмай бириңиз,
Шежесин санап бериңиз,
Қуўансын Кәрим иниңиз.

## ЕРКЕБАЙ ЕРИНШЕК

Еркебайды ким десең,
Барып турған ериншек,
Еси-дәрти бәрҳа ойын,
Жүрсе шаңғыт: ала-куйын.
Шақырғанда келип ишпес,
Тайын турған тамағын.
Аш болдым деп соңынан,
Үйип келер қабағын.
—Тайынлап қойдым тамақты,
Алып иш-дейди апасы.
—Өзиң алып бер маған,
Деп еринер баласы.
Еркебай ҳәр күн азанда
Сәскеге шекем турмайды.
Әкелери оятса,
Айтқанын дым қылмайды.
Анасы келип қасына,
Тур деп шайқар басын да,
Оған нәзер салмайды.
Көзин ашып жатса да,
Турғысы келмей еринип,
Есней берер керилип,
Арман-берман аўнайды,
Тезирек турып болмайды.
Анасы үйден кете алмай,
Етер исин етеалмай
Еркебайды күтеди
Көп ўақытлары өтеди.
Түстиң алды болғанда,
Зорға ғана турады.
Шынықпайды, еринип,
Бетин зорға жуўады.

Және шаўқым қурады:
—Сууып қалыпты шайың,
Кешегиден неге аз,
Маған қойған майың?!
Қантты жегим келмейди,
Жеўге шоколад қайым.
Еркебайдың усындай,
Әдети бар күн сайын.
Ал анасы үмитленип:
Жақсы болар Еркем дер.
Жаман бирақ ериншеклик,
Даўам етсе ертең де.

## ХОШ-ХОШ БАҚШАМ, ХОШ БАҚШАМ

Тәрбияшы ана болып,
Мен бахытлы бала болып.
Еркин өстим; еркеледим,
Қушағыңда тасып-толып,

Хош-хош бақшам, хош бақшам,
Умытпайман ҳеш қашан.

Жүзим жарқын, жайнадым мен,
Мийрим қанып ойнадым мен,
Тәлим берип тәрбияшым,
Тилим шығып сайрадым мен.

Хош-хош бақшам, хош бақшам,
Умытпайман ҳеш қашан.

Сеннен қанат қомлап алдым,
Мектебиме жоллама алдым,
Толып оқыў жасына мен,
Қушағыңнан кетип қалдым.

Хош-хош бақшам, хош бақшам,
Умытпайман ҳеш қашан.

Хош-хош мениң меҳрибаным,
Тәрбияшым-қәдирданым,

Хош-хош бақшам, хош бақшам,
Умытпайман ҳеш қашан.

Хош-хош бақшам, хош бақшам,
Умытпайман ҳеш қашан.

## АЙТЫП КЕТТИ ҮМИТХАН

Балалардың сонша жыл,
Тәрбия алған бақшасы,
Есинен сирә шықпас бул,
Ҳәтте оның пақсасы.

Жасы толған ҳәр бала,
Мектепке алар жоллама,
Қарай берер артына,
Кеткиси келмей сонда да.

Кеше ғана хошласып,
Кетип еди Үмитхан,
Келди бүгин алжасып,
Хошласқанын умытқан.

Сорады да кеширим,
Қайтып кетти Үмитхан.
Алжасып бунда келгенин,
Айтып кетти Үмитхан.

## ЕНДИ МЕН ДЕ АЙТАМАН

Мақсет етип Рая,
Мектепке быйыл барыўды,
Таярлық көрип өзинше,
Салып атыр қарыўды.

Ерке болып жасында,
Айта алмайды „Р" ды ол.
Билдиргиси келмейди,
Басқаға усы сырды ол.

„Ыйая", дейди атын да,
—„С" де?—десең—„Ш" дейди.

Бәри оның ядыдна,
Усыннан уўайым жейди.

Қапталында үйиниң,
Кеше кеште тур еди.
Күшиги келип „Р-рр" деди,
Пышығы келип „Мыр" деди.

Буны көрип Рая,
Шакалақлап күледи.
—Қыйын ҳәрип, қара-я,
Булар қалай биледи?!

Ҳайран қалып қыз бирден,
—Айтын,—деди—қайтадан?
Қаламан ба, сизлерден
Енди мен де айтаман!

## АПАМ ПЫШЫҚ ӘКЕЛДИ

Апам кеше қоңсыдан,
Ала пышық әкелди,
Кип-кишкене, дым сулыў,
Бала пышық әкелди.

Болмасын үйде тышқан деп,
Сол пышықты сақладық.
Шетки жайға жиберип,
Изинен әсте бақладық.

Урды өзин қуўысқа,
Болды уллы-патырлы.
Қарады да тум-тусқа,
Шетирек барып отырды.

Көз жиберип узақтан,
Жуўырып бардым қасына.
Минип алған бир тышқан,
Пышығымның басына.

Апамның да кеўили,
Пышығымнан суўыпты.

—Көрдим—кеше,—дейди ол.
Тышқанлар буны қуўыпты.

Ҳәммемиз саған наразы,
Пышығым буны аңла сен!
Тышқаннан болып ғәрезли,
Көп күлкиге қалма сен.

## КЕМПИР АПАМ ҚАНТ КӨРСЕ

Кемпир апам қант көрсе,
Жасырады жүреди,
—Жей бермен!—деп бизлерге,
Бақырады жүреди.

—Мазалы—деп көп жесең,
Тис қалмайды тисиңнен,
Тисим пүтин болсын десең,
Шығарма,—дейди,—есиңнен.

Үкем сонда кемпирге:
—Расынды айт,—деди.
Өзиңниң неге тисиң жоқ,
Жей бердиң бе қант?—деди.

Күлип қойды апам да;
—Дурыс қызым, сөзиң,—деп,—
„Зыяны бар—деп айтпады,—
Кемпиримиз бизиң“, деп.—

Соның ушын мен қантты,
Нан орнына жегенмен,
Базда ишпей аўқатты,
„Қант тауып бер“ дегенмен.

Аўырып-сызлап тислерим,
Мазам болмай көп жаттым,
Зыянын оның билдим де,
Қант жемеске шәрт айттым.

—Апа,—деди, Гүлнара,—
Сораў берсем бола ма?
Күнде емес күнара,
Азырақ жесем бола ма?

—Жегиң келсе азырақ,
Берейин қызым ҳәзир-ақ,
Қантты қуры жей берме,
Тек шай менен иш бирақ.

Қант жегиси келгени,—
Гүлнара:—апа, шай,—дейди,
—Қызымның шайды ишкени,
Қант ушын-аў, пай,—дейди.

Кемпир менен ақлығы,
Бул сырды жақсы биледи.
Түсинисип бир-бирин,
Биледи де күледи.

## МЕН АТАМДАЙ БОЛАЖАҚПАН

Жап бойында қатар гүжим,
Бир жағында өскен жүзим,
Еккен буны атам бизиң,
Мен атамдай болажақпан.

Саясынан ләззет тапқан,
Миийўасының дәмин татқан,
Атама көп алғыс айтқан,
Мен де алғыс алажақпан.

Шебер диийхан болған атам,
Жер қәдирин билген қатаң,
Мийнет етсең сүйер Ўатан,
Мен де диийхан болажақпан.

Иси менен даңқ қалдырған,
Ҳәўли-ҳәрем, бағ қалдырған,
Көргенлерди таң қалдырған,
Мен атамдай болажақпан.

## ТОПҚА ӨКПЕЛЕЎ

Ойын-ойын, көп ойын,
Ең қызығы топ ойын,
Ойнайғойсақ топ пенен,
Сирә бизге жоқ тойым.

Секиремиз, шабамыз,
Умытып гейде тамақты.
Аз қалады ўақтымыз,
Таярлаўға сабақты.

Сол жерине қапамыз,
Тобымыз бизге қой демес,
Шақырмаса папамыз,
Үйге қайтыў ойда емес.

Домалап кетсе тобымыз,
Өзинше кейин қайтпайды.
Бәрҳа бирге жүрсек те
Пайдамызды айтпайды.

## ГҮЛШИ ҚЫЗ

Гүлараны дослары,
Айтысады: Гүлши қыз,
Гүллер болса жадырап,
Деп турғандай „келши қыз!"

Есигиниң алдына,
Гүл егеди Гүлара.
Азық берип гүллерге,
Суў себеди Гүлара.

Гүллер менен бирдей болып,
Ойнап жүрер Гүлара.
Гүл ишинде гүлдей болып,
Жайнап жүрер Гүлара.

Айтар гүллер; „Гүлши қыз,
Арамызда жүрши қыз,
Өзимизге усайсаң,
Тез-тез бизге келши қыз!..."

## НАН

*(Кишкенелер ушын қосық)*

Мол болсын нанымыз,
Нан менен жанымыз,

Болмаса нанымыз,
Қыйын ғой ҳалымыз.

Аналар ойлайды,
Аталар ойлайды.
Биз ушын, нан ушын,
Мийнетин сыйлайды.

Саў болсын атамыз,
Саў болсын анамыз,
Нан ушын тер төккен,
Меҳрибанғанамыз.

Нанлардың усағын,
Дәнлердиң масағын
Түсирмеймиз дым-дым,
Бул сөзимиз шын-шын.

## ШӘМШЕТ ДЕГЕН БАЛА БАР

Шәмшет деген бала бар,
Иренжир оған балалар,
Еки қыңыр бар десе
Бирлигине саналар.

Алдырмайды Шәмшет шаш,
Кир болады соннан бас,
Жасар шаштың астында,
Самал тиймей маңлай, қас.

Уйпаланып турады.
Көринбейди қулағы.
Шашын көрсе Шәмшеттиң
Қашар үркип ылағы.

## БАСЛАРЫ ТЕРИС ҚАРАСҚАН

Ботинка бар Муратта,
Өзине жүдә жарасқан.
Кийип шықса, бирақта
Баслары терис қарасқан.

—Ботинкам мениң жәп жаңа,—
Деп кийеди Муратжан.
Умытып кетип ол және
Шеп кийеди Муратжан.

## АҚЛЫҚЛАРЫМ БАР МЕНИҢ

Ильяс пенен Илҳамжан,
Диларам менен Минарам
Қырмызы менен Нурнарам
Ақлықларым бар мениң.

Оқыўынан кеш қалмас,
Төмен баҳа ҳеш алмас.
Үсти-басын кир қылмас,
Ақлықларым бар мениң.

Минезин ҳәмме унатқан,
Ҳәм ақыллы ҳәм шаққан,
Үкелерин жубатқан,
Ақлықларым бар мениң,

Ойын десе тындырған,
Шайнек-кесе сындырған.
Жоқ жеринен шаўқым туўдырған,
Ақлықларым бар мениң.

Мәдияр, Мансур, Миясар,
Үй-ишин е қарасар,
Бир минутта тирессе,
Бир минутта жарасар,
Ақлықларым бар мениң.

Индира қызым жаныма
Айдай болып келеди.
Бекзада қызым жаныма
Тәй-тәй болып келеди.
Ақлықларым бар мениң.

Салаўатым алыстан
Сәлем берип келеди,
Мельс оннан қалыспай

Изине ерип келеди.
Ақлықларым бар мениң.

Дилбар менен Исламбек,
Кетпес меннен алыслап,
Көп жерлерден айланып
Лизахан келер жылыслап,
Ақлықларым бар мениң.

Мениң атам, мениң атам,
деп мени бәри „бөлисер“,
Сабыр қылсаң азырақ,
Өзлери демде-ақ келисер.
Ақлықларым бар мениң.

Бала тили пал деген
Шийриннен де мазалы.
Айтқаны халықтың сол екен,
Балалы үйдиң базары,
Ақлықларым бар мениң.

## ХӘЙЙИЎ АЙТСА АНАЛАР, ЛӘЗЗЕТЛЕНЕР БАЛАЛАР

Қызым-қызым, Қырмызы,
Жайнап турар нур жүзи,
Көп қызлардың ишинде,
Сулыўлықтан бир өзи.
Қызым-қызым қызғана,
Уйықла қызым азғана.

Мениң қызым қандай қыз,
Аспандағы айдай қыз,
Апасынан сораса,
Шийрин-шекер палдай қыз,
Қызым-қызым қызғана,
Уйықла қызым азғана.

„Қызым-қызым қундызым,
Аспандағы жулдызым“,
Деп қойыпты апасы,
Түнлерде мениң күндизим.

Қызым-қызым қызғана
Уйықла қызым азғана.

Қызым шашын тарайды,
Айналарға қарайды,
Қыз бар ма екен дүньяда
Қызымдай мениң шырайлы,
Қызым-қызым қызғана,
Уйықла қызым азғана.

Ақылға толы баслары,
Қызымның алтын шашлары,
Арыў болып жетисер,
Қыя-қыя қаслары,
Үлкейе қой(а жаслары.
Қызым-қызым қызғана
Уйықла қызым азғана.

2

Балам, балам пал екен,
Жүзиндеги қал екен,
Апасына жан екен,
Ҳәййиў-ҳәййиў жаным балам,
Уйықлап қалар мениң балам.

Ақмамықтай жүзлериңнен,
Қарамықтай көзлериңнен.
Кип-кишкене излериңнен,
Мен айланай жаным балам,
Ҳәййиў-ҳәййиў мениң балам.

Көркем қадди-қәўметимсең
Тилде шийрин сәўбетимсең,
Басымдағы дәўлетимсең,
Ҳәййиў-ҳәййиў жаным балам,
Уйықла-уйықла мениң балам,

Ай мүйизли қошқарымсаң,
Бийик-бийик асқарымсаң,
Ай-жулдыздай аспанымсаң
Ҳәййиў-ҳәййиў жаным балам,
Уйықла-уйықла мениң балам.

Зер кекилиң жарасады,
Оған ҳәмме қарасады,
Сулыў қызлар таласады,
Ҳәййиў-ҳәййиў жаным балам,
Уйықла-уйықла мениң балам.

Жаз алдында нәўбәҳәрим,
Үй алдында сәрўи талым,
Тәнимдеги шийрин жаным,
Уййықла-уййықла мениң балам,
Ҳәйиу-ҳәйиў жаным балам.

Қайтпайтуғын нәзеримсен,
Бақшамдағы гүлзарымсаң,
Үйимдеги базарымсаң,
Ҳәййиў-ҳәййиў жаным балам,
Уйықлап қалар мениң балам,

Өмиримниң жарасығы,
Көзгенемниң қарашығы,
Болар маған қарасығың
Ҳәййиу-ҳәййиу жаным балам,
Уйықла-уйықла мениң балам.

## ТӘЙ-ТӘЙ БАЛА, ТӘЙ БАЛА

Берман қара, ҳәй бала.
Тәй-тәй бала, тәй бала,
Ҳәзирше сен асықпа,
Бас аяқты жай бала,

Тәй-тәй бала, тәй бала,
Берман қара-ҳәй бала,
Тәй-тәй болып жүреалмай,
Жығылады гей бала.

Берман қара ҳәй бала,
Тәй-тәй бала, тәй бала,
Тәй-тәй болып келеди,
Бизиң бала ай бала.

Бир-еки, үш, бала,
Жыйна тезирек күш бала,

Албырамай, асықпай,
Нық басып жолға түс бала.

Тәй-тәй бала, тәй бала,
Қара берман ҳәй бала,
Жүрегойсеш пай, бала,
Бас қәдемди жай бала
Қорқама екен ай бала?

Кел-кел бала, кел бала
Қолыңды маған бер бала
Жүриуге өзиң қорықсаң,
Изиме әсте ер бала.

## ӘКЕМИЗ ҮЙДЕ БОЛМАСА

Әкемиз үйде болмаса,
Қызық болмас ойынлар.
Бақырады апам да:
—Ойынды енди қойыңлар!

Әкемиз үйде болмаса,
Көринер гүңгирт шамлар да.
Мунайғандай сезилер,
Тым-тырыс болып тамлар да.

Әкемиз үйде болмаса,
Ашылмас апам қабағы.
Жууғарада писпейди,
Асқан кешки тамағы,

Әкемиз бенен жемесек,
Ауқатлардың дәми жоқ.
Жолыққандай боламыз,
Бир кеселге еми жоқ.

Әкемиздиң жолына,
Күн де айдай қараймыз,
„Келмеди, деп-не ушын?"
Апамыздан сораймыз.

Әкемиз үйде болмаса,
Кеўилсиз өткен уақтымыз.

Үйимиздиң саўлаты
Әкемиз екен бахтымыз.

## АПАМ ЖАҚСЫ

Күлимлеген көзлери бар,
Көзге ысық жүзлери бар,
Дәртке дәрман сөзлери бар,
Апам жақсы, апам жақсы.

Аўқатларды сайлап берер,
Қатық, сүт хәм қаймақ берер,
Шад болсын деп ойнап берер,
Апам жақсы, апам жақсы.

Гейде бизлер айтсақ қосық,
Отырады даўыс қосып,
Тап баладай ушып-ушып,
Қуўанады апам жақсы.

Кетемиз гейде тыңламай,
Тәртипти бузып аңламай.
Шаппат урар, болар „ўай-ўай"
Сондадағы апам жақсы.

Ойлағаны перзент ғамы
Мудам гүзетте турғаны
Майдай жағады урғаны
Апам жақсы, апам жақсы.

Бизлерди деп ойланады,
Бизлерди деп қыйланады,
Бизден мың-мың айланады,
Апам жақсы, апам жақсы.

## АТАМ БАР

Балалар менен татыў дос,
Пенсияда, истен бос,
Күлип турар—кеўли хош
Қәдирданым атам бар.

Мудамы ақыл айтады,
Бакшадан алып қайтады,
Көрмесек, ҳәр күн жойтады,
Меҳрибаным атам бар.

Қызық айтқан ертеги,
Тыңлағанды еритеди,
Ўақыт тез-тез өтеди,
Мениң сондай атам бар...

Жақсы нийет ойында,
Миндирип мени мойынға.
Жалықпайды ойынға,
Жанажаным атам бар.

Мени сирә қыймайды,
Менсиз үйге сыймайды.
Бирге турмасам болмайды,
Жанажаным атам бар.

## ГҮБЕЛЕК

Қанатынды жайылған,
Жайнап турған гүл деппен.
Гүллериме қайылман,
Ашылыпты-аў бул деппен.

Қолды созсам гүлиме,
Қанат қағып ушты ол.
Бириншы рет көриўим,
Гүл болып турған қусты ол.

Гүл дегеним гүбелек
Болып шықты изинде.
Қасына барсам ушады,
Ҳайран қалдым өзим де.

Жаныңа жақын келсем мен,
Кете алмайман гүбелек,
Услайын деп қуўсам мен,
Жетеалмайман гүбелек.

Күндизинде масайрап,
Гүллер менен боларсаң,
Билеалмадым мен ойлап,
Түнлерде қайда қонарсаң.

Жазы менен усындай,
Ләззетте жаның гүбелек,
Қалай болар қысында
Сениң ҳалың гүбелек.

## КЕМПИР АПАМ

Қәуип-қәтерден сақлайды,
Сыртымыздан бақлайды,
Тек бизлерди жақлайды,
Кемпир апам
Кемпир апам.

Тәртипти бузсақ күйеди,
Урмайды, қабақ үйеди,
Кейнинен және сүйеди,
Кемпир апам,
Кемпир апам.

Отдан, суўдан қорғап жүрер,
Аўқат жең деп зорлап жүрер,
Бәримизди теңдей көрер,
Кемпир апам,
Кемпир апам.

Кимлер қандай билип жүрер,
Ашыўланбас, күлип жүрер,
Урыспаң деп ақыл берер,
Кемпир апам,
Кемпир апам.

Жақсылықты гөзлеп жүрер,
Ақлығым деп гизлеп жүрер.
Көринбесек излеп жүрер,
Кемпир апам,
Кемпир апам.

Ата-анамның данасысаң,
Адамлардың данасысаң,
Узақ жыллар шад болып жасаң,
Кемпир апам,
Кемпир апам.

Кичи жастағы мектеп балалары ушын



## БИЗИҢ ДОСЛЫҚ

Дослықтың Ўатаны—Ўатан анамыз,
Соның ушын тасар жүрек ханамыз.
Бири аға, бири ини баўырман,
Палдан татыў семьядан боламыз.

Нақыраты:

Беккем дослық орнатқан,
Партия бар, данамыз,
Оғада көп мийирбан
Ини менен ағамыз.

Дослық пенен мийўе берди бағымыз,
Дослық пенен нурлар атқан таңымыз,
Дослық ушын қолын берсе бизге ким,
Қушақ ашық, сүйер шийрин жанымыз.

Нақыраты:

Бизиң дослық бәринен де асқан күш,
Ҳәўиж алып күннен-күнге тасқан күш.
Компартия дослығымның тиреги
Ҳеш бир қәўип бузалмайды оны ҳеш.

Нақыраты:

Беккем дослық орнатқан,
Партия бар, данамыз,
Оғада көп мийирбан
Ини менен ағамыз.

## БИР КЕҢЕСИМ

Аты Омар иним бар
Мақтап жүрсең күниң бар.
Кемшилигин көрсетип,

Десеӊ-азырак миниӊ бар.
Айтар сөзи сол болар:
—Мен дегенде „жиниӊ“ бар.

Қулақ қойсаӊ сөзине,
Жәм жолатпас өзине.
Сыртыӊнан минеп-пишеди,
Ҳеш кимниӊ келмес жүзине,
Қайырқом болып көринер,
Биринши рет көзиӊе,

Ақыл берсем иниме,
Аз тыӊлайды мени де,
Ким көрсетсе қәтенди,
Дос де, қабыл ал деймен,
Бир кеӊесим сол деймен.
Киши пейил бол деймен!

## МЕНИӉ ИНИМ

Күнделигин көрсем ашып,
Қоя берер мазам қашып,
Күнде алған баҳалары,
Үштен алға өтпес асып.
Егер жойса усы минин,
Жаман емес мениӊ иним.

Сәл нәрсеге өшигеди,
Сабағынан кешигеди.
Тәртиплеп қоймай кийимин,
Ҳәр жерге бир шешинеди.
Егер жойса усы минин.
Жаман емес мениӊ иним.

Орнынан турып азанда,
Алады сениӊ мазаӊды.
Китабын излеп тум-тустан,
Шығарар үйдиӊ тозаӊын.
Егер жойса усы минин,
Жаман емес мениӊ иним.

Ерегиссе үкесине,
Қайыр бермес үй-ишине,

Күтлимен деп үкесинин,
Урар жөнсиз шекесине.
Егер жойса усы минин,
Жаман емес мениң иним.

## КЕРЕК ҒОЙ САЎҒА ЕТПЕГИМ

Сулыў мениң портфелим,
Кирлетпеймен ҳеш жерин.
Портфелимниң ишинде,
Таза тур китап, дәптерим.
Тәртиплеп ғана саламан,
Қайырмайман шетлерин.
Тамызбайман сыяны,
Пухта тутып бетлерин,
Китапларым түп-түўел,
Жыртып зая етпедим,
Себеби, бул китапты
Ендиги жылы үкеме,
Керек ғой саўға етпегим.

## ГӨЖЕКЛЕР

Фермамызда көп гөжек,
Тең жартысы көк гөжек,
Шым қарасы төрт гөжек,
Бууўрылы бар бес гөжек,
Қоңыры бар қос гөжек,
Сегиз гөжек сур гөжек,
Сары жағал бир гөжек,
Күтә сулыў бул гөжек.

Алтаўы бар ақ гөжек,
Тарғылы бар тақ гөжек,
Биреўи дым сақ гөжек.
Өзиң тез-тез оқып көр,
Есаплап шығар, қосып көр,
Буның бәри бизиң гөжек.
Нешеў болды сизиң гөжек?

## УМЫТШАҚ ПА, САЛАҚ ПА?

Кеше есап уақтында,
Әкелген сүўрет дәптерин.
Арнаған екен оның да,
Рус тилге көп жерин.

Қайсысын ашып көрсең де,
Барлық сабақ аралас, —
Есап, сүўрет, жазыў бар,
Сонда да Сәлим қарамас.

Қалдырса кеше китабын,
Сыясы жоқ бүгин де.
Оның оқыў қуралы,
Болмады түўел бир күн де.

Умытпаймыз бир сапар,
Дым ерси ис еткенин.
Өзимдики деп әкепти,
Папасының портфелин.

## БИЛМЕЙДИ ҲАСЛА

Иркилип қалса бир бала,
Тапсырманы айталмай,
—Билмей неғып тур бала,
Неси бар жуўап қайтармай?—

Деп аўзын жыбырлатады,
Қолларын қыбырлатады.
Өзинше ернин шүртийтип,
Ым менен аңлатады.

Оны муғаллим көреди,
Гезекти соған береди.
Деп ойлайсаң, Өтешти,—
Барлығын да биледи.

Бирақ ол аўзын ашпайды.
Жалтақлап турар тум-тусқа.
Орнында тыным таппайды,
Доскада билмейди ҳасла.

## КӨРЕМИЗ ОНЫҢ ЖУЎМАҒЫН

Әне, қараң Нурымды,
Әдети қалмас бурынғы,
Айғылса да ҳәр күни,
Қыйыу-қыйыў мурыны.

Тексергенде тазалық,
Төмен қарар қызарып.
Ертеңине көз салсаң,
Көринбейди жаңалық.

Дослары және ескертти,
Кирсиз болып келмекти,
Көремиз оның жуўмағын.
Нурым „якшы" деп кетти.

## МӘС БОЛАДЫ МАМАСЫ

Оқыўдан келип Айсара:
Дем алады, азырақ,
Оннан кейин сабағын,
Таярлаўға ҳәзир-ақ.

Ҳәлек етпей ҳеш кимди.
Бақшаға кетер төтелеп.
Алып қайтар үкесин,
Қолынан ғана жетелеп.

Шықпайды тротуардан,
Тәртибин сақлап жүристиң.
Мәс болады мамасы,
Қызының көрип бул исин.

## ОКТЯБРЯТЛАР ҚОСЫҒЫ

Дана Ленин бабамыз,
Жулдызшалы жағамыз,
Октябрят бизлермиз,
Пионерлер ағамыз.

Биз сүйемиз мектепти,
Ҳәтте мийнет етпекти,

Үлкенлерге удайы,—
Көрсетемиз ҳүрметти.

Жақсы оқыў әдетимиз,
Бул әдетти үдетемиз,
Биз алдында үкемиздиң
Үлги болып ержетемиз.

Беккемлеймиз дослықты,
Болдырып уақты ҳошлықты,
Китап оқып, сүўрет салып,
Жаңғыртамыз қосықты.

Дана Ленин бабамыз,
Жулдызшалы жағамыз,
Октябрят бизлермиз,
Пионерлер ағамыз.

## ҚУСЛАР ҚАЙТЫП КЕЛЕДИ ЕКЕН

„Құрбанбай кишкене уста",—
Деп атайды бизиң класста.
Сулыўлап ҳәр жыл бәҳәрде,
Уя соғады құсқа.

Былтыр оның бул уясын,
Қарлығашлар мәкән етти.
Бергеннен соң тәрбиясын,
Өнип-өсип ушып кетти.

Олар ушын құрт та терди,
Дән де қойды, суў да берди,
Жазы менен өз достынан,
Қарлығашлар рәҳәт көрди.

Аяғына биреўиниң,
Көк жипектен салды белги.
Уясына сол қарлығаш,
Быйыл және қайтып келди.

Олар да тап адамлардай,
Жақсылықты биледи екен,

Жайлы болған уясына
Қуслар қайтып келеди екен.

## АЙҒА ЖЕТТИ ҚОЛЫМЫЗ

Бахтымыздың айдын жолын
Уллы Ленин салып берди.
Бизлер ушын жумсап күшин,
Жаңа өмир алып берди.

Октябрьдиң әўладлары,
Жеңис нурын қушқан бизлер.
Халықтың қайтпас суңқарлары,
Қанат қағып ушқан бизлер.

Әлпешледи Ана—Ўатан,
Шаң тийдирмей жүзимизге,
Қайырқомлық етип мудам,
Нур ендирди көзимизге.

Зәриўлик не?—биз билмеймиз,
Мәңги жақты жолымыз.
Еркин елдиң еркесимиз,
Айға жетти қолымыз.

## КҮНДЕ БИР ЎАҚ СӨЗ ЕТЕДИ

Артық буннан үш жыл бурын,
Еккен еди бир терек.
Өз ўақтында тәмийинледи,
Болса егер суў керек.

Кеңес алып үлкенлерден,
Босатып турды түбин де.
Тамыр көмип: шақа жайып,
Нәрўан болды бул күнде.

Ата-анасы жаз күнлери,
Саясында ҳәз етеди.
Алғысқа бөлеп Артықты,
Ҳәр күни бир сөз етеди.

## ӘМЕТ ПЕНЕН ШӘМШЕТ

Әмет, Шәмшет түйдей жас,
Үйи де қоңсы, класслас.
Бойлары бирдей, түри де,
Егизлердей дым уқсас.

Әмет жақсы баҳаны,
Басқадан жийирек алады.
Шәмшет үштен артығын,
Жүдә сийрек алады.

Әмет оқыса китап,
Зуўлатып айтады толық.
Сөйлеўге де шебер-ақ,
Бир қатар оқып болып.

Сулыў салар ҳәрипти,
Қәге шықпас жазғанда.
Шәмшет те бирақ неликтен,
Кемшилик бар аз ғана,

Оқый алмас жүритип,
Қысынар өзли-өзинен.
Мәнис шықпас гей ўақта,
Айтып турған сөзинен.

Бас ҳәрипли сөз жазса,
Бир кәте бар describing,
Сораў көп Шәмшет ҳаққында,
Әмметтей емес ол неге?

Келип китапханадан,
Екеўи китап алады.
Еки күн өтсе арадан,
Оқып болған болады.

Әмет, болса бәрин оқып,
Мазмунында айтып береди.
Шәмшет болса шала қылып,
Оқымай-ақ қайтып береди.

## ЕСАПДАН БАЛА

Сәрсен биринщиде,
Жақсы биледи есапты.
Қарасаң дәптерин,
Есаптан гилең „бес“ апты.

Таяқшаны бир-бирлеп,
Иркилмей санап кетеди.
Бирден баслап алжаспай,
Отызға шекем жетеди.

Санды санға қосады,
Санды саннан ала биледи.
Көбейтиуден алжасады,
Бөлиуди шала биледи.

—Қанша оқыушы бар,
Айтып бер билсең,
Ҳәм неше парта бар,
Сизиң класста десең?
Әри-бери ойланар,
Айталмай көп қыйланар,
Ең изинде Сәрсеннин,
Мынадай жууабы бар:

—Буны шеше алмайман,
Санды билмей калмайман,
Ал, партаны, баланы,
Бир-бирине қосалмайман.

## ҒАНИЙ СОНДАЙ БАЛА ЕКЕН

Мектептен қалмайды ҳеш,
Барлық сабағынан „бес“,
Китап, дәптери таза,
Тәртиби жаман емес.

Жасы үлкен буйырса ис,
Орынлауға салар күш,
Жәрдемлесип үйине,
Жумыс ислер ерте-кеш.

Әттең, сол бир жери бар,
Қызғаншақлаў, кеўли тар,
Басқаларға жәрдеми жоқ,
Өзи билсе қуўанар.

## ӨКИНИШ

—Тазала балам салманы,
Суўғарайық алманы,—
дегенде талай атасы,
Рүстем сирә қылмады.

Алма писти қызарып,
Жеўге кумар ол барып,
Үзиўге бүгин баталмай,
Өкинип жүр уялып.

## КОЛХОЗЫНА СЫЙЛЫҚ ЕТТИ

Үшинши класс балалары,
Көп жыйнады металларды.
Сол металлдан он тоннасын,
Анаў күни завод алды.

Оның бәрин еритипти.
Заводқа пайда берипти.
Он тонна металл сынығы,
Трактор болып келипти.

Маңлайына жазыў жазып,
Анық етип ойыпты.
Узақтан-ақ түсер көзге,
„Үшинши класс" деп қойыпты.

Көргенде олар қуўанып,
Кеўиллери шад болып кетти.
Тракторын алып барып,
Колхозына сыйлық етти.

## ОРЫНБАЙ ПАХТАКЕШ

Атызды барып көрген жоқ,
Бир грамм пахта терген жоқ,

Сонда да қарап жүрген жоқ,
Орынбай сондай пахтакеш.

Сабақтан кейин, келгенде,
Апасы пахта тергенде,
Үкесине қарар үйинде,
Сонда да ол пахтакеш.

Ҳәрбир хана ақ пахтаның,
Унатпас жерде жатқанын,
Кутыға салар тапқанын,
Орынбай сондай пахтакеш.

Үй алдынан өтер жол,
Пунктке қарай кетер жол,
Шашылса пахта терер ол,
Орынбай сондай пахтакеш.

Күннен-күнге қырман тасты,
Бул пахтаның болды досты,
Усылайынша үлес қосты,
Орынбай сондай пахтакеш.

## СБОРДА

Кеше сбор ўақтында.
Отрядта гәп болды,
Үлгериў, тәртип ҳаққында.

Пионерлер сөз алды,
Айтты бәрин қалдырмай,
Кемшиликлер қозғалды.

Полат сонда Муратты
Ҳәр күнги кешки кинода,—
Көремен—деп уялтты.

Бир пионер Полатқа,
Сораў берди:
—Сен—деп,
Неғып жүрсең ол ўақта?

Сораўға жуўап бермеди,
Жүзи бурыштай қызарып,
Қысынды Полат терледи.

## ФАБРИКАДА АПАМ БАР

Фабрикада апам бар,
Шеберлердиң шебери,
—Қолы гүл!—дер адамлар,
Кийим тигиў өнери.

Кийсе егер қайсы қыз,
Апам тиккен көйлекти,
Сорамай-ақ танырсыз,
Жарасықлы, көрикли.

Костюм тиксе балаға,
Унамаған бири жоқ,
Көргенлердиң бәри де:
Дейди бунын мини жоқ.

Жолдаслары мақтайды;
—Апаң сениң шаққан деп,
Көрсең ҳүрмет тахтаны.
Ис өними артқан көп.

Фабрикада апам бар,
Келиң заказ бериңлер.
—Қолы гүл!—дер адамлар.
Шеберлигин көриңлер.

## ЖАЗ КЕЎИЛЛИ

Күлип турған жадырап,
Көк липас кийип этирап,
Көзлер қызар, тоймас қарап,
Жүдә сулыў жаз кеўилли.

Суўларға толы салмалар,
Бойында жүзим, алмалар,
Үй алдында гүл ырғалар,
Жүдә сулыў, жаз кеўилли.

Басланса гейбир егислер,
Писип турар көп жемислер,
Ислегиң келсе көп ислер,
Жүдә сулыў, жас кеўилли.

Арттырсам деп өнимлерин,
Мийнет егип төгип терин,
Күтер дийхан егинлерин,
Жүдә сулыў, жаз кеўилли.

Малға толы жайлаў бәри,
Тикирейисип қулақлары,
Ойнар қозы-ылақлары,
Жүдә сулыў, жаз кеўилли.

Оқыўшылар каникулда,
Саяхатта, болар жолда,
Ким лагерьде, ким аўылда,
Жүдә сулыў, жаз кеўилли.

## ТАЗАЛЫҚТЫҢ ҮЙИН КӨР

Бизиң Қурбан өзи пухта,
Тереӊ ойлы, өткир зейин,
Бизиң Қурбан дым азада,
Тазалыққа жүдә бейим.

Бирге оқыған дослары,
Қурбанды бәрҳә сыйлады.
Сонлықтан да класына,
Тазалық етип сайлады.

Класс ишин бақлап жүрди,
Бос жибермей ҳәр бир күнин,
Тазалықты сақлап жүрди,
Бетке айтып бирим-бирим.

Сол мектепте кеше ғана,
Тексерилди жайлар толық.
Усы класс тазалықтан,
Шықты сонда алда болып.

Бул класстың балалары,
Жазда да исти үдетти.
Таза сақлауға үйлерин,
Бир-бирине уәде етти.

Тыңлап көрсең балаларды,
Мақтайды Қурбанның өзин.
Үйиниң алдын көрсеңиз,
Еслетер айнаның жүзин.

Патаслық болса аз ғана,
Оған сирә тыным жоқ.
Сыпырып таслар тез ғана,
Сонлықтан бир де шыбын жоқ.

Әйнек, қапы минтаздай,
Үйи алдында гүл өскен,
Тиккен нәли терек болып,
Қоңыр салқын самал ескен.

Қурбан менен бирге оқыған,
Балалар саған гез болса:
„—Бизиң Қурбан таза"—дейди,
Ол ҳаққында сөз болса.

Мақтаныш етип дер, олар:
Тазалық десең сен егер,
Досларына үлги болар,
Тазалықтың үйин көр!

## КЕМШИЛИГИН БИЛДИ ОЛ

Жақында бизиң көшеде,
Кешкурынырақ еди.
Билмедим саат нешеде,
Күн батыудан бурынырақ еди.
Балалар бир жерге жыйналды.
Каникулда ислеген исин,
Ҳәрким ортаға салды.
Айтыуына қарағанда,
Полат китап оқыудан,
Биринщиликти алды.
Оған ҳәмме ҳайран қалды.

Марат екиншиде оқыйды,
Бәринен жасы киши.
Ҳәмме үлгили иси
Есигиниң алдына.
Гүлди египти қатар,
Жарқырап ашылып тур.
Көргенде ықласың артар
Бәри оған рийза болды,
Жақсы иске кеўли толды.
Сөз Ахметке берилди:
„Спортқа қуныгып жүрмен.
Сонлықтан шынығып жүрмен.
Гүрессем былтыр Аман,
Жығып таслайтуғын еди.
Мениң оған умтылғаным,
Иске аспайтуғын еди.
Кеше үйиниң қасында,
Берип жибердим басына.
Ийтерип едим қулады.
Мурны қанады, жылады,
Сөйттим де қашып кеттим.
Бираз жерге асып кеттим.
Сынадым және күшимди
Қоңсылар көрди исимди.
Алманың үлкен шақасын,
Бир тартқаннан сындырдым,
Ҳәммени ҳайран қалдырдым"...
Болып кетти дуў күлки,
Ахметтиң өзгерди сыйқы.
Қып-қызыл болып турды ол.
Кемшилигин билди ол.

## БИРИН-БИРИ ҚЫЙМАЙДЫ

Жуўырып кетсе пышығым,
Қуўып кетер күшигим.
Екеўиниң ойнаўы—
Мениң ушын қызық дым.

Ашыўға минип алысар,
Айқасып аўыз салысар.

Бири қашып, бири қуўып,
Әдеўир жерге барысар.

Екеўи усылай ойнайды,
„Қой"—десең де коймайды,
Тислейжақ болып турса да,
Бирин-бири қыймайды.

## КӨП ОЙЛАНЫП ҚАЛАДЫ

Султан еле кишкене,
Ойламайды ҳештене
—Қайсы,—десең,—оң қолын?
Көрсетер анық—деп: „мине"

—Қайсы,—десең,—шеп қолың?
Көп ойланып қалады.
Сораўға жуўап береалмай,
Дым қыйналып қалады.

—Жоқ ғой сениң көп қолың,
Ойлан ба?!—деймиз Султанға,—
Белгили болса оң қолың,
Қалған қолың шеп қол-дә!

## КЕМПИР, ҒАРРЫ ҲӘМ АҚЛЫҚЛАР

Кемпир-ғарры кеўли хош,
Алпыс-жетпис жасында,
Жүрегинде тасқын йош,
Ақлықлары қасында.

Ойынларды көреди,
Балалары қызыққан.
Араласып жүреди,
Шетте қалмай қызықтан.

Айдаған боп машина,
Ақлығы: „дө-ө-өт, дө-ө-өт" дейди.
—Жүрежақпан алдыға,
Ата, былай кет,—дейди.

Бир баласы гүр-гүрлеп,
—Тракторман мен!—дейди.
—Кемпир апам келсин, деп,
Қарап турман мен,—дейди.

Көктен ушса самолёт,
Қол былғар бири бақырып:
—Ата, үйдиң қасына
Түсир—дейди,—шақырып!

Бир ақлығы томпаңлап;
—Поезды таяр еттик,—дер...
—Қәлеўшилер, келиңлер,—
Москваға кеттик!—дер.

Ақлықлар айтса жан бар ма,
Бәрин бәржай етеди.
Қосылып гейде оларға.
Бирге ойнап кетеди.

Кемпир-ғарры ақлықты,
—Шийринлерден шийрин дер,
„Соның ушын удайы
Арта берер мийрим", дер.

## МЕКТЕПТЕ БАЙРАМ

Қолымда дәптер, қәлемим,
Мектепке қойған қәдемим,
Устазға туңғыш сәлемим,
Умытылмас ҳеш мениң,
Өмиримдеги салтанат.
Жүректе қалар болып яд.
Ҳәм үйимде, ҳәм мектепте байрам бул.

Жаздың соңғы түнинде,
Қуўаныш толып үйиме,
Қарап қасы-қабағыма,
Жәмлесип бәри жаныма.
Үлкен-киши туўысқаным.
Күткен күн сентябрь таңын.
Ҳәм үйимде, ҳәм мектепте байрам бул.

Толғанда оқыў жасына,
Түрли қыял басымда,
Шаўкилдеп соғып жүрегим,
Мардыйып қәдем басқаным,
Ана-мектеп есигин
Биринши рет ашқаным.
Ҳәм үйимде, ҳәм мектепте байрам бул.

Сол биринши қоңыраудың
Шыңғырлысын тыңлаўым,
Устазым айтқан сөзлердиң,
Мәнисин азлап аңлаўым,
Өңиримде жайнап жулдызшам,
Октябрят болыўым,
Ҳәм үйимде, ҳәм мектепте байрам бул.

Иске асып шийрин әрманым,
Түсинип уллы дослықтың,
Парқына мениң барғаным,
Қунт пенен оқып сабақты,
Жақсы баҳа алғаным
Класста үлги болғаным.
Ҳәм мектепте, ҳәм үйимде байрам бул.

## ОКТЯБРЯТЛАР—КИМЛЕР ОЛАР?

Иси менен сөзиниң,
Бирлиги беккем полаттан,
Қырағылығы көзиниң,
Өткен аўыр сынақтан.
Қыйынлықтан қашпайтуғын,
Жақсы иске баслайтуғын,
Ертеңги пионерлер олар.
Октябрятлар—мине, солар.

Меҳрибан кең пейилли,
Оқыўда жүдә зейинли,
Мектебин сүйип бақлаған,
Тазалығын сақлаған,
Үлкенлерди ҳүрметлеген,
Жасы үлкеним—жаным деген,
Мине, сондай балалар,
Октябрят бола алар,

Сүттен де ақ жүреги,
Жақсылық бәрҳа тилеги,
Жек көреди жалғанды,
Айтады тек болғанды,
Ҳақыйқатты қорғаўға,
Мудамы таяр турады,
Мине сондай балалар.
Октябрят бола алар.

Бир-бири менен дос болса,
Жүректе мудам йош болса,
Көп оқыса, салса сүўрет,
Шын жолдасы болса мийнет,
Қосық айтып, ойын ойнап,
Удайы ўақты хош болса,
Тек ғана сондай балалар,
Октябрят бола алар.

## ЯДЫҢДА ТУТ ЖАН БАЛАМ

Ядыңда тут жан балам,
Дүньяда уллы нан балам,
„Наннан уллы бар“ десе,
Бул гәп шийки-қам балам.

Нан бар екен—өмир бар,
Нан болмаса өмир тар,
Айтып кеткен бабалар,
Тислем нанға болып зар:

—„Алтын, гүмис—тас деген,
Арпа, бийдай—ас деген“,
Нан қәдирине жетпеген,
Барып турған пәс деген.

Мәнисине қараңлар
Билмесеңлер сораңлар,
Нан халықтың байлығы,
Дөретер мәрт адамлар.

Жумсар олар бар күшин,
Биз жейтуғын нан ушын

Нан мийнеттиң жемиси,
Ол мазалы сол ушын.

Қәстерлесек биз нанды,
Алғыс айтып мың санлы,
Ҳүрметлеген боламыз,
Нан авторы—инсанды.

## ТАЗАЛЫҚ БОЛЫП САЙЛАНДЫМ

Азада келип мектептен,
Сумкасын үйге таслады,
Үкелерин шақырып,
Өзинше жумыс баслады.

Дизип қойды қатара,
Улзада, Улжан, Абатты
Ҳәр бирине дара-дара
Аўдарады дыққатты.

Ҳәммесиниң көрип қолын,
—Не деген кир, өскен тырнақ,
Деди,—енди таза болың,—
Тырнақты тез керек алмақ.

Шаң болыпты шашларыңыз.
Уйпа-жуйпа, қарап көриң,
Аўырмайды басларыңыз,
Күнде бир уақ жуўып жүриң!

Күлип еди Абат оған,—
—Қой—деди ол—ойыныңды—
Кирлеп кеткен жүдә жаман,
Қара, қулақ-мойыныңды.

—Барыңлар,—деди Азада,—
Бүгин мәўлет беремен.
Үстиңиз кир ме, таза ма,
Ертең және көремен.

Қызының бул исине,
Нәзер салды анасы,

„Тәўир ғой“ деп ишинен,
Қуўанды жүрек ханасы.

Анасы айтты:—Қуўандым,
Кемиси жоқ дым, ҳасла.
Буны қалай ойландың?
Азада айтты:—класста,
Тазалық болып сайландым.

—Рас па, жаным, рас па?
Қызым сеннен айландым:

—Ақыры бизиң Азада,
Таза десең, таза-дә!

## ҚУЎАТТЫҢ ҚОС ТЕРЕГИ

Анық еки жыл толды,
Жан бар еди кескен жолды,
Жағалатып сол жапты,
Билмеймен қайдан тапты,
Қуўат деген бала,
Бир нартты әкеле сала,
Кесип оннан кәлемше,
Отырғызды қос нәлше,
Егилген нәлше қарыстай
Болды демде-ақ арыстай.
Қалың жапырақ шақалы,
Дем алыўдың мәканы.
Екеўи өсип жарысқан,
Көзге түсип алыстан,
Қызығып ҳәмме қарайды.
Саясында отырып,
Ким еккен деп сорайды.
Шықты оның дереги,
Аталып кетти бул күнде,
Қуўаттың қос тереги.
Ақ сақаллы бир ғарры.
—Қуўат деген ким?—деди.
Балалар айтты ғаррыға:
—Қуўат деген бир бала,
Усыманда жүр—деди,

Шақырды олар Қуўатты,
Келди бала жуўырып,
Сәлем берди тик турып:
—Шақырған бизди ким?—деди.
Қуўат деген биз—деди.
Кеўли толып ғаррының,
—Қуўат болсаң сен—деди.
Жақынырақ кел,—деди,—
Қолыңды маған бер,—деди,—
Терегиң ушын жан балам,
Бизден алғыс бар саған,
Дәрт көрмесин қолларың,
Айдын болғай жолларың.
Сыйпап турып оның басын,
—Узақ болсын,—деди, жасың.
Көрип турып Қуўатты,
Ғарры өзи ойға батты.
—Қәнекей, барлық балалар,
Қуўаттай болып ҳәм олар,
Қос теректен дөретсе,
Соны бәри кәр етсе,
Аўыл менен қалалар,
Көк-жасылға бөленип
Болар еди-аў лалазар.

## ЫРҒАЛАР ТАЛЛАР, ЫРҒАЛАР

Бәҳәрде келер тырналар,
Суўларға толар арналар,
Таярлық көрип диййханлар,
Жер сүрип, атыз тырмалар.

Бүртиклер ерик, алмалар,
Мәўжирип ағар салмалар,
Салмалардың бойларында,
Ырғалар таллар, ырғалар.

Ашылып гүллер жайнасар,
Бүлбиллер қонар сайрасар.
Қозылар қуўып бир-бирин,
Секирип-секирип ойнасар.

Басланар барлық егислер,
Писер гейбир жемислер,
Ауыллардың артар көрки,
Қызықтырар түрли ислер.

Жадырап кетер далалар,
Шапкылап жүрер балалар,
Ауылымыздың саўлаты,
Қалалар менен барабар.

## САҒЫНАМЫЗ ҚЫСТЫ ДА

Айтсақ қыстың қызығын,
Бир әжайып өзи дым,
Әйнеклерге сызады
Шым-шытырақ сызығын.

Тереклер турар малынып,
Муздан моншақ тағынып,
Алғандай болып көринер,
Ақ орамал жамылып.

Аппақ қардың үстинде,
Тамашаға батамыз,
Жумалатып топ етип,
Бир-биреўге атамыз

Муз үстинде сырғанап,
Жарысады шаңалар,
Озғанларды қутлықлап,
Қол шаппатлар балалар.

Қалың кийим киймесең,
Тоңдырады етинди,
„Қайт,“—дегендей—„бала сен“,
Шымшылайды бетиңди.

Суўықларға үйренип,
Шынығады денемиз,
Суўық суўға жуўынып,
Кеўилленип жүремиз.

Жазда жайнап жүрсек те,
Шомылып сууға ыссыда.
Оның да орны бир бөлек,
Сағынамыз қысты да,

## БӘҲӘР КЕЛСЕ...

Ашылып қуяш жамалы,
Алтын нуры таралар.
Сәўирдиң есип самалы,
Ауылма-аўыл аралар.

Суўлар ағар салмадан,
Көк липас кийер жер бети,
Тәбиятқа енип жан,
Өзгереди келбети.

Қызыл-жасыл гүл болып,
Әтирапымыз жайнайды,
Өз алдына түр болып,
Ҳәр түрли куслар сайрайды.

Бәҳәрде барлық дийханлар,
Рульди қолға алады.
Гүздеги бийик қырманның
Түп-тийкарын салады.

Жазық жасыл жайлаўлар,
Болар сүттиң булағы,
Көбейер, ойнар жәнийуарлар
Бузаў, козы, ылағы.

Жаслығымыз бәҳәр бул,
Ләззети мол өмирге,
Жасаймыз жайнап-жаснап сол,
Бәҳәр менен биз бирге.

## СҮЙЕМИЗ СУЛЫЎ ЖАЗДЫ БИЗ

Сүйемиз сулыў жаздың биз
Узыннан-узақ күнлерин,
Шыжғырған ыссы күндизи,
Қоңыр салқын түнлерин.

Басланады каникуль,
Лагерьлер бизди күтеди.
Оқыўшылар жазы бул,
Қызық болып өтеди.

Барып канал, көллерге,
Шомыламыз, жүземиз,
Өсимликлер, гүллерден,
Гербарийлар дүземиз.

Аралап тоғай, таўларды,
Үйренемиз үлкени.
Нени көрсек биз бәрин,
Барамыз жазып ҳәр күни.

Әтирапымыз көк егис,
Көргенде көзиң тояды.
Писип турған көп жемис,
Жесең мийриң қанады.

Сулыўлықты жаздағы,
Ҳадал мийнет дөреткен.
Соның ушын биз оны,
Сүйемиз шын жүректен.

## ГҮЗ ҚӘДИРИ БИР БАСҚА

Сарғыш дөнип дөгерек,
Еслетер алтын реңин.
Дийханларға не керек
Излер гүзден дерегин.

Гүз қәдири бир баска,
Мектепке қәдем таслаймыз.
Устаз бенен класста,
Оқыў жылын баслаймыз.

Қырман-қырман зүрәәт,
Ҳадал мийнет табысы,
Бәри жанға рәҳәт,
Халқымның ары-намысы.

Мәртликлердиң айғағы,
Иске аскан әрманлар.
Мийнеттиң палдай қаймағы,
Үйилген таўдай қырманлар.

Келген ҳәрбир гүзимиз,
Бизлер ушын бахыт бул.
Бәрҳәма жайнар жүзимиз,
Шадлыққа толы ўақыт бул.

## „ӘЛИПБЕ“ МЕНЕН ХОШЛАСЫЎ

М у ғ а л л и м:—Дыққат етиң балалар,
Уллы-уллы илимпаз,
Даңқы шыққан даналар,
Илимге қәдем қойғанда,
Биринши ирет қолына,
Әлипбени услаған,
Әлипбеден баслаған,
Алтыннан артық әлипбе,
Үйренилип алынды,
Келешек терең билимге,
Дәслепки тийкар салынды.
Ҳәриплердиң барлығын,
Бес бармақтай таныпсыз,
Қайсы сөзде қайсы ҳәрип,
Жазылады, қанықсыз.
Буның ушын әлипбе
Қуўанышлы кеўилли,
Сүйеди ол сизлердей
Оқыўшыны зейинли,
Ҳәзир мине келип тур,
Алдыңыздан өтпеге,
Сизлер менен хошласып,
Рухсат алып кетпеге,
Умытылмас қәдирдан.
Сөз беремен „Әлипбе“ге.

Ә л и п б е:—Ҳә балалар, балалар,
Бәриң маған қараңлар,
Сизлер менен болдым дос,
Оның ушын кеўлим хош,
Үйренип барлық ҳәрипти,

Сулыў жазып келдиңиз,
Көп сөзлерге түсинип,
Мәнислерин билдиңиз.
Өзлериң менен д速ласып,
Бираз ўақыт өткердим,
Кетежақпан хошласып,
Өз исимди питкердим.
Мен сизлердиң бәринди,
Шын дослар деп қарайман.
Кетиўим керек, ал енди,
Бүгин рухсат сорайман.

Оқыўшылар:—Рахмет саған „Әлипбе"
Үйреттиң бизди ҳәрипке.
—Ҳәр бетиңнен нур шаштың,
Көзимизди сен аштың,
—Сағасысаң ақылдың,
Жақсы иске шақырдың.

—Ана—деген ҳасыл сөздиң,
Шын мәнисин сеннен сездим.

—Ал, атаны қәдирлеўдиң,
Жол-жобасын өзиң бердиң.

Алтын уғым—Ўатан деген,
Жүреклерге сиңди сеннен.

—Ленинлик уллы даналық,
Адамзат ушын жаңалық.

Ғамхорлығы партияның,
Бахыты ҳәрбир адамның.

Дослық деген өмир сәни,
Сен тәрийплеп бердиң оны.

—Тынышлық өмир тиреги,
Сүйеди инсан жүреги.

—Адамның бахты мийнетте,
Мийнет бөлер ҳүрметке.

—Сүйсең егер елиңди,
Болыў керек билимли.

—Хызмет етсең халкыңа,
Даңқ қосылар даңқыңа.

—Эй, әдиўли „Әлипбем"
Барлығын өзиң үйреткен.

—Жақсы исиң көп жүдә,
Айткан менен болмас ада.

—Бизлердиң шын сөзимиз,
Қыймайды сени көзимиз.

Жаннан да артық көремиз,
Қалай жуўап беремиз
—Тилекти кабыл алсаңыз.
Биз бенен бәрҳа қалсаңыз?!

Ә л и п б е:—Жоқ-жоқ ҳасла болмайды,
Айта гөрмең ондайды,
Бул кетистен кетермен,
Талай қырдан өтермен,
Күтер жаңа досларым,
Мен оларға жетермен,
Исти даўам етермен.

О қ ы ў ш ы:—Эй, „Әлипбем" қәдирдан,
Сораўымыз бар саған,
Сөзиңди қабыл аламыз,
Сиз кетсеңиз егер де,
Биз ким менен қаламыз?

Ә л и п б е:—Айталмадым бурынлаў,
Сораўыңыз орынлы-аў,
Асыққан соң кетиўге,
Умыттым айтып өтиўге,
Өзи де әне киятыр,
Салтанатлы саўлатлы,
Мыңларға татыр бир батыр,
Аты „Оқыў китабы"
Балларға ғамхор мудамы,

Иши толған ақыл ол,
Ҳәмме ушын мақул ол,
Жүзлериңди жайнатар,
Тиллериңди сайратар,
Сизлер менен дос болар,
Кеўил бөлсе оған ким,
Ўақты бәрҳә хош болар,
Келип қалды минекей,
Балалар қәне, көриңлер,
Ийилип сәлем бериңлер.

Ҳ ә м м е:—Әссалам „Оқыў китабы",
Келиң, бизге келиңиз.
Қәдирлеймиз мудамы,
Ҳүрмет етип сизди биз.

Келиң „Оқыў китабы",
Сизден өрнек аламыз,
Не айтсаңыз орынлап,
Ҳақыйқат достың боламыз.

О қ ы ў  к и т а б ы:—Бәрекелла, балалар,
Оқыған билим ала алар,
Қуўантар мени сөзиңиз,
Тәртип ҳәм оқыў исинде,
Жарқын болсын жүзиңиз.

Ҳ ә м м е:—Келиң „Оқыў китабы"
Ҳүрметлеймиз мудамы,
Жаңалықты жақлаймыз,
Өзиңди таза сақлаймыз.
Келиң „Оқыў китабы"
Ҳүрметлеймиз мудамы.

Дос болсаңыз биз бенен,
Бахытлымыз сиз бенен,
Келиң „Оқыў китабы"
Ҳүрметлеймиз мудамы.

Оқысақ шад боп йошамыз,
Билимге билим қосамыз,
Келиң „Оқыў китабы"
Ҳүрметлеймиз мудамы.

Ә л и п б е:—Сизлерде болған ҳәр күнди,
Есимде узақ сақлайман.
Бөлекленип кетсем де,
Сыртыңыздан баклайман,
Қәнекей, хош болың дослар,
Тилеймен сизге табыслар.

Ҳ ә м м е:—Хош болың „Әлипбе"миз
Ғайрат салып оқыймыз биз,
Билим алып ер жетемиз,
Азамат боп, күткендей сиз,
Хош, хош „Әлипбе"миз.

## СОҢҒЫ ҚОҢЫРАЎ САЛТАНАТЫНАН

### I. БИРИНШИ КЛАСС ОҚЫЎШЫЛАРЫНЫҢ ТИЛЕГИ

—Сәлем, мектеп билим кәни,
Билим менен өмир сәни,
Ҳәр адамның ең сүйикли
Мектеп бизде кәдирданы.

—Сәлем, устаз, уллы адам,
Жаслардың ғамхоры мудам.
Сонлықтан да кем көрмеймиз,
Бизлер сизди ата-анадан.

Он жыл бойы қәдем атқан,
Мийнетиңиз орын тапқан,
Сәлем аға ҳәм апалар,
Билимленип күлим қаққан.

Оқыдыңыз ғайратланып,
Әлпешленип билим алып.
Енди сизден үлкен-үлкен,
Нәтийжелер күтер халық.

Мектеп берди жеғер күшлер,
Болсаң егер жумыс ислер,
Кушақ ашып күтип отыр,
Түрли-түрли өндирислер.

Және исти дауам етсен,
Жол ашық оқыўға кетсең.
Ҳәмме оған қуўанады,
Ойлаған мақсетке жетсең.

—Мейли, оқыў, исте болсын,
Мейли, ерте, кеште болсын,
Устазлардың нәсиятын
Сақлаў бәрҳә есте болсын.

—Ел ушын жумсалса күшиң,
Көпке өрнек болсын исиң,
Хызметиңди көрген адам,
Устазыңа рахмет десин!

—Биз сизден үлги аламыз,
Оқыўды даўам қыламыз,
Даңққа бөлеп мектепти,
Тәртипли, актив боламыз.

Ҳ ә м м е:—Сизлерге сәтли жол болсын,
Бизлерден тилек сол болсын!
Бәрҳама беккем ден саўлық,
Ислерде табыс мол болсын!

## 2. ПИТКЕРИЎШИ КЛАСС ОҚЫЎШЫЛАРЫНЫҢ ТИЛЕГИ

—Алғыс сизге ана мектеп,
Бизде сениң үлесиң көп,
Әлпешледиң қушағыңда,
„Өнерли бол, перзентим"—деп.

—Уллы устаз жасымыздан,
Кетпей ҳеш уақ қасымыздан,
Билим берип ер жеттирдиң,
Сыйпап мудам басымыздан.

—Кәдирлеймиз, қәстерлеймиз,
Уллылардан уллы деймиз.
Устаз сизге миннетдармыз.
Мәңгиликке ҳүрметлеймиз.

Биздеги ең баслы сезим,
„Адам бол"! деп айтқан сөзиң.
Халық ушын хызмет етиў,
Мақсетимиз, текте бизиң.

—Мектептиң даңқын сақлаймыз,
Жақсы ислерди жақлаймыз,
Ҳәм мийнетте, ҳәм оқыўда
Исенимлерди ақлаймыз.

Ҳ ә м м е: —Жеткиншеклер жайнай бериң,
Көп оқыўды ойлай бериң.
Ана мектеп қушағында
Шад боп күлип ойнай бериң!

### 3. УСТАЗЛАРҒА

Мол зүрәәт алыў касты дийханның,
Мал өсириў болса кәспи шопанның.
Устазым, келешек тәғдирин ойлап
Сен бағманы болдың нәўше инсанның.

Тынымсыз ақтарған китаплар бетин,
Билемиз устазым, қутлы мийнетин,
Шәкиртиңниң журегинде сақлаўлы,
Биз ушын сарп еткен күшиң, хызметиң.

Сиз бир ҳасыл жансыз полат төзимли,
Шексиз мийрим және терең сезимли,
Жатсаң-турсаң шәкиртим деп толғанып,
Неше сапар шырт уйқылар бузылды.

Бағдар бердиң, алға қәдем тасладық,
Сәрдар болдың жаңалыкка басладық,
Өмир сарайының сырлы гилтлерин
Усындыңыз, қолымызға усладық.

Биримиз аўылда шаруа боламыз,
Биримиз заводта қола қуямыз.
Мейли ким болмайық Ўатан хызмети,
Сиз—устазсыз, мектеп—ушқан уямыз.

Үлкейди деп налымаңыз жасымыз,
Ағарды деп капаланба шашымыз,
Буның бәри уллылықтың нышаны,
Алдыңда ийиўли бизиң басымыз.

Қыйланбаңыз әжимли деп жүзимиз,
Ойланбаңыз гиреўке деп көзимиз.
Мыңсан шәкиртлериң—сулыў шырайың,
Нурлап турған көз боламыз өзимиз.

Жүрилмеген тыңларға из салдыңыз,
Ең қыйын кәсипти таңлап алдыңыз,
Билим булағынан қандырып бизди,
Ҳүрмет қушағында мәңги қалдыңыз.

## ЖАҚСЫ ДОСТЫ ИЗЛЕЙМЕН

Айтып еди маған әкем,
Әкесинен еситкенин,
Нәсият деп айткан екен,
Ядымда тур еле мениң.

Әкемниң сол бир сөзлерин,
Тыңлаған болсам жасымда.
Кайталап айтыў нәўбети
Келди бүгин өз басыма.

—Сапар шексең алысқа,
Жолдаслыкка мәрт керек.
Тырысқан арға-намысқа,
Шын азамат—сап жүрек.

Тап болсаң ондай жолдасқа
Кеўлиңниң қарар тапқаны,
Бир-биреўди қолласа,
Атыңның шыға шапқаны.

Соның ушын жан балам,
Сөз мәнисин аңлай бил.
Жүрер болсаң сен балам,
Жолдасыңды таңлай бил.

Бирге жүрер адамға
Болмасаң сырлас ҳеш бурын,
Айтайын саған бул манда,
Сынаудың мына бир түрин.

Пайдалы бир зат усынып,
Тең бөлиўди сора сен.
Жарты жағын усының
—Өзиң ал! де,—жора сен.

Жартысын саған қалдырсын,
Бөлиўине қара сен.
Өлшестирип бул исин,
Усылайынша сына сен.

Теп-тең шықса бөлгени,
Әдилликтиң белгиси,
Излеме онда өңгени,
Достың нағыз сол киси.

Алағат болып бөлинсе,
Басым болса бир жағы.
Көбиси саған берилсе.
Өзинде қалса азырағы—

Сақыйлықтың нышаны,
Ҳәм де ке'ил кеңлиги,
Ҳүрметке бөле сол жанды
Көринсе ондай беглиги.

Көбисин өзи меншиклеп,
Азын саған қалдырса,
„Биринши рет өзим“ деп,
Ҳә, демей сыр алдырса—

Жолдаслыққа жарамас,
Араны дәрҳал ашагөр.
Басқаның ҳалын сорамас,
Сондайлардан қашагөр.

Әкем айтқан нәсият,
Жүрегимде қәлем-хат.

Жақсы исти гөзлеймен,
Жақсы досты излеймен.

## БАЛА ҒОЙ

Керек болып бир қағаз шай Жаңылға,
Сорап барды қоңсы ҳаял Ақылға,
Жумыс питпей киятырып ушырасты,
Усы үйдиң генже улы Абылға.

Нанбағандай анасының сөзине,
Сыбырлады Абылдың да өзине,
—Балам,—деди,—үйиңизде шай бар ма,—
Әсте ғана айтып жибер өзиме.

„Бар, бар" деди, бала ҳешбир жасырмай.
Айтты барын кемитпей я асырмай,
Жаңыл жеңгей жеделленип сөйленди;
„Ақыл неге бермеди екен япырмай!?"

—Онда өзиң апарып бер Абылжан,
Болды сөйтип мұқыятлап тапсырған,
Үйге Абыл келип, кетти көтерип
Өзиниң шайнигин демлеўли турған.

Әкелип усынды мине алың деп,
Липилдеп тур иши толы шайы көп,
Апам демлеп берген еди азанда,
Соннан бери буны ҳешким ишкен жоқ.

Балалығын түсирди де есине,
Деди: өзине енди шайды алағой,
Күлди Жаңыл ашыўлансын несине,
Абыл деген алты жасар бала ғой.

## ЖАҢА ЖЫЛДЫ КҮТКЕН КЕШТЕ

(*Жаңа жыл елкасының биринши күнинен*)

### I

Декабрьдиң соңғы күни,
Кеш кеўилли қандай жақсы,

Реқ берип неше түрге,
Ортада тур ёлка ағашы.

Сол ёлканың әтирапында,
Үлкен-киши толған дослар
Жылды күтип барлығы да,
Қосық айтып кеўил хошлар.

Күтиўдиң соңғы минуты,
Кем-кем келди жақынлап,
Қуўаныш қандай сондағы,
Көрсең еди бир қарап.

Ата-ана баласын,
Узақ жолдан күткендей,
Кишкене баллар анасын,
Дым сағынып кеткендей.

Қыз бенен жигит көзинде,
Белгиси бардай ўәдениң,
Сүйиклиси сөзинде,
Турар деген тәмениң.

II

Ура! Ура!—келди деген,
Бәлент сеслер жаңлап кетти.
Еки адам келиў менен,
Ёлка қасы жайнап кетти.

Бир ғарры ақсақаллы,
Ол өзи қартайған соншa.
Бири жас жигит шырайлы,
Болады мақтаўға қанша.

Ҳәмме адам көз тикпекте
Бул екеўдиң жүзлерине.
Қулақ салып еситпекке,
Қумар оның сөзлерине.

III

Ғарры турып сөйледи
Көпшиликке көзин тигип:

—Гөне жылман мен,—деди.
—Жаңа жылыңыз—бул жигит.

—Бахыты ушын халықтың
Аянбай хызмет етеди.
Ийеси болып даңқтың
Жеңислерге жетеди.

Ашып жерлер тазадан
Кеңейтер колхоз егисин.
Сапластырар арадан,
Өткен жылдың кемисин.

Искерлерди көбейтер
Аўылда ҳәм калада,
„Отлично" окыўды үйретер,
Мектепте ҳәр бир балаға.

Жаңа жыл карсы турады
Ағрессорлық планға
Ол жандай дос болады
Тынышлық сүйген адамға.

—Түсиндим ата сөзиңе,—
Деди күлип жаңа жыл,
Беремен ўәде өзиңе,
Тийкарғы исим мениң бул.

Гөне жыл көзден тайсалды,
Өзиниң орнын берди-де
Жаңадан ойын басланды,
Күткенимиз келди-де.

## МЫҢ ЖАСАСЫН

Атам менен кемпир апам,
Турар олар аўылда.
Бизлер барып жазда мудам,
Тойып жүрмиз қаўынға.

„Ақлықларым келсин" деп,
Жақсыларын жыйып қояр.

„Шийринин солар жесин“ деп,
Тамағынан қыйып қояр.

Қуўанысып күтип алар,
Ишсек тайын сүт ҳәм қатық.
Гезек-гезек сүйер олар,
Бетимизден шорпылдатып.

Бизлер ушын жанын үзер,
Кең ашылып қушағы.
Айтып небир алтын сөзлер,
Көзлеринен нур шашады.

Ҳәр сапары ушырасқанда,
Қуўанышқа батамыз.
Мың жасасын деймиз сонда,
Кемпир апам ҳәм атамыз.

## УЛ-ҚЫЗЛАРЫМ КӨП ЕМЕС

*(Степан Олейникти оқып)*

Еситемен ҳәр жерде
Баллары көп дегенди.
Көп бе екен деп балларым,
Санайман үйге келгенде.
Көп дегени сондағы
Бир онлаған бала ғой.
Менинше онша көп емес
Жабылған бизге жалағой.
Ул-қызларым жоқ емес,
Бар, бирақ ондай көп емес.
Минекей санап көрейин,
Атларын айтып берейин.
Минаўар менен Шынаўар,
Шамси-Камар, Санаўар,
Рашид пенен Сара бар,
Саламат пенен Мурат бар,
Сабира менен Қуўат бар,
Мийрас пенен Саўлат бар.
Бәри де бүгин ержетип,
Қурды жаңа имарат,
Перзенти келсе камалға,

Ата-анаға бир мурад.
Биз қуўанып ата-ана,
Қутлы болсын айтамыз.
Ҳәрқайсысында бир қонсақ,
Еки ҳәптеде қайтамыз.
Ул-қызымыз жоқ емес,
Бар, бирақ ондай көп емес,
Мейли, айтсын адамлар.
Санаўлы ғана балам бар.

## АТАМ ЕККЕН БАЙТЕРЕК

Бойы бийик әл-аспан,
Атам еккен байтерек,
Аўылымызға жарасқан,
Сән-сымбаты бир бөлек.

Жазда қойыў саяман,
Қоңыр самал еседи.
Саўлатына тояман,
Жәннет усы деседи,

Жыйланып жазда адамлар,
Түсленисип қайтады,
Рәҳәтленип ҳәм олар,
Атама алғыс айтады.

Бул теректи көрген киси,
Еслеп кетер атамды,
Халқы ушын еткен иси,
Бөлер даңққа адамды.

Атамның қарар көзиндей,
Әлпешлеймен терегин.
Атамның болып өзиндей,
Жасай берсин тилегим.

## МЕКТЕБИМ

Дыққат қойып нәзер салсам,
Дүньяда ең қәдирдансаң,
Бас ийеди саған инсан
Қушағы кең мектебимсең.

Жасларға жайлы уясаң,
Кеўиллерге нур қуясаң,
Тарийхыңа мен қарасам,
Ҳәммеге тең мектебимсең.

Аңларман ҳәм маған мәлим,
Ата-анам да алған тәлим,
Әда болмас билим кәним,
Жана-жаным мектебимсең.

Әжапам да, әжағам да,
Тенер сени шийрин жанға,
Бахыт берген ҳәр адамға,
Меҳрибаным мектебимсең.

Мениң ушын мисли айсаң,
Көзге ысык, кутлы жайсаң,
Жүрегимде бәрхә барсаң,
Сен әдиўли мектебимсең.

## РУС ТИЛИН ҮЙРЕНСЕМ...

Рус тилин үйренсем,
Мақсетиме жеткеним,
Уллы Ленин сөйлеген
Усы тилде өйткени.

Ардақлаған бул тилди,
Даналардың данасы,
Әрман етер бүгин де,
Пүткил адам баласы.

Илим—алтын ғәзийне,
Рус тили гилтиндей
Ҳәм тынышлық символы,
Шын дослықтың мийтиндей.

Рус тилин сүйемен,
Екинши ана тилим деп
Алсам оны ийелеп,
Алдымда терең билим көп.

Илимниң бәлент шыңына,
Қанат байлап ушарман,
Халқыма бар пайдасы,
Талай сырды ашарман.

Жүреклерге жол табар,
Бул тил үлкен қуралым,
Ленин тилин үйрениў—
Бәрҳә мениң ураным.

Орта ҳам үлкен жастағы мектеп балалары ушын



## КИМ БИЛМЕС ХАЛҚЫМНЫҢ ҚАҲАРМАН УЛЫН

Өр көкирек, от жүрек, батыр тулғалы,
Жаңа өмирдиң—Октябрдиң әўлады,
Бахыт гүресиниң эстафетасын,
Бәрҳә бәлент тутып келген қолдағы,
Ким билмес халқымның қаҳарман улын—
Даңқлы Ленин комсомолын.

Гүреслердиң мәрти, жеңисли жолы,
Көктен жулдыз үзер созғанда қолы,
Ўатанды қорғаўда денеси қалқан,
Тарийх талай буның гүўасы болды.

Қыйынды қыйратқан сениң қәҳәриң,
Шөлде гүл ырғалтқан сениң бәҳәриң,
Мийнетте көрсеткен ғайратың аян,
Кәдемде кәд тиклер сениң шәҳәриң.

Жаңа иморатлар инженерисең,
Техниканы меңгериўге шеберсең,
Партиям исенип тапсырған исте,
Ат байрақтан озғанлардың бирисең.

Илимде жаңалық ашқан адамсаң,
Ақ алтынды өсириўге мамансаң,
Қолың тийип, сен баспаған жер бар ма,
Жайлаўдағы ең атақлы шопансаң.

Турып Лениншилер сапында беккем,
Тилек бир, жүрек бир тутасып кеткен,
Уллы Ленин исмиң бөлеп ҳүрметке,
Ҳәм соған ылайық хызмет көрсеттиң.

Бахтың бәлент, жолың айдын, не мин бар,
Сениң қатарыңда болмаған ким бар,

Өмир мектебисең, илҳам булағы,
Партиям деп билер бәрҳа мәдеткар.

Кутлы болсын сениң қырық жыллық тойың,
Шадыққуррам еткен Әмиўдиң бойын.

## ОКТЯБРЬ

Байрамың—Уллы Октябрь,
Өмиримизге шаштың нур.
Салтанатың, саўлатың,
Жүреклерде шадлы жыр.

Таймайтуғын бахтымыз,
Табылды сениң өзиңнен.
Сөнбейтуғын шам-шырақ,
Жағылды сениң өзиңнен.

Тасқын жеңис сағасы,
Алынды сениң өзиңнен.
Келешекке кең гүзар,
Салынды сениң өзиңнен.

Палдан шийрин дослығым,
Таўсылмас кеўил-хошлығым,
Жеңисиңнен туўылды,
Жигерим ҳәм жаслығым.

Мийнеттеги табысым,
Азаматлық намысым,
Дөрегең соң нурыңнан,
Жумсалмақта халық ушын.

Мен космосқа ушсам да,
Барып айды қушсам да,
Барлығы сениң жемисиң,
Не жаңалық қоссам да.

Сүйиклисең байрамым,
Мың мәртебе келсең де.
Саўғасы көп арнаған,
Халық мийири тек сенде.

Уллы Октябрь жениси,
Тарийх жаңалығы бул,
Адамзаттың бахыты—
Ленин даналығы бул.

## ЖАЙЛАЎҒА ЖАЗ КЕЛСЕ

*(Шаруалар қосығы)*

Жайлаўларға сән киргени,—жаз келсе,
Маңырап-мөңиреп өрисинен мал келсе,
Жери отлы аўылымыздың отары,
Қатар-қатар ақ отаўлар тигилсе.

Диң-диң ойнап бузаў, кулын, қозылар,
Жан көбейип басқа-баслар қосылар,
Қыз-жигитлер қосық айтып шарқ урар,
Күн куры емес табыслардың йошы бар.

Жайлаўлардың жарасығы бизлермиз,
Табыслардың шын ашығы бизлермиз.
Мийнет пенен жеткенлермиз мақсетке
Еттиң, сүттиң молшылығын гөзлермиз.

* * *

Жылт-жылт еткен шырайлы,
Ҳәмме келип қарайды,
Ҳасыл жүнин қойлардың,
Жипек пе деп сорайды.
Қойымыздың тең жары,
Қозылары қамары,
Етине теңлес майы бар,
Кимниң бундай қойы бир.

Сыйырларға қараң-аў,
Ҳасыл тухым саранаў,
Шелек-шелек сүти бар,
Уўыздай татлы ети бар.

Қараңыз бизиң семизге,
Қойыңыздан кемис пе.

Бунық ҳәр бир данасы,
Жүз торайдың анасы.

Малға азық мәккемиз.
Өсиремиз оны биз,
Мақсетимиз сол болсын.
Ел байлығы мол болсын.

## СВЕТОФОР ҲАҚҚЫНДА ҚОСЫҚЛАР

(*Пиядаларға арналады*)

### ...УСЫНДАЙДАН БОЛАДЫ

Көп жоллардың кесискен
бәндиргиси болады.
Машина да, жаяў да.
Өтиўге бағдар алады.
Жол қәдесин билмеген
Өмирин қәўипке салады,
Өтемен деп асығып,
Албырақлап қалады.
Бахытсызлық гейўақта,
Усындайдан болады,
Билмегенниң отына
Билгенлер де жанады.

### ЖОЛ ҚӘДЕСИН БИЛИП АЛ

Бәринен бурын сен өзиң,
Жол қәдесин билип ал.
Көшени кесип өтерде,
Жән-жағыңа нәзер сал.

Қарсы алдында қарап тур,
Бир азамат сақ турып,
Күнимизге жарап тур
Удайына тақ турып.

Нусқаў берер ҳәммеге,
Айтпайды бирақ сөз бенен.

Алжаспайсаң карасаң
Түсиндирер көз бенен.

Жарқыраған нурлы көз,
Бирин жумса бири бар,
Көп мәнили сырлы көз
Нурының түр-түри бар.

Сағымланса сары көз,
Дыққат қойың деген сөз.
Жасыл нуры жайнаса,
Пиядалар өтиң тез!

Жадыраса кызыл нур,
Шоферлерға нәубет бул.
Машиналар өткенше
Бир азырақ тоқтап тур.

Светофор ол сениң
Тәртибиңди бақлайды.
Жол қәдесин дурыс билсең
Қәуип-қәтерден сақлайды.

## СВЕТОФОР БОЛМАҒАН ЖЕРДЕ

Барлық жерде светофор болмайды,
Және тәртиплеуши бәрҳа турмайды.
Соның ушын бес бармақтай билип ал,
Жол жүриўдиң қәделерин ондайда.

Көшелердиң ортасында ойнама,
Рульдеги шоферларды қыйнама,
Бир машина көринсе де узақта
Оннан бурын өтемен деп ойлама.

Пиядасаң, тротуар деп бил жолыңды,
Әдетке айландыр ҳәркүн оныңды,
Жолдан жүргенлерге тийгиз бе зыян
Алды-артыңа селтеңлетип қолыңды.

Тәртип сақлап, әлипайым болып жүр,
Серсиз болма, алға нәзер салып жүр,

Соклығысып адамларды ирикпе,
Тротуардың бир тәрепин алып жүр.

Бир таныска ушырап қалсаңыз жолда
Мейли сәлемлесиң,алысыц қол да,
Көп турып, сөйлесип қалар болсаңыз,
Жолдан былайырақ шығыныз онда.

Машина киятыр жел болып есип,
Бирақ ол көринер күтә қашыкта.
Саған өтиў керек көшени кесип,
Машинаға жол бер, өзиң асықпа.

Оннан кейин алға қәдем қой сен де,
Шеп тәрепке жибер еки көзиңди,
Жолдың ортасына анық келгенде,
Оң жағыңа аўдар нәзер-жүзиңди.

### ДУРЫС БАҒДАР БЕРЕСЕҢ

Светофор, жанымсаң,
Өз исиңе алымсаң,
Дурыс бағдар бересең
Жүрер жолдан жаңылсам.

Сарғыш тартса жүзиңиз,
Серли бол деген сөзиңиз,
Шын кеўилден берилип,
Тигилер саған көзимиз.

Жасыл болып жанғаның,
Алға бағдарланғаным,
Емин-еркин өтиўге
Сеннен руқсат алғаным.

Қызыл сәўле шашқаның
Шоферға жол ашқаның,
Пиядалар турады
Өтиўин күтип басқаның.

Светофор нурыңнан
Жалт-жулт етип турылған,

Түсиник алып ҳәмме де
Өз жолыңа бурылған.

Светофор жанымсаң
Өз исиңе алымсаң,
Дурыс бағдар бересең
Жүрер жолдан жаңылсам.

## НӨКИСКЕ ДӘСЛЕПКИ ПОЕЗД КЕЛГЕНДЕ

### БИРИНШИ ГУДОК

Тахыятас, Нөкис арасы,
Дәрья, қаналлар ырашы,
Солардан өткен қарашы;
Темир жолым питип келди.

Қурылысшым құдиретли күш,
Бет қараса шыдамас ис,
Маршруты болып Нөкис,
Поездымыз жетип келди.

Мәртлик болды айтар кеңнен,
Жеңис болды артар шеннен,
Әмиў менен Қызкеткеннен
Бүгин зырлап өтип келди.

Паровозым жолды баслап,
Дөңгеленип қәдем таслап,
Халқымыздың ўақтын хошлап,
Биринши рет гудок берди.

Кетти гүдок сазға уласып,
Қуўанышлар толқып-тасып,
Үлкен-кишиге минәсип,
Бир әжайып тойға дөнди.

### МОСКВАДАН МИЙМАН КЕЛЕР

Сол гудок берилген жерден,
Вокзалым бой тиклер ертең,

Нур менен жазылған „Нөкис"
Көзлерге тасланар бирден.

Гудоклар тез-тез шалынып,
Келгени кутип алынып,
Ҳауазым бәлент жанлайды,
Жәнe де кеңирек танылып.

„Нөкис—Москва" поезды,
Перронда күтеди сизди,
Жол бойынша гүлистанға
Мийириң қанар тигип көзди.

Жайлым жатқан жазық далам,
Сулыў аўыл, бәлент қалам.
Дейсең:—мениң ўатанымсаң—
Бәриң анам, мен бир балаң.

Ушыратасаң бир вокзалда,
Поездың токтап турғанда,
Москва—Нөкис зуўлап өтер
Берман қарай түсип жолға.

Сен барасаң „Москвам" деп,
„Пайтахтым—ғамхор анам" деп,
Москвалы мийман келер:
„Сүйикли Нөкис қалам" деп.

Күн шығысқа тартсаң сапар,
„Нөкис—Ташкент" жолға шығар,
„Ақ алтынның" бағманлары
Туўысқанлар кушақ ашар.

Экскурсиялар өткизип,
Саяхатлар болар қызық,
Билимимиз беккемленер
Көзлер көрип, дене сезип.

Үйренемиз ўатан жерин,
Аралаймыз бирим-бирим,
Шадланамыз, шарк урамыз
Кушағында туўған елдиң.

## ЖӘНЕ БИР БАХЫТ ҚУС БОЛДЫ

Темир жолым тармақланып.
Ауылма-ауыл таралады.
Жолға шыққан бармақ болып,
Ҳәпзаматта баралады.

Атлы -жаяў айлық жолды,
Мезгилине ала алады.
Келген затлар вагон толы,
Халық мәпине жаралады.

Өмиримиздиң мәни артар,
Бул үлкениң сәни артар,
Ғурғынлықтың гиреўи боп,
Байлығының кәни артар.

Өндириске көмир келер,
Керек-жарақ, темир келер,
Хожалыққа зәрүр болған,
Машиналар небир-небир.

Халқым көплеп пахта берер,
Қуба-қуба тахта келер,
Таўдай болып үйиледи,
Бизге керек болса нелер.

Ҳасыл таслар, шебень келер,
Кутә арзан, тегин келер,
Мол зүрәәт дөрейтуғын
Жерге ҳасыл төгин келер.

Бәри көзден өткерилер,
Кемисимиз жеткерилер,
Дослар ушын жиберемиз
Керек болса бизден егер.

Азы-көбин билистирип,
Орны менен келистирип,
Поездларым курдай катнар,
Байлықларды бөлистирип.

Табысымыз қос-қос болды,
Шадлық, шадлыққа дус болды,

Нөкиске поезд келгени,
Және бир бахыт кус болды.

## МЕКТЕП ЁЛКАСЫНДА

### АЯЗ БАБАНЫ КҮТКЕНДЕ

Елкамыз жайнап турмаса,
Бабамыз Аяз болмаса,
Баллардың кеўли толарма,
Оннан сауға алмаса.

Ёлка мине, безелди,
Сақланып тәртип тежелди,
Деди, баллар қуўанып.
Аяз бабам келер енди.

Мәгар болса жолда-аў деп,
Келер мәҳәли болды-аў деп,
Турғанда көз жиберип,
Дөгерекке қарап көп.

Ақ дегелей басында.
Жетпис-сексен жасында,
Аяз баба келип тур
Баласын ертип қасына.

— Амансыз ба, балларым,
Қалай?,—деди ҳалларың,
Рапорт берди балалар
Көтерисип колларын.

### ОҚЫЎШЫЛАРДЬҢ РАПОРТЛАРЫ

Абат дер, еллиде үлкем,
Алтын той болды, бир үлкен,
Республикамның көксине
Тағылды және бир орден.

Деди, Зәўре, қос орден,
Енди болды үш орден,
Халқымның исин баҳалап,
Буны партиям берген.

Азат айтты пахтаны,
Көрсетип Гөрткүл, Тахтаны,
Ҳешўақта бундай зүрәәт
Болмады деп мақтады.

Сапаргүл, деди: салыны
Планнан артық алынды,
Жупаргүл мысал келтирди,
Өнимдар деп малымды.

Сәлим серлеп балықты,
Көп мағлыўмат алыпты,
Мойнағым быйыл мәрт деди,
Қуўандырған халықты.

Келиетирип Кеңес те,
Ойланып түсирди еске,
Биринши поезд келгенин
Айтып берди Нөкиске.

Оқыўды салсам еске мен,
Оқыймыз төрт, бес пенен,
Шынар айтты табылмас
Күнделиктен үш деген.

## АЯЗ БАБАНЫҢ СОРАЎЫ ҲӘМ БАЛАЛАРДЫҢ ЖУЎАБЫ

О, балларым қайылман,
Барлық истиң жайынан
Хабарыңыз бар екен,
Бериўге сауға тайынман.

Жарайды дейди жарайды,
Балларға баба қарайды,
Билмекши болып және де
Бир-еки сораў сорайды.

Аяз баба: —Қәне кимниң есинде,
Көринген пахта исинде
Академик ким еди
Алтын жулдыз төсинде.

Балалар: —Шымбайдың шамшырағы,
Мол зүрәәт мурады,
Қаҳарман ата Шамурат
Мәңгиге ядта турады.

Аяз баба:—Жаңалыкты хошлаған,
Қызларға уран таслаған,
Көк корабль айдауды
Ким биринши баслаған.

Балалар:—Мийнетинен бахтын тапкаи,
Орын алған алғы сапіаң,
Билемиз Айым апайды
Жумыртауға шырақ жаққан.

Аяз баба;—Қызыл кумды жайлап жүрген,
Жайлауларда айлап жүрген,
Даңқы шыққан қайсы шопан,
Сүриулеп қой айдап жүрген.

Балалар:—Нөсер-нөсер жауында да,
Қарлы қыс ҳәм дауылда да,
Қой өсирген Самбай аға,
Жайлауда да, ауылда да.

Аяз баба:—Әсиресе соңғы уақта,
Төктиң тауы, Кыран жақта,
Ким еди салы устасы,
Ийе болған үлкен даңққа.

Балалар:—Питик болар еккен жери
Маржан болар төккен тери,
Тонна-тонна сары алтыны—
Кан Алексей ердиң ери.

Аяз баба:—Ғайратланып күни-түни,
Ҳүрметинде халықтың,
Атағы шыққан балықшы
Аралдағы алып ким?

Балалар:—Шеберликти меңгерген,
Ҳинжи тауып мол берген,

Ардақлы Аяп ағамыз,
Таудай толқын жол берген.

Болды, болды, болғаны,
Бабаңның кеўли толғаны,
—Рахмет,—деди,—сизлерге!
Алыңызлар сауғаны.

Иши қызыл-жасыллы,
Сауға қалта ашылды,
Тас төбеден ҳәммеге
Шадлық дүри шашылды.

Сазға сай қәдем тасланып,
Қолларға қоллар усланып,
Аяз баба ортада
Кетти ойын басланып.

### ЁЛКАЖАН

Мудам жассаң-жасылсаң,
Қәдирлисең ҳасылсаң,
Байрамлардың басысаң
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Көк липаслар жамылып,
Көп безенип, тағынып,
Оранынсаң малынып
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Мысал мениң заманым,
Жадыраған жамалың,
Шадлығы ҳәр баланың
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Айтып қосық ойнаймыз.
Шаршағанша қоймаймыз.
Шырайына тоймаймыз
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Жаңа жылды баслайсаң,
Жүзиң жарқын жаснайсаң,

Ўақтымызды хошлайсаң.
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

Саўлатыңа сөз бар ма,
Көркиңе тояр көз бар ма,
Шаршайтуғын биз бар ма.
Ёлка, ёлка ёлкажан.

Сен жайнасаң жасанып,
Мен ойнасам йош алып,
Келмекте бол айланып
Ёлка, ёлка, ёлкажан.

## ЖАҢА ЖЫЛ

Сен келерсең өсер бойым,
Сен келерсең өсер ойым,
Сен деп алға қәдем қойдым,
Кел жаңа жыл, кел жаңа жыл.

Сен келерсең артар жасым
Ҳәўиж алар ықыласым,
Илгерилер бир класым,
Кел жаңа жыл, кел жаңа жыл.

Сабакларым жаңаланар,
Китапларым жаңа болар,
Санама нур қуяр олар,
Кел жаңа жыл, кел жаңа жыл.

Көп оқырман „бес“ аларман,
Билимлерден күш аларман,
Қыйынды да шеше аларман
Кел жаңа жыл, кел жаңа жыл.

Талўасланар бойда күшим,
Толысады келбет-пишин,
Қымбатлысаң мениң ушын,
Кел жаңа жыл, кел жаңа жыл.

Шыныгарман, ңығаярман,
Емеспен жаның аярдан,

Не хызмет болса таярман,
Кел жаңа жыл, кел жаңа жыл.

## ҚАР БАБА

Борап-борап жауды қар
Оны көрип қалынлар,
Жасаймыз қардан қар баба,
Орап-орап алыңлар.

Домалақлап келиңлер,
Алып келип бериңлер,—
Дейди, уста буйырып—
Оннан кейин көриңлер.

Керек емес ҳештеңең,
Иси жок ерте, кеш пенен,
Ҳәрбир үйдиң алдында
Қызып атыр ис деген.

Қушағында қары бар,
Балалардың бәри бар,
Жәмлескенсоң барлығы
Балалар болған таяр.

Бабалар көп ғаз-қатар
Көргенлер қызыққа батар
Бири-бирине уқсамас
Күлкиден силең қатар.

Биреўи узын соп-сопақ,
Дым созылып кеткен жақ,
Қап-қара көмирден қаслар,
Қолына услатқан таяқ.

Мынаўсы өрескил томпақ,
Бети денеден де жалпақ,
Көргенниң көзи тойсын деп
Басына кийгизген қалпақ.

Бундай бабалары көп,
Бабаларсыз үйлер жоқ,

Биреўи сып-сыйдам арық,
Биреўлеринин иши тоқ.

Ҳәр бирин сокты ҳәр бала,
Ҳәр түрли болды ҳәр баба,
Усамаған сыяқлы
Бир балаға бир бала.

Көшемизде тур баба,
Бәрҳа қыста бар баба,
Буның бәри бир баба,
Тийкарында қар баба.

*1974-жыл.*

## УАТАНЫМ

Қәстерледиң „гүлим" деп,
„Мүлтиксиз өс улым" деп,
Қушағында күлимлеп,
Әлпешлендим Ўатаным.

Қайт көкирек болмасын деп,
Еркелесин, ойнасын деп,
Қатарынан қалмасын деп,
Кеўилине жеттиң Ўатаным.

Не тилесен кеўилге сай,
Не қәлесем түўел бәржай,
Керек десем жулдыз я, ай,
Тайын еттиң Ўатаным.

Перзентке жан аналығын
Ақлы кәмбил даналығын,
Бахыт қушкан балалығым,
Меҳрибансаң Ўатаным.

Күткениңдей ержетермен
Жанымды пидә етермен,
Аналық ҳақын өтермен
Хызметиңде Ўатаным.

## ПАРТИЯ

Партиям сен ақылгөйим,
Партиям сен терең ойым.
Заманымның жарасығы
Партиям сен абыройым.

Саррас силтеў беретуғын
Сәрдарымыз еретуғын,
Көзимиздиң қарашығы
Партиям сен көретуғын.

Соғар журек—жанымызсаң,
Жүрип турған қанымызсаң,
Нурлап аткан ҳәрбир күни
Партиям сен, таңымызсаң.

Мақсетимиз әзелинде,
Коммунизм нәзеринде,
Алға баслап баратырған
Партиям сен, биз изинде.

Өткир зейин—сезгир сезим,
Сүйсиндирген жердиң жүзин,
Тынышлық, бахыт тиреги—
Партиям сен, текте өзиң.

Шадлық бердиң йошсам мен,
Қанат бердиң ушсам мен,
Таярман барлық иске де,
Партиям сен, қоссаң мен.

Қыйын ғой, деп қашсам мен
Онда мени намәрт деңә

## ҚУЎАНЫШЫМ СОЛ ЕДИ

Келсем үйге көшеден,
Алып келген кеше мен,
Шайнек жатыр бөлинип,
Сынған және кеседен.

„Ислеген буны ким?“—дедим,
Балларым айтты: билмедик.
Үш жастағы Саўлаттан
Сорайық деп изледик.

Үлкенлери қысынды,
Уялдыма, қысылды,
Ойнап жүрген жеринен
Үкесин үйге ысырды.

Томпаң-томпаң асыға,
Жетип келди қасыма
Шайнекти оған көрсетсем,
„Мен ғо!“—деди асыла.

Не деримди билмедим,
Қуўандым, бирақ күлмедим.
Сындыра берер және деп
Қуўанған түр бермедим.

Қуўанышым сол еди тек,
Көринип тур сап жүрек,
Шынлықты сүйип мәңгиге
Болагөр дедим ҳақ жүрек!

## БИЗИҢ МЕКТЕП БАҒЫНДА

*(Жас натуралистлер қосығы)*

Әйне жаздың ўағында,
Бизиң мектеп бағында,
Уўылжыған жемислер.
Ләззет берер жаныңа.

Гүллердиң жүз түри бар,
Миййелердиң бәри бар.
Бәри шийрин бәри пал,
Өзиң таңлап, қәлеп ал!

Қатар-қатар салмалар,
Еки бойы алмазар.
Жүзим, әнжир, әнары,
Жесең мийриң қанады.

Әйне жаздың ўағында,
Мектебимиз бағында,
Биз өсирген миййелер
Рәҳәт берер жаныңа.

## КЕШИГИЎДИҢ СЕБЕБИ

Муғаллим күнде азанда
Көреди барлап журналды,
Биледи аңлап ол сонда
Кимлер келген, ким қалды.

Әдет болған Маратқа,
Сабағынан кешиккен,
Жигирма минут өткенде
Көринер басы есиктен.

Кеткенсоң сабақ басланып,
Есикти ашып қарайды,
Дыққатын бөлип ҳәммениң
Кириўге рухсат сорайды.

Бир күн емес ҳәр күни
Кешигеди не ушын,
Вожатый бақлап көреди,
Мараттың бул жүрисин.

Есигиниң алдынан
Бир автобус өтеди екен,
Үйден шығып Марат соны
Ярым саат күтеди екен.

Автобусқа минемен деп,
Ўақыт босқа өтеди екен,
Жаяў жүрсе мектебине
Бес минутта-ақ жетеди екен.

## МИЛИЦИОНЕР КЕЛДИ БИЗИҢ КӨШЕГЕ

Милиционер кеше келип, Полатты,
„Үйи қайда?“ деп ҳәр кимнен сорапты,
Неге оны излейди деп адамлар,
Үйлеринен шыға-шыға қарапты.

Биреў айтты: оған бир ис болған деп,
Биреў айтты: төбелесип калған деп.
Биреў айтты: қарап жүрмей ол бала,
Биреўлерге аўыр жара салған деп.

Биреў айтты: алдаўлыққа ерген деп,
Биреў айтты: урлық ислеп жүрген деп,
Милиционер келиуиниң себеби,—
Биреў айтты: соны биреў көрген деп.

Бирақ олай болмай шықты изинде,
Меҳрибанлық оты жайнап көзинде,
Мектептен келмеген. Полат жоқ еди,
Ушырасты ата-ананың өзине.

—Сизиң Полатыңыз—деди, азамат,
Жолдан таўып алған екен ол бир зат,
Өзи апарып милицияға тапсырды,
Жазып алдық ҳәммесин де атма-ат.

Сол заттың ийеси бизлерге келди,
Жойытылған нәрсесин сол жерден көрди,
Начальник айтты ол мақтаныш етип,
Полат деген бала әкелип берди.

Затын тапқан адам қуўанып қайтты,
Жүзлери күлимлеп, мың алғыс айтты,
Полатгын да ата-анасы билсин—деп
Бул жигитти милиция жоллапты.

## УМЫТШАҚ

Ағасы турып азанда,
Дыққатлады Нызамға.
Алып кел деп бир затты,
Жиберди таныс адамға.

—Балам тезирек жүр деди,
Бар да өзин көр деди,
Бары жоғын билдирип,
Бир хабарын бер деди.

Бола көрме арқайын,
Жолыңа дилгир болмайын,
Сени күтип, жумыстан
Мен кешигип қалмайын.

Айтқанды қылмай болама,
Нызам шықты далаға,
Киятыр еди жол менен
Ушырасты бир топ балаға.

Бәриде Нызамның досты,
Кеселеп жолын тосты,
Ойнайық деп қоймағансоң
Оларға Нызам бас қосты.

Кем-кемнен қызды ойын
Ойынға болмады тойым,
Ағасы болса Нызамға
Көп қарады созып мойнын.

Келмеди күтти, күтти, күтти,
Билмеди ис қалай питти.
Буннан артық көп турыўға
Болмады, жумысқа кетти.

Ойын да шегине жетти,
Балалар тарқасып кетти.
Ал, Нызамның бир өзи
Ой үстинде қалды текте.

—Не ушын шыққанман үйден,
Жумысым не еди келген,
Кимге барып, не аламан,
Бәрин умытыппан мен...

Ағама не деймен „Ўақ-ўақ",
Деп турғанда нызам тап.
Дегендей болды тум-тустан:
—Әй, умытшақ, умытшақ!

## ӨКИНИПТИ ӘЖАҒАМ

Әжағамнан хат алдым,
Аманлығын айтыпты.

Өзи барған оқыўға
Қабылланбай қайтыпты,
Қайтқанының себебин
Маған былай айтыпты:

—Ойлар едим жасымнан
Пилот болып шықсам деп,
Тезлиги озған жасыннан
Самолётта ушсам деп.

Сабағыма кеўил бөлдим,
Муғаллимди тыңлап толық,
Тапсырманы билип келдим,
Класымда алық болып.

Класстан тыс көп оқыдым
Китап десе еринбедим,
Бос болса да қанша қолым
Ойынға көп берилмедим.

Буның бәри берди пайда
Аттестат алдым билесең,
Оқымасаң билим қайда
Әлбетте, сен түсинесең.

Барлық сабақ теңдей екен,
Оның парқын билмегенмен.
Физкультура аңсат қой, деп,
Гейде оған келмегенмен.

Экзамен болып усыннан
Жуўырғанда изде қалдым.
Секирсем де мен қысынған,
Көп ишинде сөзге қалдым.

Тартылғанда турникке
Майысып қолым талды.
Әжағаң сол себепли
Оқыўға кире алмады.

Иним саған тилек сол,
Қәдирле барлық сабақты,

Спорттың шын досты бол,
Жоқ оның керексиз уақты.

## ӨКПЕЛЕЎ

Ақыллы бала дер еди,
Алымды хәр бир муғаллим,
Жақсы деп сын береди,
Оған жолдас болса ким.

Күлим қағып-жадырап,
Ашылып турған қабағы,
Сирә онын болған жоқ
Билмейтуғын сабағы.

Барластырсаң балада,
Өмнринде ашыў жоқ,
Жумсаған жерге барады,
Қыйынсынып қашыў жоқ.

Алым, Нағым отырып,
Керисип калды азырак,
Алымға алып топылып,
Нағым уят етти бирак.

Тыртығын айтып жүзиниң,
„Қотыр" деди Алымға.
Кемисин айтып көзинин
„Соқыр" деди Алымға.

Нағым айтқан бул сөзлер,
Қыйналтты көрген адамды,
Тигилисип турған көзлер,
Нағымға барып кадалды.

Алым бирден ойланып,
Өзин бөлек шетке урды,
Көзиниң жасы айланып
Үйине қарай бет бурды.

Ҳәзир жүзде қалған изи,
Бурын болған жарасының.

Көрмейди оның оң көзи,
Нуры өшип қарасының.

Ҳешқашан ол ескерген жоқ,
Буның булай болғанлығын,
Сорастырып тексерген жоқ,
Көзи қалай қалғанлығын.

Өзи быйыл он үш жаста,
Бул ҳаққында сөз болған жоқ,
Усы уаққа шекем ҳасла
Бир ауыз сөз қозғалған жоқ.

Нағымның бүгин айтқаны,
Балаға дым батып кетти,
Сол еди тезден қайтқаны,
Ойға шүмип үйге жетти.

Алым үйге келе сала.
Шыдамады, „апа!“—деди
Ана көрип:—мына бала
Бунша неге қапа?—деди.

—Шынынан кел анажаным,
Көзим неге көрмей қалған.
Қыйланған ба мениң жаным,
Қашан, қалай жазым болған.

Ана бираз тоқтап қалды,
Қыйланды ма, ойланды ма
—Үҳ—деп сууық демин алды,
Сөз баслады, ойланды да:

—Дурыс балам расында,
Кишкененде болдың қыңыр
Еки ярым, үш жасыңда
Тынбайтуғын тыпыр-тыпыр.

Бир жыласаң қоймадың ҳеш
Қолда аяқта турмадың ҳеш,
Еркелесе-еркелесин
Дедимдағы, урмадым ҳеш.

Керек затты қолға алсаң,
Бизди оған зар етереӊ.
Бер балам деп сорап барсам,
Жер тепсинип шар етереӊ.

Бир күн үйде пышақ көрдиӊ,
Қой дегенди тыӊламадыӊ,
Жылар дедим ерик бердим,
Не боларын аӊламадым.

Сен пышақты алып қаштыӊ,
Сүринип жығылдыӊ тайып.
Жазатайым аяқ бастыӊ
Соннан балам болдыӊ майып.

Мен жыладым ҳуўшым кетти,
Ҳәм басымды урдым тасқа,
Тек көзиме күшим жетти
Қолымнан келмеди басқа.

Емлетип сениӊ көзиӊди,
Докторға көп қатнап едик,
Билмесин деп өзиӊди
Саған сирә айтпап едик.

Еслеп ана сондағысын,
Сел-сел етти көздиӊ жасын,
Айтпады, сөз қалды тоқтап,
Еки қоллап услап басын.

—Пышақты мен қолға алып,
Бермеймен деп турғанымда,
Жақларыма салып-салып
Келип мени урғанында,

Жулқып-жулқып қолларымнан
Күшлеп тартып алғанында,
Ҳеш нәрсе де болмас еди,
Шырлап жылап қалғанымда.

Жылап-жылап қояр едим,
Қайтып ондай қылмас едим,

Деди,—Алым:—бундай болып
Узақ жылап қалмас едим.

## СОРАЙМАН МЕН АПАМНАН

Турым киятқанда жолдан,
Велосипед келди солдан.
Аңлаўсызда қағып өтти
Бала жараланды қолдан.

Ҳәммеден бурын бир ғарры,
Көрди де жанына барды,
Орнынан турғызып дәрҳал,
Серледи қолдағы қанды.

—Балам, балам,—деп басын
Сыйпады, сүртип көз жасын,
Қолың қыршылған азырақ
Узақ болады жасың!

Бир милиция жүрип қатты,
Берман қарай адым атты,
Велосипедти тоқтатыўға
Үшпелегин шырылдатты.

Биринши Турымға келди,
Танысып аўҳалын билди,
Жақсы екенсең жигит деп,
Қуўанған түр билдирди.

Киши екен еле жасың,
Болсын жүргенде жолдасың.
Түсинип қой балам—деди,
Күлимсип, қағып арқасын.

Велосипедти айдаған,
Жигитке барды қайтадан,
Абайлы бол сен деди:
Ақырғы рет айтаман.

Келди машина „тез жәрдем"
Бәлким, биреў хабар берген,

Тексерди доктор Турымды
Деди: азмаз зәлелленген.

Баска ҳешнәрсе жоқ деди,
Қолың қыршылған тек деди,
Дәри жағып, таңып қойды
Қозғай берме көп деди...

Ғарры жолын даўам етти,
Милиционер калды текте,
Баланы доктор үйине
Машинада әкеп кетти.

Жасы жетиге қараған,
Оқыўға жүдә талабан,
Китабын қолтыклап күнде,
Дейди мектепке бараман.

Үкеси быйыл үшинде,
Бәрибир азан-кешинде
Апасының сөзи бар,
Турымның да есинде.

Жыласа болды баласы,
Қорқытып айтар анасы:
Алып кетер ана ғарры
Келип турғанын қарашы!

Болмаса, якшы тура тур,
Әне, милиция киятыр,
Милиция, жылай береди
Мына баланы келип ур!

Жылай берме қой енди,
Жыласаң доктор келеди,
Ол узын ийнеси менен
Шаншып, азап береди.

Бала талай жылайды,
Ана талай қайталайды,
Қорыққандай болып сонда,
Есикке бала қарайды.

Бундай сөзлер Турымға,
Көп айтылған бурында,
Ишинен корқып жүр еди
Түсинбей буның сырына.

Соннан шығар түси сууып,
Ғаррылар көринер суўық,
Доктор қадар ийнесин,
Милиция кетер қууып—

Деген ойы бийкарланды
Бүгин Турым көп ойланды.
Еситкенин ҳәм көргенин
Салыстырып, мысалға алды.

Ғаррылар болса бауырман,
Милиция беккем қорған,
Докторым қандай қәдирли
Өмир гүзетинде турған.

Адамды қашырып достан
Алдамаў керек ҳаслан.
Сорайман деди Турым
Апам неге алжаскан.

## МЕКТЕПТЕ ДЕ, ҮЙДЕ ДЕ

Жаслығынан бийхабар;
Оқыйман деп гәп табар,
Мурат күнде апасына
Дер еди; мектепке апар.

Апасы жықпай ырайын,
Кууаныш бийлеп шырайын,
Оқығың келсе Муратжан
Апарайын, апарайын...

Дейди, кеўилин алады,
Мурат мәс боп калады,
Бармаса да мектепке
Оқығандай болады.

Күнлер, айлар, өтти жыл
Күткен ўақыт жетти бул,
Мурат бир күн қуўанып,
Мектепке қарай тартты жол.

Баласын қосса қатарға,
Буннан артық бахыт барма,
Ертип келди ана улын
Дәслепки қәдем атарда.

Мектептиң ысық қушағы,
Баланың зейнин ашады,
Ғамхорлығы устаздың
Анасына усады.

Көз жиберип анасы,
Бақлап барды баласын,
Күнделикли сезди ол
Баласының ықласын.

Сонда да оның айтары:
Тәртипли бол деп айтады.
Муғаллимди дурыс тыңла,
Ой-сезимиң артады.

Тапсырма берсе егерде,
Түсинип ал, сол жерде,
Алды менен исле өзиң
Кейин көрейик бирге.

Класста сөйлеп дуў-дуў,
Я биреўге өшигиў,
Ушыраспасын өзиңде
Сабақтан қалыў, кешигиў.

Анасы айтқан нәсият,
Балаға болды кәлем-хат,
—Болып шығар саў болса,
Мұратжан бир азамат!—

Деп сүйсинди муғаллим,
Сер салғанда ҳәрбир күн.

Ҳәрекети баланың
Муғаллимге унар дым.

Шақырып шетке далаға,
Муғаллим айтты балаға,
Жәрдем көрсет үйиңе,
Қол-көмек берип анаңа.

Ҳәм тағы да ўақты-ўақты,
Аўдарды оған дыққатты,
Үйдеги исин Мураттың
Муғаллим күтә унатты.

Шақырып оның анасын,
Тәрийплеп берди баласын,
Муратжан мудам үлгили,
Мақтаныш етер класым.

Бул исте мийнетиңиз көп,
Сонлықтан зийнетимиз көп,
Тәрбияң ушын балаңа
Сизге миннетдар мектеп!

Ана да қосылып сөзге,
Бул алғыс миясар сизге,
Бәрин мектептен үйренди,
Қуўанамыз буған биз де.

Әсиресе быйылғы
Еткен иси тийимли,
Қысқа қолым узайып,
Отымның басы жыйылды.

Тазалықты қолға алған,
Қутылдық үйдеги шаңнан,
Толып турар ыдыслар
Суў қуйылып краннан.

Жүрген жерин гүл жайнатып,
Үкелерин де ойнатып,
Шаршап келген ўақтымда
Берер маған шай қайнатып,

Расында бул кәрада,
Кеўли толып балаға,
Алғыслады бирин-бири
Муғаллим де, ана да.

Мектепте емес тек ғана,
Үйде де иси көп ғана,
Үлгили болды ҳәммеге
Мурат деген бир бала.

## ОТРЯДТЫҢ СБОРЫНДА

Пионерлери „Б" бестиң,
Баслаўшысы үлкен истиң,
Намысы ушын класстың
Гүресип атыр кескин.

Жуўмақлары шеректиң,
Сборларда каралады,
Үлгермесе егер ким,
Себеплери соралады.

Керек болып калса жәрдем
Аянбайды балалар.
Жәмлесип барлығы бирден,
Тезлик пенен колға алар.

Муғаллимге ойласып,
Мәселелер шешеди,
Көргенлер:—бул ойласық,—
Нәтийжели деседи.

Жақында усы отряд,
Үлгериўди қарап көрди,
Есапқа алды атма-ат;
—Кимлер калай үлгерди?

Жигирма бес еди класста,
Гилен „беси" бес бала,
Бул шеректе жоқ ҳасла,
Үлгермеген ҳеш бала.

„Төрти“, „беси“ аралас,
Онжетиси бар тағы.
„Беске“ оқыр койса ыклас,
Шереклерде алдағы.

Үш баланың үши бар,
Бул үш зыян ҳәммеге,
Жаксы оқыр күши бар,
Төмен оқыйды неге?

Усы үшлер болмағанда,
Бул отряд ҳәрўак,
Жүрер еди мудам алда,
Мектепте болып шам-шырак.

Мәселе усылай козғалды,
Қысынды Есим, Есен де,
Не айтарын билмей қалды,
Қызарып кетти Үсен де.

Айжан айтты:—алса да үшти,
Есим сабактан күшли,
Сонда буның сыры неде?
Айтып берейин бул исти.

Муғаллимди тыңлайды,
Түсинеди, аңлайды,
Класста билгени билген,
Сырттан қосып алмайды.

Китабын үйге таслайды,
Бетин сирә ашпайды,
Сонлықтан алған баҳасы,
Өмирде үштен аспайды.

Хатийша турып орнынан;
—Билемен деди, бурыннан,
Оқыйман десе, егерде
Келеди оның қолынан.

Бир әдет бар Есенде,
Қайталанар күнде-күнде,

Тыйын бер деп тепсинип,
Турғанлығын көрдим мен де.

Көп берилер тыйынға,
Сол бир жери қыйын да,
Алмасам дейди тыйынды,
Сабақ қонбас мийима.

Курортка кеткен папасы,
Бермеген тыйын апасы,
Таярлык болмай оқыўдың
Төменлеген сапасы.

Деди, Клим; —Үсеннин,
Өзинде жоқ исеним.
Сүйенип кеткен бәрҳама,
Көмегине кисиниң.

Әжағасы келмесе,
Есаптан жәрдем бермесе,
Үсен нәрсе шешеалмас,
Өзи билип бир нәрсе.

Мине, соның себеби,
Таярлықсыз келеди,
Зейин салып оқыса,
Үсен де жақсы биледи.

Сөзге шыққанлар енди,
Беремиз деди жәрдемди,
Жақсы оқыўға шақырды,
Есим, Үсен, Есенди.

Тыңлайық деп өзлерин,
Сөз берди бирим-бирим,
Үшеўи де досларына
Айтты турып пикирин.

Бөлек-бөлек сөз алса да,
Қысынса да, қызарса да
Айтқанлары тийкарынан,
Бир мазмунда, бир мағнада.

Сизлерге уятлымыз биз,
Досларым кеширициз,
Ойланбаслык, билмесликтен,
Класска тийди кесиримиз.

Сөзициз бизлерге айткан,
Бәри жан ашыганлыктан,
Кемшиликти жоямыз,
Үлгили оқып сабақтан.

Барлық илажды көремиз,
Бул ауҳалдан өзгеремиз,
Енди бундай болмайды деп,
Пионерлик сөз беремиз.

Көрсетип отряд исеним,
Деди;—ҳәмме исениң,
Орынлайды, ўәдесин
Есим, Есен, Үсениң.

## МОСКВАДА УШЫРАСҚАНДА

Миллионлардың ўәкиллери,
Бир адамдай сесин қосты,
Бөлек болса да тиллери,
Таныды айырылмас досты
Москвада ушырасқанда.

Көп тилде жаңлаған ҳаўаз,
Бир мақсетке бағдарланды,
Шадлы қосық, шертилген саз,
Қуўантты барлық адамды
Москвада ушырасқанда.

Дослық ҳәм бирлик жырланды,
Жас негрдиң сөзлеринде,
Парахат жасаў әрманы,
Жайнап турды сөзлеринде
Москвада ушырасқанда.

Қытай қызы айткан қосық,
Ҳәммегеде унап қалды,
Рус қызы даўыс қосып,

Қайтармасын бирге алды
Москвада ушырасқанда.

Дослар доска қолын берди,
Билдирди тилек әрманын,
Жаслар бәленг көтерди,
Парахатшылық байрағын.
Москвада ушырасқанда.

„Жаса, Москва сүйикли қала!—"
Деген сөзлер жаңлап кетти,
Келген мийман фестивальға,
Кеўли толды, шад боп кетти
Москвада ушырасқанда.

## БАЛАЛАР ҮИИНДЕ

Бәҳәр айларының еди бир күни,
Балалар үйине шақырды мени,
Мейли арамыздан өтсин қанша жыл,
Өмиримше умытпайман сол күнди.

Нәрестениң жаўдыраған көзлери,
Жаўдырасып жаўлап алды бизлерди,
Ал, олардың билинип тур жүзинен,
Ата-анаға аҳыў-зарлық излери.

Бир бес жасар бала келип қасымнан
Орын алды, сыйпаладым басынан
Қеўилиндеги қапалығын аңғардым,
Көзлериниң дөңгеленген жасынан.

—Папамсаң ғо, я, деди қарап жүзиме,
Папасы боп көриндим бе, көзине,
Қапашылық кетсин еп мен баладан,
—Аўа,—дедим, әсте ғана өзине.

Сонда бала өз-өзинен масайрап,
Көзлери күлимлеп, жүзлери жайнап,
Бала кем-кем минип алды диземе,
Кип-киши қоллары бетимди сыйпап.

—Сағындым папажан неге келмедиң?
—Сениң бунда екениңди билмедим
Қапа болып қалмасын деп нәресте,
Мен бул жерде расынан келмедим.

Бул баланың алжасқаны сезилди.
Билип мениң жүрек бауырым езилди,
Қайтар уақта көз жас төгип хошластық,
Әкели-балалы болып изинде.

Нәресте көз жасы мени қыйнады,
Узақ уақыт сол баланы ойладым.
Тас бауыр әкеге артып ғәзебим.
„Ҳәссений!“ деп зығырданым қайнады.

## МЕКТЕБИМДЕ УСТАЗЫМ КӨП

Көз алдыма келсе мектеп,
Мектебимизде устазым көп,
Ылайық, оның бәрине,
Басымды ийсем ҳүрметлеп.

Бир-бирлеп ҳәрип үйреткен,
Ҳәриплеп сөзлер сөйлеткен,
Устазлар ядтан шықпайды,
Ойымды кем-кем өрлеткен.

Жақсы бол деп жалынып,
Кемисим болса налынып,
Турғанлығым есимде
Нәзериңе алынып.

Унайғойса бир исим.
Қуўаныштан жайнар түсиң.
Алғысларым шексиз бүгин,
Сиздей уллы устаз ушын,

Шәкирт ушын ашыр жаның,
Ата-анамдай мийирбаным,
Көрдим сенде уллы устаз,
Уллылықтың көп нышаны.

# Жумбақ қосықлар
# Жумбақлар
# Жаңылтпашлар



## ЖУМБАҚ ҚОСЫҚЛАР

### БУНЫ КИМ БУРЫН ТАБА АЛАР?

Дәрбентлерде бир нәрсе,
Жалт-жулт етип турады,
Адам емес өзлери,
Жарқырайды көзлери,
Сөйлейтуғын тили жоқ,
Көзлеринен аңланар
Айтатуғын сөзлери.
Көзлерин бирден ашпайды,
Ҳешким көзин қысып қараса
Зымырап келген машина
Сол заматта-ақ тоқтайды,
Машиналар алдынан
Кесип өтип адамлар
Былай-былай қагнайды.
Ашылған көзи жумылса
Машиналар барады,
Жаяўлар тоқтап турады,
Билесиз бе, балалар,
Буны ким бурын таба алар?

### БУЛ НЕ БОЛАР БАЛАЛАР?

Узын-узын қатар жай,
Зымырап жүрип келеди,
Азырақ-азырақ ҳәр жерде
Дем алып турып келеди.
Күнге-түнге қарамай
Сегбир урып келеди,
Барлық жайдың ишинде
Адамлар толып келеди.
Жол-жөнекей қарасаң
Биреўлер минсе жаңадан
Биреўлер қалып келеди.
Дизбекленген көп жайды
Бир жай алып келеди.

Бул не болар балалар,
Қәне ким тауып береди?

## АЙТЫП БЕРИҢ БАЛАЛАР?

Жай ишинде бир терек,
Жапырақлары жасылдан,
Шақасы бойлап өрмелер
Ойыншықлар асылған
Көплиги сонша олардың
Асып агыр басыннан.
Оған үйир болады
Ҳәмме адам жасынан,
Қосык айтып балалар
Айланып жүрер қасынан
Ойыншықлар нур менен
Шағылысып жанады,
Қасына барған адамның
Көрип мийри қанады.
Негизинде бул өзи
Қыс күнлери болады,
Айтып бериң балалар,
Ким ойланып табады?

## ОЙЛАНЫП КӨРИҢ НЕ ЕКЕН?

Үйинде бир айна бар,
Тетиги бар айналар,
Барып оны бурасаң
Хош хабарлар сайралар,
Көрсетилер кинолар,
Айтылып қосық, ойынлар,
Дыққат қойып қарасаң,
Бир заматта көз бенен
Жердиң жүзин шоласаң,
Отырсаң да үйинде
Москва, Ташкент, Нөкистен,
Көп жаңалық аңланар
Техниканың күши бул
Ҳеш жери жоқ таңланар.
Ойланып көриң не екен,
Қәне, оны ким табар?

## СЕН ҚАРАСАҢ ҚАРАЙДЫ

Ерте турып орныңнан,
Әдетиңше бурыннан,
Шынығып келип, жууынып
Көз жиберсең үңилип,
Қарсы алдында бир адам,
Сен қарасаң қарайды,
Шаш тарасаң тарайды,
Тап өзиңе усаған
Қуйып қойған шырайы,
Алартсаң сен көзиңди,
Алартар ол да қайтпайды,
Бирақ сениң сөзиңди
Сес шығарып айтпайды.

## БУНЫСЫЗ СИРӘ БОЛМАЙДЫ

Тық-тық етип тынбайды,
Уйықлап көзин жумбайды,
Дөңгелектиң ишинде
Бир из бенен зымырайды.
Қасында жүрип турса да,
Бийорын уйқы бузбайды.
Ал, оят деп өтинсең
Ҳеш қыйланып турмайды.
„Мине уақтың болды деп,
Турҳа-турлап" шырлайды,
Узын-қысқа еки тил,
Бирисиз-бири болмайды.
Кишкенеси жай жүрип,
Үлкени тез-тез зырлайды.
Күнделикли өмириң
Бунысыз сирә болмайды.

## ӨЗИ СЫМНАН АҒАДЫ

Сөз жоқ егер күн болса,
Ал, қараңғы түн болса
Бир кнопка бассаңыз,
Күндиз болып кетеди,
Ҳәр жайында бир-бирден,
Жулдыз болып кетеди.

Өзи сымнан ағады,
Керек адам жағады,
Зәрүрлиги болмаса
Ашық турған сағаны,
Бурайды да жабады,
Айтып бериң балалар,
Қәнекей ким табады?

**НЕ ЕКЕНИН БИЛИҢИЗ?**

Жағып қойған отын жоқ,
Я өзинде түтин жоқ,
Көк жалын гүўлеп лаўлайды,
Күйе деген болмайды.
Рухсатыңа қарайды,
Үйден-үйге тарайды,
Қыстың суўық күнинде,
Пешлериңди қыздырып,
Лаплатады үйинди,
Қайнатады чайынды,
Күйдиреди майынды.
Шайың менен аўқатың,
Қәлеген ўақта тайынды,
Балалар ойлап көриңиз,
Не екенин билиңиз?

## ЖУМБАҚЛАР

Бир әжайып гилемше,
Дийўалларға қағылған.
Жер жаҳан сыйып ишине,
Излегениң табылған.
Москва, Париж, Лондон ба,
Барлығы да бар онда.
Ел ме, жер ме, теңиз бе
Мысал ушын сен изле!

*(карта)*

Ерте бәҳәр егилип,
Гүзде писип ашылар.
Қалмасын деп төгилип,
Териўге халқым асығар.

Үлпилдеген ақ мамық,
Жыйнар ҳәмме күш салып.

*(пахта)*

Ҳәр үйде бар бир айна,
Кәраматлы бул айна,
Жаңалық болса жаҳанда,
Көз алдыңа келеди.
Ҳәм көресең көз бенен.
Түсиндирер сөз бенен
Бәрин айтып береди.
Үлкен бе, ол, киши ме,
Ҳәмме оны көреди.

*(телевизор)*

Өзи бир зат домалақ,
Тепсең кетер домалап,
Теберин өзиң тепсең де
Услайсаң зорға қуўалап.

*(топ)*

Қыс күнлери көп болып,
Аспаннан жаўар ақ болып,
Балалардың жүрер қолында,
Ақ жумбаршақ топ болып,
Суўықта қатты болса да.
Қуяштың нуры түскенде,
Ыдырап кетер жоқ болып.

*(қар)*

Сары, қызыл, жасыл нур,
Үшеўи де ҳасыл нур,
Дәрбентинде жоллардың,
Ҳәрекетти бақлап тур.
Нәўбетлесип үшеўи,
Адамларды қәўиптен,
Сақшы болып сақлап тур.

*(светофор)*

Кәннен қазып алынар.
Аўқатқа қосып салынар,
Түри ақ, бирақ қант емес,

Кәйтерсең оның тазасын,
Айтыў қыйын жеткерип,
Аўқатқа берген мазасын.

*(дуз)*

Онысыз күниң кешпейди,
Дастурханнан түспейди,
Ол болмаса ҳеш адам.
Ҳәтте шай да ишпейди.

*(нан)*

Сүйеги полат ак суңқар,
Қанатлары қағылмас,
Сапар шексең дым дәркар.
Жолынан сирә жаңылмас.
Минип алсаң үстине,
Аспанлап зымырап кетеди.
Дийдилеген жериңе,
Ҳәп заматта жетеди.

*(самолёт)*

* * *

Бес жуп екен ылақлары Кәдирдиң,
Қанша сонда
Ылағының қулақлары Кәдирдиң,
Ҳәр ылақтың туяқлары төрт дана,
Басларын есапла, көзлерин сана.
Кәнекей қосып көр ылақлар қанша.
Барлық ылақларда қулақлар қанша?
Ҳәр ылақта төртеў болса егерде,
Ҳәммесин қосқанда туяқлар қанша.
Әлбетте, ылақта бир-бирден гелле,
Еки көз барлығын билесең сен де,
Өзлериң анықлап есаплап көриң
Қанша болар екен қосқанда бәрин?

## ЖАҢЫЛТПАШЛАР

Қошқарбай қорағa кирип еди,
Қорада еки қошқар турып еди,
Бола қалды бир пышық басты,

Қошқарлар арман қашты,
Қошқарбай берман қашты.
Арман қашқан қошқарлар қорыққан ба,
Берман қашқан Қошқарбай қорыққан ба,
Қошқарбай қошқарлардан үриккен бе,
Қошқарлар Қошқарбайдан үриккен бе,
Қорыққан ба, үриккен бе,
Үриккен бе, қорыққан ба?

* * *

Сәдирбай салма тазалай алмайды,
Қәдирбай алма тазалай алмайды,
Әкеси еки баласын да,
„Тазалай алмадың" деп жазалай алмайды.
Тазалайалмайды, жазалайалмайды,
Жазалайалмайды, тазалайалмайды.

Шүйик-шүйик шөжелер:
„Қәне бизге гөже" дер,
Гөжени шөже ишеди,
Шөжелер гөже ишеди.
Шөже ишеди, гөже ишеди,
Гөже ишеди, шөже ишеди.

Ҳәрекети жүдә қызық қораздың
Күни менен ермеги сол Ораздың,
Ораз күнде жем береди қоразға,
Қораз сонсын ерип жүрер Оразға.
Буны көрип ҳәзиллесип балалар,
Десе бири: Қораз Ораз киятыр,
Дейди бири: Ораз қораз киятыр.
Ораз қораз киятыр,
Қораз Ораз киятыр!

Қатар турған бес табақ,
Бар бәринде асқабақ,
Бир табақ бар бас табақ,
Бир табақ бар тастабақ,
Қайсысы оның бас табақ,
Бас табақ сол тас табақ,
Тас табақ сол бас табақ.

# Ертеклер, Поэмалар



## СЫРЛЫ АЛЬБОМ

*(Поэма)*

I

Ўаганым қүдиретли, абадан халқым,
Қыйынлықты қыйратқандай күшим бар.
Мийнетте шынықтым, артпақта даңқым,
Мол жемисли таң қаларлық исим бар.

Мийнет етсем нурланады турмысым,
Қымбат баҳа халық алғысын аламан.
Билим кәни кәлеўимше ашық тур,
Десем—егер бир билимпаз боламан.

Дем алсам тағы да праволыман,
Кәлеген ўақытта жолламам қолда,
Курортларға жыл да барып тураман,
Гезлесип көп досты көремен сонда.

Сағынысып көрисемиз қуўанып,
Жаңалықты еслер ҳәр ким аўылынан.
Гүрриңлесип отырамыз сырласып,
Күнделикли жумыслардың жайынан.

Айтылар минекей жаслық туўралы,
Ҳеш қашан көрмеген адамзат бурын.
Жүзимизди сүйер куяш нурлары,
Өмиримиз қандай әжайып бүгин.

Партия—Ленин тиллеримизде жыр,
Айтамыз көп тилде намаға қосып,
Оның уллы ғамхорлығы ядта тур,
Арнаймыз биз оған бир неше қосық.

Аккардеон шертилсе жаңлап ҳаўазы,
Кегемиз бир ўақта танцаға түсип,

Қызып кетер сондай ойын мапазы,
Бирден „Фокстродтан“, „Гопакқа“ көшип,

Аз ғана дем алып болғаннан кейин,
— Саша! — деп қол созар және де бир қыз.
Кеўил йошланады ашылып зейин,
„Вальсти“ де ойнап аяқлаймыз биз.

Бийик өскен кипарислер арасы,
Хош ийисли гүллер менен тутаскан.
Қырым жери сулыў. Ялта қаласы,
Көзди тартар зериктирип турмастан.

Бағ ишине скамейка қойылған,
Гейде отырамыз барып ғаз-қатар.
Барлық дыққатымыз бөлинер соған,
Ким ертек, ким оқыған китабын айтар.

Қандай дослық бир-биреўдиң жүзинде,
Хош минайым меҳирибанлық сезим бар.
Дослық, туўысқанлық айтар сөзинде,
Бир семья адамындай кеўил бар.

Жақында болса да соңғы келгеним,
Таныс-билис болып қалдық биз демде,
Бүгингиден артықмашлаў ертеңим,
Түсинисип, нәзер салсам ҳәр күнге.

II

Ертецине таң қаларлық тамаша,
Көпшиликпиз, бағ ишинде отырмыз.
Көзин тигип қарай берди Наташа,
Дем алыўға Украинадан келген қыз.

Өткир көзи қадалғанда көзиме,
Әлўан түрли терец ойға батаман.
„Бул неси?“ деп сораў қойып өзиме,
Мен де оған тигилемен қайтадан.

Айтылажақ сыры бардай бул жерде,
Күлим қағып белги берер бет әлпи.

Ашыўлы, өзгерер минези дем де,
Биресе жүзинде ойнайды күлки.

Таныйман бул қызды келгеннен берли,
Сорасқанбыз атымды да биледи,
Сонда да ол „қарақалпақ“ деп мени
Шақырады, дәлкеклесип күледи.

Бир ўақытта өз альбомын усынып,
Сүўретлерин көриўимди сорады.
Досларымыз қыр дөгерек отырып,
Мойнын созып көзин тигип қарады.

Аштым бир шетинен дәслепки бетин,
Наташа мектепте, лагерьде, үйде,
Кемпир менен бир ғаррының сүўретин
Көрдим оны ата-анам деди.

Қарадым екинши бетти де ашып,
Бир таныс келбетке көзлерим түсти.
Кетиўге болмады, ал оннан асып,
Турып қалдым, деп ойладым: бул неси!

Алдымдағы туўысқанның тулғасы,
Тарта берди дыққатымды өзине,
Ҳеш гүман жоқ деймен, өзим сол усы,
Қарайман да көзи менен жүзине.

III

1941-жыл...
Еле умытқаным жоқ, есимде ол,
Жигит ағам атланғанда фронтқа,
Бизлер де хошласып тиледик ҳақ жол.

Ата-анам сүйип улының қолын,
Душпанға аяўсыз болыўды айтты.
Ол тыңлады да сөзин ата-ананың,
Орынлаўға берди перзентлик антты.

Жаңа еки жылдан өткенде бир күн,
Суўық хабар келди туўған ағадан,

Үйимизден ууайымлы шықты үн,
Өзимиздей қыйналысты көп адам.

Зил болса да Батырбектиң қазасы,
Мәртлиги кеўилди тыншытты бирақ.
Душпанына қайнап кекли-ызасы,
Гүзетте жан берди Ўатанды қорғап.

Әскерий бөлимнен үйге келди хат,
Алғыслаған атам менен анамды.
Депти: халық батырлығын етер ят,
Умытпайды ерлик еткен баланды.

IV

Альбомдағы азаматтың сүўрети,
Усы ислерди қайта салды ядыма,
Басқа бетти енди ашқым келмеди,
Бас көтерип, бой тикледим орнымда.

Жолдаслар көз таслап қарады маған,
Бир түрли өзгерген түримди көрип.
Сорадым: қалай?... Бул мениң ағам...
Наташаға қарап, мойнымды бурып.

Ақырында берди бизге баянлап,
Дос альбомы сырды ашып таслады,
Қасында отырдық ҳәммемиз тыңлап,
Альбомлы қыз сөзди былай баслады:

— Бузбақшы боп елимиздиң бирлигин,
Душпан топылғанда совет халқына.
Ҳәр бир адам көрсетти шын ерлигин,
Жаўға соққы берип Ўатан алдында.

Сол ўақтымда едим он бес жасымда,
Фельдшерликте оқып жүрмен Киевте,
Аўыр қәўип туўғанда елдиң басына,
Кеттим мен де фронттағы хызметке.

Киев қапталында қалың тоғайда,
Пехота изинен қалмай жүремен.

Жаўынгерлер жарадар болса да қайда,
Емлеймен, санчастьқа хабар беремен.

Қыс айының бир күни еди есимде,
Душпан топылысы күшли басланды,
Дым қараңғы айсыз түнниң ишинде,
Оқлар гүңирентти жер ҳәм аспанды.

Мәртлер бой тикледи турып окоптан,
Топылысқа қарсы бирден умтылды,
Атыс, айқас болып кетти жан-жақтан,
Қызған саўаш көп узаққа созылды.

Өткир найзаларға түйрелсе душпан,
Бизден де көп адам қыйралды сонда,
Шүйкилдеп снаряд жаўса аспаннан,
Душпан самолети таслады бомба.

Бир ўақта тынышлық орнады бирден,
Бой тиклеп алдыма урдым қәдемди.
Аңлаўсыз ҳеш қандай күтпеген жерден,
Үш жаўыз қоршады келип қәҳәрли.

Мылтықларын гөзеп айтты бир сөзди,
Лал болдым да турдым түсинбегендей.
Жеркенишли аттым отлы көзимди,
Өлсем де ҳеш бас иймеймен дегендей.

Жулқылады келип мени биреўи,
Биреўи аяўсыз жағыма урды.
Сен ким... Сен рус?—деп copaўлар берди,
Анталап бир жуўап күтти де турды.

—Мен комсомол! Мен руспан!—дедим,
Бул сөзлер бойыма күш-жигер берди.
Халқымды душпаннан қорғаўға келдим
Десем, ол арсызлар ғарқылдап күлди.

Қайда комсомоллық билетиң сениң,
Ал, бер маған болса,—деди жанында,
—Ол тек қағаз емес жүрегим мениң
Дедим беккем сиңип кеткен қаныма.

Сен ушын бул билет әпиуайы нәрсе,
Бирақ маған қымбат, маған өмир ол.
Кеңесшим, қуралым барлық жерде де,
Алға жеңислерге бәрҳа силтер жол.

Таң атып жақтылық тарады жерге,
Ҳәзир қуяш көтерилер уақ болды.
Тәбият кәҳәрлидей халық пенен бирге,
Бирақ аспан гүңгирт бултларға толы.

Толық жууап ала алмады душпанлар,
Мениң айтқан сөзлеримди көрди кек.
Таяқ тийди, денемнен атлықты қанлар,
Команданы таяқ пенен берди тек.

Қолларым байлаўлы айдады алға,
Штабка!—деп ийтермелеп киятыр.
Тоғай арасында тар соқпақ жолда,
Киятырман, қандай азап күтип тур.

Мийримсизлик оларда не деген күшли,
Жырткышлық сезимге жүреги толған.
Адамға тән ар-намысты, мийиримди,
Көрмейсең ҳеш излесең де олардан.

Таң азаннан жүрип геўгимге шекем,
Қанлы штабына келдик душпанның,
Еки офицери күтип тур екен,
Жәлладындай өмир менен жас жанның.

Мени бунда айдап келген үш адам,
Берди оларға рапортын мақтанып.
Ишке карай тепти бири аркамнан,
Жығылдым офицер алдына барып.

Тез бойымды тиклеп турдым алдында,
Жүрегимди кекли ашыў кернеди.
„—Әй, сулыў қыз қолға түсип қалдың ба?"
Батты жанға деген олар ермеги.

Деген менен енди қандай илаж бар,
Ўақытша қыйынлық түскенде басқа,

Айтаман өз-өзиме болып мәдаткар,
Саған курал, беккем бол, сыр шашпа.

Фашист сораўлары жаўындай жаўды,
Бири болмай, екиншиси сөз баслар,
Берип үлгермей-ақ ҳәр бир сораўды,
Биреўи жулмалап жағамнан услар.

— Бул тоғайда неше жерде орнасқан,
Бизге карсы қаратылған күшлер бар.
Айт барлығын тартынбастан растан,
Тезирек бол, көп турыўға ўақыт тар.

Барлық сораўлары усыған мегзес,
Сырын алыў еди менин елимнин.
Айтқанымнан жақсы емес пе усы ис,
Халқым ушын кесилгени тилимниң.

Күшлерим бар қанша десең жетели,
Дедим корғалады елим ҳәм жерим.
Урыс бизиң жеңис пенен питеди,
Тек ғана бул урыс душпанға өлим.

Тапырақлап өрре турды орнынан,
Жақын келди жаўызлардын ҳәммеси.
Ҳеш калмады көзлериниң нурынан,
Мениң сөзлеримнен ушты зәрреси.

Бирақ та ашыўлы ақыретлер берди,
Бири тартты аяўсыз шашымнан услап,
Шабаланып тум-тусымнан тәп берди,
Пәнже салды азыўлы жырткышқа усап.

Штабынан сыртқа қарай түйгишлеп,
Бир ашыққа койды мени шығарып.
Бесеўи былдырлап өзинше сөйлеп,
Тутты қатар автоматын қолға алып.

Автоматлар аўзы маған қарады,
Бесеўиниң бирден атыў мақсети.
Душпаныма кегим қайнап барады,
Болмақшы ма ҳарамылар нийети!

Өлим қармағына илинип турман,
Соңғы секундлары қалды өмирдиң,
Әлбетте, қутылыў мүмкин бе буннан,
Ол ҳаққында ойланып та көрмедим.

Баслаймыз деген сөз қулаққа келди,
Денем түршикти де төмен қарадым.
Шыққан оқлар автоматтан сес берди,
Бир ўақта билмеймен қалай қуладым.

Әллен ўақта көзди ашып қарасам,
Қайырқом боп отыр биреў қасымда,
Қорықпа дейди әсте ғана ол адам:
— Ўатанласың бул отырған басында.

Түсинбеймен ҳеш бир бул қандай аўҳал,
Жаңа емес пе оқ аўзында турғаным,
Оқлар маған қарап атылған мәҳәл,
Оннан мениң қалай аман қалғаным?

Лейтенант Батырбек деди ол өзин,
Наташа деп мени билгеннен кейин,
Жүр қарындас изиме ер мен өзим,
Қалай келгенимди айтып берейин.

Лейтенант әкелди изине ертип,
Мени душпан атпақ болған жерине,
Бесеўи де жерге қулашын керип,
Түскен ет-бетинен, өлген бәри де.

Мен қамаўға алынғанда азанда,
Лейтенант та сезген екен бул исти.
Изимизден жетиў ушын сол манда
Аямай жумсаған бойда бар күшти.

Капталласып келе берген тасадан,
Атыў ушын көплигинен тартынған.
Шөп астынан бир окопты жасаған,
Тап штабтың дууры ғана артынан.

Не сөзлер айтылса бәрин де билген,
Фашистлердиң санын алған анықлап.

Мени атыўға алып шыққанын көрген,
Қәдемди сол жаққа таслаған нықлап.

Душпанлардың қарсы алдында бой таслап,
Бир үлкен путаны паналап жатқан.
Мени өлтириўге бәри ғоддаслап,
Турғанда лейтенант оларды атқан.

Қулағыма келген оқтың сеслери,
Екен, олар жәлладлардың әжели,
Нәзерлеп атқанда советтиң ери,
Қалмапты ҳеш жаўызлардың саў жери.

Мениң қулап жығылғаным қорқыўдан,
Естен айрылғанман атты деп мени.
Бойыма таяқтың зардабы урған,
Қалтыратып, аўырлатып денени.

Қатты қушақладым ғамхор баўырды,
Өлим тырнағынан мени қутқарған.
Билинбейди қай жерлерим аўырды,
Себеби, душпаннан кегим алынған.

Умытарма адам бундай ерликти,
Сум әжелдиң топылысын қыйратқан.
Қорғап әдилликти ҳәм бирликти,
Өмир қәўпин серпип нурдай жайнатқан.

Сүйдим оны шын жүректен берилип,
Мәрт жигитке бағышланды алғысым,
Жеңемиз биз, қалар душпан жеңилип,
Сәтли болды ҳәм жеңисли ҳәр исим.

Лейтенанттың маған сөйлеген сөзи,
Унайды кеўлиме берип күш-жигер,
Денемди қытықлап түскенде көзи,
Жай басып қәдемин, қасымда келер.

Сол түнниң ишинде қайттық кейинге,
Өзимиздиң адамларға қосылдық.
Бирге хызмет етип усы бөлимде,
Әдеўир күн ажыраспадық бир болдық:

Госпитальға жиберилдим бир күни,
Лейтенант та басқа бөлимге кетти.
Бирақ, бизлер айырылысар сол түни,
Жүрек толқып, көзлер уйқысыз өтти.

Қушты бизди түнниң жайлы қушағы,
Денени балқытты, дослық татыўлық,
Қуўанышлы көрискеймиз биз тағы,
Деп бир-биреўден естелик алдық.

Жигит сумкасынан сүўретти алды,
Усынды ол маған дослық белги деп.
Мен берген сүўретти орнына салды,
Хошластық, тез күнде жеңисти тилеп.

Ўатан муҳаббаты бәринен аўыр,
Жекке мәпи емес ҳеш бир адамның,
Ол мәртликти, шынлықты таныр,
Халық хызмети—бахыты ҳәр инсанның.

Еки айдан асламырақ иследим,
„Х" деген қалада болды мәканым,
Я күн екен, я түн екен демедим,
Жаўынгерлер хызметинде жас жаным.

Бир күни кешкурын тағы да келди,
Бир топар жаўынгер жарадар болған,
Носилкада келген лейтенант деди,
Қарасам Батырбек жаралы болған.

Койкада жатқызып, жуўдым қанларын,
Еле өзи еси-түсин билмейди.
Көзим жаслы, аянышлы қарадым.
Ашпайды көз, сөйлеўге тил келмейди.

Душпан оғы тийген бастан қадалып,
Денесине жайылған оның зәҳәри.
Жатыр зорға бөлип-бөлип дем алып,
Пайда бермей атыр жумсалған дәри.

Суў жағып ернине, сыйпап денесин,
Отырдым қасында қайғылы болып.

Бир уақытта жыйнап алғандай есин,
Көз ашты, жүзиме қарады шолып.

Ҳаў Батырбек, таныйсаң ба мени деп,
Сүйдим жүзин сағынышлы қумарта.
Дем алысы күшеймекте барып-кеп,
Аўырыўы аўырласты дым қайта.

Қас қақпай бетиме тигилип турды,
Көз әтирапын дөңгеленген жас алды.
Дос аўҳалын көрип кеўлим бузылды,
Бара-бара тағы көбирек қыйналды.

Аўыр жара өмирге жол бермеди,
Келешек үмитке тосқынлық етти.
Батыр жигит жеңисти ол көрмеди,
Қәдирли достымыз арадан кетти.

Госпитальға жақын жерде қәбири,
Айналасын түрли гүлге бөледим.
Оның ерлиги, аты мәңгиге тири,
Узақ жыллар сақлар оны жүрегим.

(Ҳеш босқа кетпеди төгилген қанлар,
Жеңис байрағынан турар көринип
Сүйер ҳақ кеўилли барлық адамлар,
Әдилликтиң қурбанларын берилип).

Мине соннан берли он үш жыл өтти,
Сүўретин сақлайман жана-жан достың.
Көз алдымда лейтенантгың келбети,
Ишинде жүрсем де шадлы турмыстың.

Наташа болды да тамамлап сөзин,
Узақ ўақыт көз айырмай отырды.
Ол сүўреттиң бир данасы менде еди,
Бердим оны ҳәмме жабыла көрди.

Қайтадан көристик ески дослардай,
Бир неше жыл ушыраспаған бурында.
Ҳүрметледим жас үлкен деп ағамдай,
Барлық жерде, орын бердим турдым да.

Жолдаслар да қуўанышты биз бенен,
Шын жүректен теңдей етип бөлисти.
Ушырасыўды жеткере алмай сөз бенен,
Ҳайран қалып, аянышлы күлисти.

Көк конвертли хат аламан ай сайын,
Наташаның жүрек сыры айтылған,
Туўысқандай ақыл берер ҳәрдайым,
Исте алда болыўыма шақырған.

Бизиң дослық кетти енди ен жайып,
Ескирмейди миллион жыллар өтсе де.
Дослық ҳәмме адам ушын ылайық,
Керек қыйынлықта, қуўанышлы күнде де.

Дослық – ол тек, жалғыз татыўлық емес,
Өмирге, жасаўға береди жәрдем.
Ол күшли, ҳеш бир нәрсе кәр емес,
Сени қыйынлықтан қутқарар ҳәр дем.

*Ялта—Нөкис, 1956-жыл.*

## ӨМИРБЕК ҲАҚҚЫНДА

### ӨМИРБЕК ҚОНАҚТА

### (халық аңызы бойынша)

Базар күни қаласында Шымбайдың,
Өмирбек қонағы болды бир байдың,
Кеўилдиң тарлығы—ҳүрмет болмаўы,
Келмегени емес еди жағдайдың.

Бай түнерди жабылыңқы қос қабақ,
Буйрық берди асыңлар деп асқабақ,
Жатар болып, көзлер уйқы тартқанда,
Асқабаққа толып келди бир табақ.

Үй ийеси қонағына жең деди,
Көп жесеңиз саналмайды дем деди,
Асқабақ жегенлер узақ жасайды,
Буның өзи мың кеселге ем деди.

Тыңлап сөзин бул ауқатты мақтаған,
Тур билдирди кулағына жақпаған,
Өмирбек сорады барма бай аға —
Ата-анаңыз тәрбиялап сақлаған.

Ата-анамды бурынырақ жерледим,
Деди, Өмирбекке—бунша тергедиң?
Өмирди узайтса—деди,—Өмирбек
Асқабақтан неге оларға бермедиң.

Қайтарып бай не айтарын билмеди,
Гә бозарып, гә қызарып терледи,
Үйиндеги күни мененги қонақтың
Ким екенин енди ғана серледи.

## ӨМИРБЕКТИҢ БҮРГЕ ДӘРИСИ

### (халық аңызы бойынша)

Өзи базар күни еди,
Қарыйдарлар көреди,
Өмирбек ғәлле базарда
Жүўери сатып тур еди.

Биреў берман қарай келди,
Жүўериге қарай берди,
Буның аты не екен деп
Өмирбектен сорай берди.

Алыс жерден келген деди,
Алар парқын билген деди,
Буның атын Өмирбек
Бүрге дәри деген деди.

Аўылымыз ерек еди,
Усы дәри керек еди,
Аға қалай қолланамыз,
Жолын айтып берсең деди.

Бүргени услап аласаң,
Аўзына буннан саласаң,
Дәрини бүрге жуталмай,
Өлип қалар қарасаң.

Дәрисиз қырар-ек онда,
Услайтуғын болсақ қолға,
Өмирбек: ол дурыс деди
Бола берер ол да, бул да.

**ӨМИРБЕК ҲӘМ ҒАРРЫЛАР**

**(халық аңызы бойынша)**

Базда алып күнниң қуяшын,
„Өмир деген бул ушқыр лашын"
Деп, жаслық жылларын еслеп,
Отырды үш ғарры шайқасып басын.

Оҳ, жетпис деп биреўи дым налынды,
Биреўи айтты күш-қуўатым алынды,
Кем-кем кемейеди кетип ҳал-дәрман,
Жигер берер жаслық екен жалынлы.

Мен сизлердиң инанбайман сөзиңе,
Мысал етип қарағанда өзиме,
Үшиншиси айтты, күшим тап сондай,
Бурын қандай болса жаслық гезимде.

Еки ғарры бежирейисип қарады,
Оңнан-солдан оны ортаға алады,
Сен күшиңди қалай сынап билдиң деп,
Айтып бер деп қайта-қайта сорады.

Билемен деди, ол бир үлкен тастан,
Күшимди сынаўға умтылдым қастан,
Орнынан қозғалтып қоя алмадым,
Өткен ўақларымда жигирма жастан.

Жақында сол тасқа тағы барғанман,
Көтерсем деп бар күшимди салғанман,
Жаслығымда қандай болсам, және де
Сондай болып қозғалта алмай қалғанман.

Еки ғарры усы ойға кеп еди,
Күшли болса, күшли шығар деп еди,
Сөз тамам болған соң бәри күлисти
Үшинши ғарры бул Өмирбек еди.

## ӨМИРБЕК ҲӘМ ИЙШАН

### (Өмирбек ҳаққындағы халық аңызлары тийкарында)

### ӨМИРБЕКТИҢ ИЙШАН МЕНЕН БИРИНШИ УШЫРАСЫЎЫ

Өмирбекке жақын
Бар екен бир ақын,
Басында ақ сәлле,
Шапаны бар мелле.
Сақалы, қуўдай ақ,
Ап-арық узын жақ.
Ийегин сыйпап,
Сөз сөйлер байқап,
Биреўлердиң өзине,
Биреўлердиң сөзине
Қыйналғандай тап,
Қояр бас шайқап.
Кимлер жоқ, кимлер бар,
Не дейди адамлар,
Сезеди аңлап,
Тыңлар қулақ сап.
Өзи оғада сақ
Минезлери сынық,
Ал, отырар бирақ
Ишинен тынып,
Халықтан жеўди,
Бәрҳа бер деўди,
Көрмейди айып,
Қолларын жайып,
Ҳеш қанааты жоқ,
Ондайдың аты жоқ,
Кетсе де байып,
Суўпылар хызметте
Болып жүр пәйик.
Халық оны биледи,
Халық оған күледи,
Кимлер жыласын,
Кимлер қуласын
Оған мәзи гәп,
Тек дүнья ғана мәп.
Оның жүреги де,
Оның тилеги де,

Ертели-кеш, түсте
Күнде көп түссе,
Куўжыңлап күлер,
Былай тилек тилер:
„Жеткерегөр я ҳақ,
Ашылып, ықбал-бақ"

* * *

Аңкаўды алдап,
Жумсады жалдап.
Ийшан есирди,
Биримлеп биразды
Қолға түсирди.
Және ойланды:
Енди ким қалды.
Деди, ол гүбирлеп:
Өмирбек, Өмирбек,
Абройды төгер деп
Оннан қорықты көп.
Сонда да алдасам,
Изинен қалмасам,
Маған қол берсе
Оны көз көрсе
Артар саўлатым,
Кең таралып атым.
Деген ой өзин
Бийлеп, қысты көзин.

* * *

Биреўди шақырды,
Тез кел деп бақырды.
Сууўпы жетип келди,
Тақсыр, хызмет деди.
Атыңды мин де шап,
Өмирбекти тап,
Деп буйырды ийшан
Сууўпы кетти қашшан.
Шабарман кетистен,
Ҳә демей жетискен.
Өмирбекке айткан
Ҳәм алып қайткан.

Өзи де жүрейин
Шақырса көрейин
Деп келе берипти,
Суўпыға ереберипти
Өмирбек ишке
Әдеп пенен әсте
Кирип сәлемлести,
Отырғанлар иште
Өмирбек кел, дести.
Төрден төменирек
Есиктен өрирек
Өмирбекке бурын
Қойылған орын
Отырды келип
Ийшанға жүз берип,
Бири-бирине
Көз тигип карасты,
Ҳал-аўҳал сорасты,
Басқалар тым-тырыс,
Әйтеўир отырыс
Болмады сөйлесиў
Ҳәтте сес те жок дым,
Сөз орнында тек
Ҳәрекет пенен ым,
Ийшан алды менен
Сакқа жүгинип,
Еңкейип бүгилип,
Өмирбекке қарап,
Гөзегендей көзди тап
Қолынан бир бармақ
Шошайтып турды.
Ким билсин бул сырды!
Тырп етпес бир жан,
Болып буған аң-таң,
Бир сораў питкендей
Жуўабын күткендей.
Өмирбек те тезден,
Истиң жайын сезген,
Ол былай аңлатып,
Қос бармағын гөзлеп,
Қөзлерин нәзерлеп
Ийшанға қаратты,

Күлимсиреп ийшан
Жуўапты жаратты.

Өмирбекке қарап,
Ийшан және сорап,
Оң қолды созып,
Алға сәл озық
Етип бийик услап,
Өмирбекке нусқап,
Бармақ таратылып,
Дуўры қаратылып,
Алға умтылып,
Тәп берип жутынып,
Бой тиклер бес пәнже,
Буған ҳайран ҳәмме.

* * *

Бул ўақта Өмирбек,
Қайнағандай кек
Қабағын үйди де,
Мушын түйди де
Ийшанға көрсетти,
Ол күлип мырс етти.

Шырағым Өмирбек,
Мен сынадым тек,
Барлығын билесен,
Жақсысаң еле сен,
Суўпыға жарайсаң
Айт, қалай қарайсаң?
Өмирбек ийшанға,
Түсинбей булманда
Деди, бериң айтып,
Мен унадым қайтип,
Билгишим неде
Билейин мен де
Жақсылықтың изин,
Әдеп көрейин өзим.

Ийшан айтты: сынап,
Көрдим сораў сорап,

Сораў екеў болып
Жуўап болды толық.

Тақ бармақ усындым,
Дәрҳал-ақ түсиндиң.
Қайтып қос бармақ
Бизге турдың қадап,
Мениң сол бармағым
Белгиси алланың
Дедим, барма қудай,
Ядында ма, ондай?

Сен еки бармақты
Гөзледиң салмақлы
Қудайдың барлығын,
Билемен бирлигин,
Ол мениң ядымда
Дедиң шықпас естен,
Қудай былай турсын
Ал, пайғамбарың да.
Сыр болды деп аян
Ийшан етти баян.
Бес бармақ туттым,
Оны бирден уқтың,
Қалайсаң намазға
Оны оқыйсыз ба,
Деп сорағаным сол,
Саған қарағаным сол,
Ҳүрреңиз ушты,
Түйдиңиз мушты,
Мушыңды көтерип,
Ишарат берип
Маған қарап қойдың,
Жуўабыңа тойдым.
Айттың сен: теп-тегис,
Намазда жоқ кемис,
Бирге алып жүрмен
Ядқа салып жүрмен.
Бир ай оразасын
Намаздың қазасын
Алдынан тосып.
Барлығын бир қосып,
Беккем түйип алдым,

Дегенине нандым,
Өмирбек зейинли—
Деп ийшан кеўилли
Әсте мыйық тартты,
Өмирбек қатты
Бүлк-бүлк, селк-селк күлип
Шақалақ атты.

Күлкиси басылып,
Сөйлеўге асығып,
Деди, ийшанға ол:
Кешириң таксырым,
Бул мениң ҳақ сырым.
Араларымызда
Болыпты қашырым.
Түсинбей анық биз
Алжасып қалыпбыз.
Маған сиз караткан,
Жалғыз бармактан,
Мен былай аңлаппан,
Баскаша бир уғым:
Аларған көзиңиз
Жек көргени шығар.
Бозарған жүзиңиз
Тәп бергени шығар.
Силтеген бармағы
Урғаны шығар,
Деп түсиндим де
Жүдә исиндим де
Қос бармакты силтеп,
Таныйсаң ба, бил деп,
Ҳәр көзге бир бармақ
Барсын деп ойладым.
Сен алсаң бир көзди
Еки көзиң бирден
Қалсын деп ойладым.
Көрип бес бармакты,
Еследим қармақты,
Тырнайды деп едим.
Жараланып бетим,
Тилкимленип етим,
Тырналмаған жерим,
Қалмайды деп едим.

Егер олай болса
Турайын деп едим,
Қай жериң дус келсе
Урайын деп едим.
Ашыў кернеңкиреп
Кызайын деп едим.
Басыңды муш пенен
Бузайын деп едим.

* * *

Бул сөз тамам болды,
Изи жаман болды.
Сөзлер тоқтатылып
Силтидей тынды,
Гүррин, күлкилердиң
Бели шорта сынды.
Ийшан қапаланды,
Иштен күйди-жанды,
Бир гәп айталмады,
Таркап қайталмады,
Өмирбекке қарап
Айталмай сөз бенен
Кейиди көз бенен
Әллен ўақ өткенде
Ийшан тоқтаң деди,
Буны айтпаң деди,
Ҳешким де билмесин,
Бизлерге күлмесин.

## ӨМИРБЕКТИҢ ИЙШАН МЕНЕН ЕКИНШИ УШЫРАСЫЎЫ

Келмегенсоң исиң сәти,
Қайтты ийшанның пәти,
Өмирбек еске түскенде
Шыдамады ҳеш дәти.
Сол күнлердиң биринде,
Суўпылардың бирине,
Алып кел деп тапсырды
Шақырып атыр „пирим" де.

Сөйтип маған келтириң,
Келмесе тәмбисин бериң

Тийгизе берсе тилин
Таяқтан исин питириң.

Жуўабын өзим беремен,
Алып келиң көремен,
Күлки болып мен оған
Деди, қалай жүремен.

Өмирбек қарсыласпады,
Көп сөйлеп ашшыласпады,
Ийшан менен гүррилести
Ерегисип таласпады.

Жүрсе де бурын күйинип,
Отыр бүгин сүйинип,
Сөзлерин айтты қашаннан
Киятқан иште түйинип.

Әғайинбиз әлбетте,
Бил деди, Өмирбекке,
Оның сөзин мақуллап,
Аўа,—деди Өмирбекте.

Келип қалдың биразға,
Елиў деген аз ба?
Айтпасақ бизге болмайды,
Жығыл енди намазға.

Айыбы жоқ суўпы бол,
Жасы үлкенге хызмет қыл,
Айтып турыў ҳәркимге
Уламаға парыз бул.

Деди ийшан мүлайым.
Өмирбек айтты, болайын
Ийшан сонда қуўанып
Болғайсаң деди илайым.

Өмирбек айтты билмесем,
Билмейсең күнде келмесең,
Деди,—ийшан:—пайдасыз
Садақалар бермесең.

Өмирбек жоқ деди малым,
Ол айтты: келгенше ҳалың—
Барыңды берсең болғаны
Жоқты тап деген залым.

Тек мал ма, пул да болады,
Тартылған ун да болады,
Келип жүрсең, барып турсақ
Сыйласық сонда болады.

Қауын-ғарбыздың пискени,
Миййуениң писип-түскени,
Суўпылық солай басланар,
Өмирбек билдиң бе, мине.

Ийшан келди деп пайыты,
Қол жайып алғыс айтты,
Руқсат алды да Өмирбек
Сол жерден үйине қайтты.

Бар еди бир атыз қауын,
Аўқат та сол ҳәм сәуын
Торға қараған, күтпекте
Болғай да деп, бири мың.

Атызды аралап жүрип,
Алды екеўин көрип,
Алғыс алмақшы болды,
Апарып ийшанға берип.

Салды бир қапты таўып,
Бөктерди де кетти шаўып
Жетип келди ҳә демей-ақ
Гә дүзелип, гә аўып.

Сиз ушын атызға барып,
Киятырман арнап алып,
Алдын салған түйнек еди
Етиңиз деди жаңалық.

Еки қауын шықты қаптан,
Бири қақ айырылып атқан,
Кемирилипти биреўи
Тислердиң орны бар батқан.

Ийшан көрип қорқып кетти,
Не бәле деп шоршып кетти,
Қауынлардың ауҳалларын
Ал, Өмирбек баян етти:

Аралап жүрсем қарықты,
Бир шошқа бүгин барыпты.
Мына үлкен қауынды
Жемепти, бирақ жарыпты.

Мына қауын жетилген,
Жери жоқ зая етилген,
Ҳәрекетлеп ийтимиз
Гүлшедей жери кетилген.

Жетилискен қауынды
Ийт биледи деген бар.
Анық писken қауынды
Шошқа тилер деген бар.

Қауынымыз писипти,
Ийт ҳәм шошқа түсипти
Мине тақсыр алыңыз
Буйырған сизге несипти.

Жарайық татып көр деди,
Пәтиянды бер деди,
Ийшан айтты: үйден шық,
„Кет орныңнан тур“,—деди.

## ӨМИРБЕКТИҢ ИЙШАН МЕНЕН ҮШИНШИ УШЫРАСЫЎЫ

Ийшан бир жақтан келисте,
Өмирбек пенен көристи,
Кәдимгидей сәлемлесип
Күле шырай бериcти.

Иним жасың киши ғой,
Өкпе намәрттиң иси ғой.
Уят болар халықтан
Деди, ийшан: өкпени қой.

Мен өкпелеп нетейин,
Саған намаз үйретейин,
Көп адам бирге оқыйды,
Мешитке бар түстен кейин.

Тақалып тур кейнимде,
Қойып маған зейниңди,
Мен не қылсам, соны исле,
Өзиңди соған бейимле.

Тыңлады оны ақыл деп,
Айтқан сөзиң мақул деп,
Мешитке келип ийшанға
Өмирбек турды жақын кеп.

Ғаррылар көп толы еди,
Ара-аралары жол еди,
Өмирбектиң өмиринше,
Мешит көргени сол еди.

Өмирбекте қарап турып,
Турса турып ҳәм отырып,
Ермеклегендей ийшанды,
Мойын бурса мойын бурып.

Намазды даўам етти,
Әдеўир-ақ ўақыт өтти,
Бир отырып тургелерде
Ол тентиреклеп кетти.

Аяғы өкшесине,
Қоллары бөксесине
Тийип, ийшанды қозғалтты
Еңтерилип еңсесине.

Ийшанды ашыў услап,
Қолын қатты мушлап,
Өмирбектиң өңменине
Муш пенен жиберди таслап.

Өмирбек ҳеш қыйналмады,
Урды екен деп ойланбады

Намаздың бул бир жеринде
Бар шығар деп ойланады.

Барлық күшти жыйып турып,
Қолын қатты түйип турып,
Арттағыға урды келип,
Келистирип бир жудырық.

Болып кетти улы-шаўқым
Кимлер күлип басты маўқын,
Өмирбектен болғанлығын
Сол ўақытта-ақ билди ақун.

Ҳайран қалды еситкен,
Сол заматта-ақ мешиттен,
Бузғаны ушын намазды
Өмирбек қуўылып кеткен.

## ӨМИРБЕКТИҢ ИЙШАН МЕНЕН ТӨРТИНШИ УШЫРАСЫЎЫ

Қәпелимде мурттай ушып,
Ийшанның деми қысып,
Аўырыў бирден услапты,
Көзи аларып, ети ысып.

Жатысы узайып кетти,
Түсирим азайып кетти,
Суўпылардың биразы,
Келгенди қойып кетти.

Кейин азмаз сергекленди,
Билди кеткенди, келгенди,
Көремен деп биримлеп,
Суўпысын шақыртты енди.

Бул ис терис болмады,
Соң болса да кеш болмады,
Келгенлердиң коллары
Шақырған соң бос болмады.

Тек Өмирбектен басқа,
Барған ғарры да, жас та,

Оның кеўлин сорамаған
Бир жан қалмаған ҳасла.

Ҳәзиретте аўыр аўҳал,
Кеўил сора, хабар ал,
Деди, биреў: ҳәмме барды,
Сен де көр, ырзаласып қал.

Өмирбек ертледи атты,
Сөйтти де палызға тартты,
Бос бармайын деп атқа,
Төрт ғарбызды теңлеп артты.

Кирип келип есиктен
Есаплап өзин кешиккен,
Қалайсыз, тәуирсиз бе?—
Бул—деди—мен Өмирбекпен.

—Дегендей болды, бир ҳалмыз,
Өмирбек айтты бармыз,
Сизди көрмеге келдим,
Әкелдим деди ғарбыз.

Сыбырланып ийшан айтты,
Бул сапар жығылдым қатты,
Жатысым жүдә көп болды,
Наўқасым жаныма батты.

Қасына жақынлап барып,
Өмирбек те кеўилин алып,
Ҳәзиретке қыйналған болды,
Ўақ, ўақ деп турды налып:

Көрип турман қыйналғансыз,
Жүзиңиз бөздей қансыз.
Ийне салған ийттей болып
Тақсыр жүдә азғансыз.

Ийшан мойнын буралмады,
Ҳоп, деп еди туралмады.
Сөзи өтип Өмирбектиң,
Жек көрсе де уралмады.

Жатың тақсыр шүкир етип,
Жүрерсиз де турып кетип,
Ет дегениң болар қонақ
Жазылған соң кетер питип.

Ўуайымның пайдасы жоқ,
Азғынман деп ойламаң көп,
Еле тулыптай толысып,
Семирерсиз шошқадай боп.

Сизден хабар биле алмадым.
Бурынырақ келеалмадым,
Өзинизде билесиз ғой
Хожалықтың ғалма-ғалын.

Айланыстым мен егинге,
Бар азырақ пәлегим де,
Күни-түни қараўыллап
Жүрмиз соның ҳәлегинде.

Жатырмыз қоста ийшаным,
Жүрмеймиз босқа ийшаным,
Сирә бизди тындырмайды.
Ийт пенен шошқа ийшаным.

Қалар гейде жақынласып,
Аўыз салып алқымласып,
Жүдә жақын аралары
Екеўимиздей, азырақ ашық.

Шошқа қашар сиздей болып,
Ийт қуўады биздей болып,
Гейде сиз ийт, мен шошқаман,
Көремиз көз үзбей турып.

Ийшан бийжағдай қысталып,
Ессиз, түссиз қалды талып,
Бетине суў бүркип қалды,
Барлық суўпылар жыйналып.

## ӨМИРБЕКТИҢ ИЙШАН МЕНЕН БЕСИНШИ УШЫРАСЫЎЫ

Бир ақшам Өмирбекте,
Аўырған исинип өкпе,

Еки ийнинен дем алып,
Шықпаған жаны бар тек те.

Биреўлер кәўегер дейди,
Күн-күннен бетер дейди,
Бул түринен Өмирбек
Арамыздан кетер дейди.

Хабар ийшанға да жеткен,
Ийшан жазылып кеткен,
Аўырған екен деди, ол
Әй, тентек-әй, әттең-әттең.

Ҳал сораўдың саўабы бар,
Ағайиншилик тағы бар,
Деп ийшан Өмирбекти
Көриўге болды қуштар.

—Өмирбек, Өмирбек жан,
Наўқасланыпсаң, қалайсаң
Дегенде ийшан, Өмирбек
Қарап турды болып аң-таң.

Бетине үңилип және,
Мени таныйсаң ба, қәне,
Өмирбек айтты, әлбетте,
Деди, ийшан: жақсы ҳә, ә.

—Неге сорадың жаным,
Болса айт қандай қыялың,
Қорықпа,—деди, Өмирбек,—
Таныйман, сенсең ҳаялым.

Өмирбек тиккенде көзин,
Ийшан жоғалтты өзин,
Қалай кеткенин билмедим
Таўып алып келген изин.

## ӨМИРБЕКТИҢ ИЙШАН МЕНЕН ЕҢ КЕЙИНГИ УШЫРАСЫЎЫ

Ўақытлар өтпей турмады,
Күнлер, айлар зымырады,

Ийшан менен Өмирбек
Бири-бирине бармады.

Ҳәр жыл жас қосып жасқа,
Ақ енди сақалға, шашқа,
Өмирбектиң курдаслары
Дейди ийшаннан қаш па?

Өзи менен қатар,
Қырық-елиў ғарры бар,
Жақыннан бери келип жүр
Айтатуғыны ийшанға бар.

Дурыс айтады ғаррылар,
Деп ҳаялы етти зар,
Сен олардан кембисең,
Өмеке ойлан, барсаң бар.

Бул сөзлер ойландырды,
Өмирбекти айландырды,
Барсам барайын дегизип,
Ақыры мойынға алдырды.

Кирип келди де ҳәзиретке,
Қол қаўсырып көкирекке
Көрисип барып отырды,
Кейин бәсип шетирекке.

Ийшан оған қараганда,
Ҳал-ауҳалын сорағанда,
Ләббәй, деди ушып турып,
Айтса атын анда-санда.

Деп ойлады сонда ийшан:
Өмирбек қандай айылған
Дегендей болып турыпты:
—Айтқанына қайылман.

—Райыңнан қайтқаның,
Сансыз сауап тапқаның,
Тыңла—деди Өмирбекке,
Нәсият мениң айтқаным.

Көўлимди мениң жықпасаң,
Айтқанымнан шықпасаң.
Суўпым деймен сонда мен
Үйиме тез-тез қатнасаң.

Суўпы болып „пирим" десең
Екеў болса бирин берсең,
Яқшылардың қатарына
Ақыретте илинерсең.

О дүньяға барғанында,
Сеннен саўал алғанында,
Хабардар болып жүрермен,
Көз салып сениң ҳалына.

Саған гүўалық берермен,
Мактаўынды жеткерермен,
Асылсаң болды пешиме,
„Қыл көпирден" өткерермен.

Әй, садағаң кетейик деп,
Хызметинди етейик деп,
Суўпылар жүр жарылқайғөр—
Көўилиңизге жетейик деп.

Өмирбек дым болды алық,
Ийшанға унады анық,
Үйине де қайтпай базда
Қонып жүрди сонда қалып.

Иске ҳарып-талмас болды,
Зейни өткир алмас болды.
Садақаға барса ийшан
Өмирбек те қалмас болды.

Және болды бир шақырық,
Қайтыў ушын соған барып,
Ийшан дәрҳал жолға шықты
Өмирбекти бирге алып.

Жолда үлкен жап бар еди.
Тереқ деген гәп бар еди,

Жалғыз ағаш баскалдағы
Жүдә енсиз, тап-тар еди.

Көпири бар, алыс еди,
Жолы узақ шалыс еди,
Барар ауыл арғы жүзде
Басқалдақтың тусы еди.

Дууры тустан қәдем басты,
Баскалдактан өтиу қасты,
Жапқа келди, сууы таскын,
Көпшип аткан аяқ асты.

Қане деди, ийшан: басла,
Қәдемди асықпай тасла,
Сиз барда деди Өмирбек,
Баслауға ҳақым жоқ ҳасла.

Басланыз мен ерейин,
Сүйеу болып жүрейин,
Алдыңызға түскеним жоқ
Усы уақытқа дейин.

Таяғын услап қолға,
Адымлап әсте алға,
Ийшан менен Өмирбек
Жылыслады тек зорға.

Баскалдақ қалтырап турды,
Ийшан албырап турды,
Өмирбек болса ийшанның
Шапанынан услап турды.

Жарыға келди-ау дегенде,
Өтермиз енди-ау дегенде
Салмағын салып Өмирбек
Селкилдетип жиберди.

Тайып кетип табаны,
Диң аспанға қарады,
Тиртеклесип екеуи
Тастөбеден кулады.

Өмирбек тартып шапанды,
Мантықтырды ийшанды,
Суў жутып және шаршады,
Зорға ғана қалды жаны.

Қалып қойды шақырық,
Ғарғанды ийшан бақырып,
Өмирбек айтты ийшанға,
Қарсы алдында тик турып:

Тақсыр сизден бездим деди,
Ҳалыңызды сездим деди,
Алдап-суўлап бир неше күн,
Есигинде ездиң деди.

Кәраматы бар болар деп,
Қысылғанда яр болар деп,
Исенип-ем суўпыларға
Хабарлы шығар олар деп.

Айтасыз гейде шақырып,
Сөйлейсиз бәрҳа лап урып,
Бәринде де сизге жақсы,
Басқаға турар қапылып.

Жалған сөйлеп сайып жүрсиз,
Ийшан мен деп жайып жүрсиз
Қыл көпирде қалай болар,
Басқалдақтан тайып жүрсиз.

* * *

Өмирбек пенен сол ийшан,
Усылай тарқасқан қашшан.
Өмирбекте қалмаған
Суўпылықтан ҳеш нышан.

## МӘЎСИМЛЕРДИҢ МӘЖИЛИСИНДЕ

(*ертек*)

Жыйланысып жақында
Мәўсимлер мәжилис өткерди.

Ҳәр бири өзи ҳаққында
Тәрийплеўин жеткерди.

Қыс айтты орнынан турып,
Ҳәдден тыс бадабат урып:
—Мен болмасам егерде
Кетпей ме басқалар қурып!

Турғанда мениң қәҳәрим,
Мәўсим бе сол бәҳәриң,
Өзим баслап беремен
Керек ислердиң бәрин.

Қушағымда қарым бар,
Жер көрпе деп жамылар.
Сақлайман суўды муз етип,
Еритип алады бәҳәр.

Жыл өзи басланар меннен
Әҳмийетим артық шеннен
Болар екен сонда қалай
Дейтуғынлар маған теңмен.

Жер қатламын тоңлатаман,
Жайларыңды оңлатаман.
Ғамыңды же ертеден деп
Адамларға аңлатаман.

Музларымда сырғанайды,
Қарларымла шана айдайды,
Балалардың шын достыман
Дийдарыма ҳеш тоймайды.

Шымшып беттен ҳәзиллеймен,
Денсаўлығын гөзлеймен.
Қыс кийимин кийип алып
Жарысларға кел деймен.

Дийқанлар тынығар менде,
Күш жыйнар, шынығар менде
Ойласылып көп жумыслар
Планы сызылар менде.

Әйнеклерге шым-шытырық,
Саламан сүўрет қатырып,
Ҳәмме қыстай болса дер:
Ағашлар бас шайқап турып.

Тыңлап көрдик қыстың гәпин
Деди—бәҳәр тиклеп қәддин,
Мақтаныўдың кереги не,
Билиў керек ҳәрким ҳәддин.

Мақтансам егер орным бар,
Тоңлар жибип мәлҳам болар,
Бөленип жасыл липасқа,
Тәбият меннен илҳам алар.

Диййқанлар баслар егисин,
Барма сирә кемисим.
Мың қубылып, гүл ашылып,
Миййеге қарар жемисим.

Нәўпирленип суўлар ағып,
Тереклер көк түйме тағып,
Сағынып келер досларым,
Былтырғы кеткен қусларым,
Сегбир тартып қанат қағып.

Шаруа кеўли жай болады,
Қозыларым қой болады,
Малларымның саны артып,
Жайлаўларда той болады.

Баллардың жолы болады,
Стадионлар толады,
Волейбол, футбол, баскетбол
Ойыннан мийри қанады.

Күлим қаққан жамалым,
Дәртке даўа самалым,
Ләззетте деп биледи,
Ҳәрким менде өз жанын.

Қәсийетин ҳәр гүлдиң,
Сайраған сырын бүлбилдиң,

Калдырмай айтып бериуге,
Шамасы жетпес ҳеш тилдиң.

Мен мийнетти сүйемен,
Жалкауларға күйемен,
Мийнет еткен адамның
Табысын бастан үйемен.

Минекей сол бәҳәр мен,
Гиреули орны өмирден
Усыншама саулат пенен
Боламан қалай кыстан кем!

Сөйледи жаз күйип-жанып:
—Көрмейсиз бе нәзер салып,
Мийнет етер, үмитленер,
Меннен көп ис күтер халық.

Асығыста егип болып,
Гей жерлерди төгип болып,
Бәҳәр кетер текте баслап,
Ауырлыкты маған таслап.

Ҳәр түбине ғауашаның
Ашыр мениң шийрин жаным,
Дыққатымнан шетте калмас
Сары алтыным-маржан салым.

Азық берип суғараман,
Өсиуине пәрманаман,
Жаздан жазым болды десе
Оған күтә арланаман.

Қуяш нурын емизермен
Мийнеттен пал жегизермен,
Маза берип мийуелерге
„Ҳай-ҳай жазым“ дегизермен.

Бағлар мийуеден ийилип,
Бағшада өним үйилип,
Палызымнан пал өнсе
Қууанаман сүйинип.

Жаз күнлери жайлауым,
Үдете берер жайнауын,
Өрис өсип, өним артып,
Көрерсен табыс қайнауын.

Лагерьде болып балалар,
Мазмунлы дем алалар,
Айрықша түрге бөленер
Жазда ауыл, қалалар.

Егинлерди өсиремен,
Жетилдирип писиремен,
Барлық уақта турман тайын,
Халқымыздың исине мен.

Буған жақсы түсинемен.
Басқалардың есине мен
Салғым келер, билип қойсын
Маған ҳешким келмейди тең.

Сөзге уста екен гүзде,
Қалдырмастай айтты бизге,
Сөзлерине қарағанда
Жақсы емес оннан өзге.

Көз бенен көрдим өзлерин,
Тыңладым айткан сөзлерин,
Өйттик дейди, буйттик дейди,
Гүрриң етип бирим-бирим.

Жерди таяр еткен биреў,
Оны егип кеткен биреў,
Анығынан келген уақта
Тарбиялап күткен биреў.

Атыз нәлге толық дейик,
Зүрәәтлер болық дейик
Енди оны алыў керек
Қалдырмастан ийип-жыйып.

Өнимлерди жыйнаў керек,
Жыйнаў жолын ойлаў керек,

Ҳәмме оған қосып күшин,
Ҳешким албау болмаў керек.

Саўлаты көп гүзимниң,
Солқымындай жүзимниң,
Дейди ҳәмме қәдирлеп,
Қарашығы көзимниң.

Дәслепки қәдем тасланар,
Мәктепте оқыў басланар,
Билим алып устаздан
Жаслардың ўақты хошланар.

Ақ алтын фонд боп үйилер,
Салым гүриш боп түйилер,
Досларымыз шад болып
Душпанлар иштен күйинер.

Сизлер болып, биз болып,
Планлар толып жүз болып,
Орынланбаса егерде
Мен не қыламан гүз болып.

Соның ушын еринбей,
Бийкарлыққа берилмей
Халық хызметин етемен,
Халық кеўлине жетемен.

Гүз де тамамлап сөзин
Мен биринши,—деди өзин
Менсинбеди басқаларды
Бийлеп менменлик сезим.

Бундай тартыс бурыннан,
Талай болып турылған,
Ҳәрким айтып қара басын
Мақтаныўға урынған.

Бирин-бири байқасқан
Ерегискен, шайқасқан,
Бир шешимге келе алмай
Нешше сапар тарқасқан.

Хабардар деп әдептен
Көп мәнзиллерди өткен,
Шақырып дийқан бабаны
Мәжилиске мирәт еткен.

Ҳәммеси тамамлап сөзди,
Бабаға қадады көзди,
Шақырдық дегендей болды
Төрелик берер деп сизди.

Баба да тиклеп бойын,
Тум-тусқа бурып мойнын,
Мәўсимлерге қарап турып,
Айтты өзинин ойын.

Төртеўиң де теппе-теңсиз
Бириң етек, бирин жеңсиз,
Айталмайды деп ҳешким:
Бириңнен бириң кемсиз.

Төртеўиң бир путинсиз,
Бириңсиз бириң өтимсиз,
Төртеўиң жәм болсаңыз
Қайыспастай сүтинсиз.

Мен сизлерге сырласпан,
Жеримиз көп сырласқан,
Узақтан бирге келемиз
Өмиримше жолдаспан.

Мойынлаймыз оны биз,
Мақтансаңыз ҳақылысыз,
Түсинсеңиз биракта
Адам менен даңқлысыз.

Жасайман десең адамсыз
Онда сизлер надансыз
Алтын қоллар қәдирин
Түсине алмай қалғансыз.

Атыңды қойғандай адам,
Даңқыңды жайған да адам

Енер көркиң, шырайың
Болса қайманда адам.

Ғарры да сөзин тамамлап,
Деди, басқа барма гәп,
Айтпады ҳешким ҳешнәрсе
Қеўиллери толғандай тап.

Мәўсимлер сөзге түсинди,
Бабаға қол усынды
Тәжим етти, бас ийип,
Ҳүрмет еткен пишинде.

Мәжилиске келип дус болып,
Мәўсимлер татыў дос болып,
Бабаны алып ортаға
Кетти уақты хош болып.

## БАХЫТ ҚУСЫ

### I

Арзы деген атам өткен,
Аты елге тарап кеткен,
Оның маман дийханлығын,
Көрген жанлар тәрийп еткен.

Тиллескен дейди жер менен,
Ҳасылдар жерди серлеген,
Күн кеширген өмир бойы,
Ҳадал маңлай тер менен.

Жер аралап көреди екен,
Топыраққа сын береди екен.
Қайсы егин қайсы атызға,
Егилиўи керек екен?!

Ақыл менен бәрин таныи,
Биледи екен соны анық.
Ҳәмме егин егер екен
Арзы атадан кеңес алып.

—Бул жерге ек тары,—дейди,—
Дән болады бәри—дейди,—
Тары екпей салы ексең,
Шигин болар жары,—дейди.

Бир жерлерге бийдай ек,—дер,—
Бир-бир қатар төгин төк—дер,—
Дийдиңдеги болар сонда
Усылай етсең өним көп,—дер.

Арзы атаның ақыллары,
Көпке унап макуллады,
Мол зүрәәт бере берди,
Еккен барлық дақыллары.

Оған ҳәмме разы боп,
Нурдай жауды алғыслар көп,
Ҳәр бир дийхан ҳүрмет етти,
Арзы атаны устазым деп.

II

Ғаррылық пенен наўқаслык,
Арзы атаға батты бир күн.
Тура алмай көзден асылып,
Төсек тартып жатты бир күн.

Жалғыз улы бар еди,
Шақыртып алды қасына,
Бармақлары қалтырап,
Сыйпалады басынан.

Аты Султан улының:
—Келдиң бе деди кулыным?
Мөлтилдеп көзден жаслары,
Баласына қарады,
Султанның да көз жасы,
Әкесиниң жүзине,
Тырс-тырс тамады.

Балам,—деди, тигип көзин,—
Уқ мәнисин сөзимниң.

Зорға ғана тутып өзин,—
„—Түбинде“ деди, жүзимниң—

Ғарры және қайталап,
Баласына қарады,
Бир нәрсени айтажақ
Баласы „Не“ деп сорады.

—Балам мениң дегеним,
Пайдаң сениң өзиңниң.
Мақул излеп көргениң,
Түбинде қалды жүзимниң.

Еситкенлер бул сөздн,
Түрли ойға калып жүр:
—Ырас па екен бул өзи,—
Деп ойлап иши жанып жүр.

—Азамат,—дер,—бул ғаррыны,—
Ертеңгисин ойлаған,
Баласына арнап барын,
Жер астына жайлаған.

Биреў айтты әкесин:
„Дүньяны ҳеш жыймады“ деп,
Биреў айтты әкесин:
„Жыйнап қойған дүньясын,
Балларына қыймады“ деп,
Биреў айтты әкесин:
„Усындайдың себебинен,
Қолымызға сыймады“ деп.
Арзы атаның бул сөзи,
Екеў ара, үшеў ара,
Болып кетти дуў-дуў гәп.
Султан болса ол ўақта
Ойланарға пурсат жоқ,
Кеўили оның ҳәр жақта,
Басында түрли қайғы көп.

Бала ушын қуўаныш,
Ҳәр таңның аман атқаны,
Батар оның жанына,
Ғаррының қатал жатқаны.

Әкесиниң кейинги,
Сөзин Султан тыңлады.
Баска түсер бүгинги,
Қыйынлыкты аңлады.

Әкесинен және де,
„Сөйлер“ деп үмит етсе де,
Ҳешбир дыбыс болмады,
Узак уақыт күтсе де.

Қайтып көзин ашпады,
Сөйлеуге тили келмеди,
Баласы көзин жаслады,
Ғарры есин билмеди.

Усы күни ел жата,
Қысылды көп, кетти ҳалдан,
Дүньядан өтти Арзы ата,
Ҳеш иләж келмеди қолдан.

Хабар тарап үйден-үйге,
Қалмай бәри жыйналды.
Болып ҳәмме үйме-жүйме,
Шын жүректен қыйналды.

Тәселле берип ғилең дос,
Кеўил айтты балаға,
Тиледи оған узақ жас:
—Сабыр ет,—деди—жылама!

Сум әжелдиң кармағы
Жаздырмады кармады,
Сайлап жүрип бүгин бир,
Жақсымызды жалмады.

Көпшиликке ҳүрметли
Бәршемизге дәркар еди.
Күлип турған нур бетли,
Дийханларға дос-яр еди.

Қолдан келер шара жок,
Қайтадан жан бериуге,

Қарсы турған қара жоқ,
Күш сынасып көриуге.

Күшке келсе егерде,
Бар ғайратты салар едик,
Ең болмаса жақсының,
Жанын алып қалар едик.

Қыйланбаған адам жоқ,
Жақсылығы соншелли
Ҳәмменин гәпи усы гәп:
„Жақсы еди-ау, жақсы еди".

„Орның толмас әкежан",
Деп бала басын шайқады.
Әкесине халқының,
Шын ҳүрметин байқады.

Қапа болған жүреги,
Сүйинишке толады.
Халықтың жақсы тилеги
Балаға дәрман болады.

Халық ядынан таслар ма,
Ел перзенти ерлерди.
Даңқлы дийхан Арзы ата,
Салтанат пенен жерленди.

III

Әкесин жерлеп болғансоң,
Тарқасады көпшилик.
Өзли-өзи қалғансоң,
Ой үстңне ой келип,
Тындырмайды Султанды,
Ҳәр тәрепке тартады.
Қыяллар бийлеп көп санлы,
Бийжағдай болып жатады.
Узақ түнге уйқы жоқ,
Тереӊ ойға бағады,
Илинбестей көзлери
Талай таңлар атады.
Әкесиниң айтқаны,

Кетпес ҳәргиз есинен,
Баланың шығып аң-таңы,
„Не екен“ жер ишинен,
—„Түбинде!...
Түбинде қалды жүзимниң“,—
деп айтқаны әкемниң,
Алдынан мына көзимниң
Кетер емес өмирде,
Жүрегимнен өзимниң.

Не екен сол көмилген,
Алтын ба екен жатырған?!
Қайдан алып келинген,
Әкеме қалай шатылған.

Минекей серлеп қарасаң,
Отырған зорға қурасып,
Алтыны бар адамның,
Бола ма үйи ылашық?!

Гүмис пе екен, пул ма екен?!
Бир тийинлап жыйнаған,
Айтқаны оның сол ма екен.
Балам деп жанын қыйнаған.

Көмилип бир ҳасыл заг,
Умытылып жүр ме ек н?
Қыйналғанда болып яд,
Есине түсип тур ма екен.

Кәнекей алтын болғанда,
Қалдырмастан алар едим.
Тауып алып сол манда.
Халыққа сауға қылар едим.

Жайлардың бузып гөнесин,
Ақ сарайлар салар едим.
Тәмийинлеп халықтың ҳәммесин,
Сол жайларға алар едим.

Алтынның қалған бөлегин,
Ҳәммеге тең бөлер едим.

Өзлерине керегин
Өзлериң алың дер едим.

Табылып қалса сол алтын,
Халқым тегис көрер еди.
Әкемиздиң еслеп атын,
Алғысларға бөлер еди.

Өзи қойып, өзи болып,
Көп қыялға батты бала.
Қапталына жақын келип,
Анасына айтты бала:

—Әкем айтып кеткен сөзди,
Ана сиз де билесиз бе?
Рас па екен оның өзи,
Маған айтып бересиз бе?

Көмген екен қайсы жерге,
Не екенин сездиңиз бе?
Болдыңыз ба сиз де бирге,
Билдирсеңиз соны бизге.

—Айнанайын, жаным балам,
Буннан сирә хабарым жоқ,
Айтқан емес ҳеш ўақ маған,
Еситпедим бир аўыз гәп.

Ғарры айтқан бул гәпте
Негизинде жан бар шығар.
Сынап көрейин депти,
Бир жағында мән бар шығар.

Ғарры айтқан сөзинде,
„Жүзимниң түби" деп еди.
Қыйын болды изинде.
Атызда жүзим көп еди.

„Қай жүзимниң түби бул?
Ойландырды баланы.
Аңғаралмай соны ол,
Албыраклап қалады.

—Отыз түп еди егилген,
Алты-алтыдан бес қатар.
Қазыў керек шетинен
Барлығын да бир қатар.

Султан қолға бел алып
Қазыўды қызғын баслады.
Усыған үлкен күш салып,
Басқа исти таслады.

Азан менен кешине,
Үш түптиң түбин қарайды.
Енди қанша қалды деп,
Қалғанларын санайды.

Отыз түпти он күнде
Қазып шықты бирме-бир.
Бул атызда қалмады,
Бел тиймеген ҳеш бир жер.

Көмилип жатқан булманда
Билинбеди ҳеш нәрсе,
Белге сонша қазғанда,
Илинбеди ҳеш нәрсе.

Султан тағы қайталап,
Көрмекши болды бир қатар,
Жер қазыўды етти талап,
„Мүмкин: шетиректе жатар!“

Қазды шала қалдырмай,
Излегеннен дәрек жоқ.
„Қалай болды, япырмай!“
Ойланды Султан ҳайран боп.

Ойланды турып ол және;
—Ер гезеги үш деген.
Тағы бир көрейин кәне,
Табыла ғойса күш пенен.

Үшинши рет қазылды,
Ҳешнәрседе шықпады.
Әкесиниң айтқанын,

Баласы излеп таппады.
Төртинши рет жер қазыў,
Султанға да жақпады.

Нәтийжеси болмады,
Қазған менен қыйналып.
Бул сөз ядтан қалмады,
Бала жүрди ойланып.

Сорайтуғын әке жоқ,
Алдадың деп не ушын.
Ертели кеш барып-кеп,
Ислей берди жумысын.

IV

Қазылған соң бел менен,
Үш мәртебе тереңнен.
Топырақ босап жер деген,
Ундай болды еленген.

Жүзимлер мысал бамбуктей,
Саат сайын өседи.
Көргенлер иштен таңланып,
Не болған буған деседи!

Қулаш жайды шақалар,
Түплери кетти жуўанып.
„Жүзимлер быйыл мийўалы,—
Деди Султан қуўанып.

Бийиклиги барабар,
Үш метрлик пақсаға.
Күнде бала аралар
Қапа болып жатса да.

Жапырағының шеңбери
Кем келмейди қарыстан,
Мәўжирип тур, кетер зейниң,
Көзге түсер алыстан.

Күн изинен күнлер өтип,
Ай артынан айлар келди.

Мийўа деген қалды пигип,
Абат етер аўыл-елди.

Жетилисип писти жүзим,
Шеттен жыйнап терип атыр.
„Қәлеўинше ал,—деп—өзиң“,
Дос-яранға берип атыр.

Баданадай ҳәр данасы,
Солқымында дизилип тур.
Султан өзи басшы болып,
Тәртип пенен үзилип тур.

Көтереди қолың зорға,
Ҳәр солқымды үзген ўақта.
Бундай бағды көрген барма,
Бурын-соңлы бизиң жақта!

Болғаннан соң мийўасы көп,
Бирим-бирим санамады.
Ҳәр түбинде мың солқым деп,
Султан өзи шамалады.

Өз үйиниң иши менен,
Бәрҳа тынбай ғайрат салды.
Аўылының күши менен,
Еки айда жыйнап алды.

Бир жағынан сатып қалды,
Саўда ислеп пуллады.
Бир ҳожалық болды ҳаллы,
Сатпаса ҳеш болмады.

Бир бөлегин алды қақлап,
Күнге жайып кишмиш етти.
Қалталады бәрин таклап,
Бир әжайып ис етти.

Таў-таў болып жыйналды,
Есабы жоқ, саны жоқ,
Складқа айналды.
Кишмиши жоқ жайы жоқ.

Алынып болды бизиңше,
Жүзимниң бийик қырманы.
Султанның еле өзинше,
Бар кеўлинде әрманы.

Атызды тегис аўдарып,
Мийнет пенен шынықты,
Узақ ўақ ислесе ҳарып,
Дем алды енди тынықты.

Әрманы оның сол еди,
Әкеси айтып кеткен сөз,
Тәмеси оның мол еди,
Еске түсер сол сөз тез.

Султан қарап жатпады,
Жүдә узақ ойланды,
Бағқа күнде қатнады,
Қайта-қайта айналды.

Ойлағаны сол болды,
Уйқыдан күнде турыўдан,
Айдын тақыр жол болды,
Үй менен бағдың арасы,

Келиў менен барыўдан,
Айтсақ сөздиң расын
Ойлап ақыл жетпей тур,
Кемиси жоқ қарыўдан.

V

Аўылдың сәл арқасында,
Қоңсы отырған сыбайлас,
Өзи тоқсан жасында,
Бар бир ғарры аты Ықлас.

Өзи уста, өзи мерген,
Он бармағы өнерли екен.
„Данышпан" деп сын береди,
Гүррiңлескен, барып көрген.

Сорасаң дурыс ақыл берген,
Ҳадаллықты мақул көрген,
Жүдә жетип дийхан болған,
Пайын алған ана-жерд н.

Сол бабаға Султан өзин,
Таныстырып қайтпақ болды.
Әкесиниң соңғы сөзин
Оған барып айтпақ болды.

Сақал, шашы қуўдай аппақ,
Баба төрде отыр еди.
„Ата“ деп Султан даўыслап,
Сәлем „берип“ үйге кирди.

Иззет, ҳүрмет көрсетип,
Қолынан барып алады.
„Тетиксиз бе, аға“ —деп,
Ҳал-аҳўалын сорады.

Ғарры оған бир қарап,
—Кел, кел, балам, кел, —деди, —
Аман ба?—деди ҳал сорап, —
Танымадым мен, —деди.

—Ата, —деди, —мен сизге,
Адайыда келгеним.
Жумысым жоқ ҳеш өзге,
Ойласайын деп едим.

Арзы деген кисиниң,
Баласыман аўылда,
Султан деген исимим,
Жасайман усы қаўымда.

—Билдим балам, таныдым,
Кәдирдан еди Арзыжан.
Таза еди жаны дым,
Ҳүрметлер еди ҳәр адам.

Өткен екен дүньядан,
Хабарлыман, билемен.

Кандай еди Арзыжан,
Узак жаса улым сен.

Б рекелла, айт балам,
Гәплеринди тынлайын.
Ауылдағы бир бабан,
Ақыл бер десен мен тайын.

—Әкем бирден ауырды,
Лаплап еттин ҳәуири.
Гәҳи жатты, гә турды,
Жаза алмады бауырын.

Гүзеттик үш күн удайы,
Бизлер әкем пақырды.
Ауырласып жағдайы,
Жанына мени шақырды.

Бетиме бир карады,
Қыйығын салып көзинин
„Келдин бе?“—деп сорады.
„Түбинде“—деди жүзимниң.

„Түбинде калды жүзимнин“,
Қайталап айтты тағы да,
Жойытты есин өзинин,
Усыны айтқан уағында.

Бизди жүдә кыйнады,
Әкем айткан бул гәплер.
Ишимизге сыймады,
Болмады ҳеш дереклер.

Әкемнин айтқан мийрасын,
Жер астынан таппадық,
Отыз күн тынбай расы,
Жүзим бағка қатнадық.

Барлық жүзим отыз түп,
Еки-екиден он бес жуп.
Қазып шықтық үш рет,
Умытылған ҳеш жер жок.

Таба алмадық ҳеш дерек,
Излеп-излеп биз,—деди—
Ата сизде ой қандай,
Не айтасыз сиз,—деди?

Сонда баба балаға,
Бир тикленип қарады,
—Жүзимимниң мийўеси,
Быйыл қалай,—деп сорады.

—Айтары жоқ бабажан,
Быйыл жүдә мийўели.
Көрмегенбиз ҳеш қашан,
Бундай болық мийўени.

Быйылғы жылдың мийўеси,
Келеси жылға ушласар.
Жыйналмаған жүзимлер,
Шақаларда еле бар.

Баба айтты түсиндим,
Мәнисине исиңниң.
Жерден алтын излеген,
Кемиси жоқ күшиңниң.

Балам мийнет етипсең,
Мақсетиңе жетипсең,
Әкең айтқан шектен де,
Арман өтип кетипсең.

Әкеңниң балам көмгенин,
Сениң усы тапқаның,
Тапқаныңның гүўасы,
Мол өнимге батқаның.

Әкең балам, бир данышпан,
Өз дәўириниң қарыясы еди.
Ели сүйген жетик дийхан,
Тасқын ақыл дәрьясы еди.

Әкең саған, кеңес берген,
Сен мийнеттен қашпа деген.

Ҳадал мийнет қалдырмайды,
Қуры сени боска деген.

Мысал еткен жүзим түбин,
Ислеўиңди айткан сениң.
Әкеңниң саған мийрасы—
Сен кешеги алған өним.

Мине енди билдиң балам,
Кеңесиўге келдиң балам.
Мийнет—бахыт, мийнет—алтын,
Ҳәм алғысы елдиң балам.

Мийнет пенен абадансаң,
Мийнет—өмир егер нансаң,
Мийнетсиз ҳеш жасай гөрме,
Мийнет пенен сен адамсаң.

Ҳәр гәпин Ықлас бабаның,
Шын жүректен сүйеди.
Султан уллы адамның,
Алдында басын ийеди.

Түсинип барлық сөзине,
Қайыл қалды өзине,
Алғыс айтып бабаға,
Қайтты Султан изине.

Уқтым деди бала да
Әңгимениң жай-жөнин,
Қазбағанда бола ма,
Тап усындай мол өним.

Әкем айтқан ҳаслында
Нәсияты усы екен.
Мийнетим қонған басыма,
Мәңгилик бахыт қусы екен.

## ҒАРРЫЛАР ЕЛДИҢ САЎЛАТЫ

Бурын, бурын, бурында,
Уралда ма, Қырым да,
Жүдә ерте заманда,

Биймәлим қайсы таманда,
Дүньяға келип тиришилик,
Адамзат пайда болғанда,
Ханлар тахта отырып,
Үстемлик етип турғанда,
Нызам менен бекитип,
Көп дәстүрлер дөреткен,
Қарсы турған адамның
Алды-артын ор еткен.
Былай-былай кетпестей,
Әтирапын қалың тор еткен.
Сол дәстүрдиң биреўи,
Ғаррыларды әсиресе,
Аз:п берип хор еткен,
Хор еткени сол екен.
Сексенге жасы жеткен соң,
Бойынан күши кеткен соң,
Әкесин ҳәрким арқалап,
Кетер екен таўға қарап,
Бийик таўдан өтер екен,
Пышық мурны батпайтуғын,
Бир тоғайға жетер екен.
Әкесин таслап хошласып,
Баласы қайтып кетер екен.
Билмейди неде жазығы,
Қолында азырақ азығы,
Ғарры бозлап жылайды екен.
Баласы болса кейнине,
Жалтаң-жалтаң қарайды екен.
Илаж болмай ақырында,
Тәғдийрим усылай шығар деп,
Өзи қайыл болады екен.
Баяғыда өз әкесин,
Өзи таслап кеткенлигин,
Сонда ядқа алады екен,
Сөйтип сабыр қылады екен.
Реҳимсиз хан басқарған,
Сондай дәстүр заман екен.
Өз үйинен, ел-елаттан,
Сирә қайтып келмес болып,
Тири кеткен жаман екен.
Тоғай иши түни менен,
Патыр-патыр тынбайды екен.

Шабысы ма, тәбиси ме,
Жабайылар туўлайды екен.
Жолбарыс па, Арыслан ба,
Бақырысып шуўлайды екен.
Бир жағымсыз даўыслардан,
Қулақлары шыңлайды екен.
Тас қараңғы қорқыныштан,
Тула бойы жуўлайды екен.
Жыртқышлардың сеслеринен,
Жүреклери суўлайды екен.
Жыртқыш тинтип түни менен,
Тоғай ишин қоймайды екен.
Түри бәтен мақлуқ көрсе,
Таң атқанша жалмайды екен.
Ертеңине көрсең барып,
Онда барған адамлардың,
Ҳәтте изи қалмайды екен,
Соннан шығар әйтеўирде,
Бул жерлерге келгенлерден
Үйлерине аман-есен,
Ҳеш ким қайтып бармайды екен.
Аты шыққан бир жигит,
Есен деген бар екен.
Өзи батыр тулғалы,
Қайтпайтуғын нар екен.
Ерегиссе шаршамас,
Өр көкирек ер екен.
Адамлар оның лақабын.
Есен палўан дер екен.
Жоқ екен оның шешеси,
Сексен жасқа толыпты,
Есенниң де әкеси
Шақырып ғарры баласын,
Билдирип кеўил наласын.
—Келдим балам, сексенге,
Миңгиздағы еңсеңе,—
Деди,—апарып таслай ғой,
Халық дәстүрин баслай ғой.
Есен де илаж ете алмай,
Дәстүрди бузып кеге алмай,
Өз-өзинен күйинип,
Қабақлары үйилип,
Бир-еки нан түйинип,

Ғаррыға берип калтаны
Арқалап алып әкесин,
Тауға карап тартады.
Әдеуир жер жургенсоң,
Тауға жақын келгенсоң,
Жигит шаршап талады.
Бир арнаға салынған,
Үлкен көпир касында,
Дүмпешиктиң басында,
Отырғызып ғаррыны,
Азырақ дем алады.
Отырып ғарры жан-жаққа,
Анықлап нәзер салады.
Әтирапқа қарады,
Өз-өзинен бир уақта,
Шақалақлап күледи,
Күлгенине ғаррының,
Баласы ҳайран калады,
Күлетуғын жер емес,
Неге аға күлдиң деп,
Баласы оннан сорады.
—Дурыс балам, айтқаның,
Күлиуимниң себебин,
Бурын саған айтпадым,
Баяғы өткен жылларда,
Мен де сендей жас едим,
Уайым жок, мәс едим.
Шыққанда әкем сексенге,
Арқалап алып, ал мен де
Жүрдим усы жол менен,
Өзим отырған төбеге,
Отырғыздым қол менен.
Бул төбениң басында,
Отырып мениң қасымда,
Айтып еди бир сөзди.
Ядыма түсти сол мениң,
Себеби мениң күлгеним,
Бүгин мунда келдим мен,
Балам жассаң еле сен,
Айлар, жыллар өтеди,
Аркасында балаңның,
Ақыры сен де келесең.
„Әкеңе не ислесең,

Алдыңа сол келеди"
Балам еле асықпа,
Көресең оны деп еди.
Әкеме еткен исимди
Сеннен көрип турыппан.
Әкемниң айтқан сөзиниң,
Келгенине алдыма,
Ҳайран боп күлип турыппан,
Басыма түскен саўдаға,
Илажсыз көнип турыппан.
Күлгенимниң себебин,
Айтып берип турыппан,
Әкемниң айтқан сөзлери,
Келген болса маған да,
Бул нәўбеглер келеди,
Ақыры балам саған да.
Көргенин ҳәм билгенин,
Қула дүзде күлгенин,
Ғарры айтты усылай,
—Балам енди жүр—деди,—
Апарып мени таслаўдың,
Илажын тезирек көр,—деди.
Әкесиниң гәплери,
Есенге болды батқандай,
Ҳәр сөзиниң салмағы.
Мысалы тап батпандай
Қәпелимде баланың,
Үскини кетти қуйылып,
Бет-әлпети жыйырылып,
Сарғыш тартты жамалы,
Жан жеринен атқандай
Өзин аўыр сезинди.
Шүмип терең ойларға,
Жүрек-баўыры езилди.
Әкесин Есен арқалап,
Тоғай емес, таў емес,
Үйине қайтты изинде.
Келип Есен елине,
Әкесин алып келгенин,
Кеңнен хабар қылады
Ғаррысы айтқан гәплерди,
Көпке мәлим етеди.
Өзиниң ойын билдирип,

Халық алдынан өтеди.
—Тынланызлар халайык,
Усы ма бизге ылайык,
Дурыслап нәзер салыңыз.
Ҳайўанларды алыңыз,
Жолбарыстың күшигин,
Алар болсаң өшигип,
Тириде саған бермейди.
Күшиги ушын адамды,
Шыбын шелли көрмейди.
Билдирмей урлап кетсең де,
Изиңнен сени серлейди,
Жүрегинде гезнейди.
Умытпайды ҳеш қашан,
Қоллы болған баласын,
Өлгенинше излейди.
Бизлер болсақ адамбыз,
Соннан келип наданбыз.
Әлпешлеп бизди өсирген,
Әкеде қандай жазық бар.
Ойлап көриң досларым,
Усындай бир қызық бар.
Хан ҳәмири дейсиз ғой.
Ол да мүмкин дурыс шығар,
Ханды жолдан аздырған,
Ханның жолын қоздырған.
Хан қасында отырған,
Әке қәдирин билмеген,
Болған шығар бузықлар.
Әкемизди өзимиз,
Сум әжелге баслаймыз.
Тоғайлыққа апарып,
Жыртқышларға таслаймыз.
Көзимиз қалай қыяды,
Нырыққа қалай сыяды.
Шимиркенбей денемиз
Өзимиздей адамды,
Жанған оттың ишине,
Неге таслап келемиз.
Әкеңди өзиң өлтирсең
Қалай қарар балаңыз.
Суўысады, әлбетте.
Балаңыз бенен араңыз,

Дыққат қойып бул сөзди,
Мәнисине қараңыз.
Ойламаң әкем кетти деп,
Бизлер аман қаламыз.
Өтип турса күн усылай,
Әкемиздиң изинен,
Ҳәмме қалмай барамыз.
Я талас жоқ, тартыс жоқ,
Я қарсылап атыс жоқ.
Өзимизден өзимиз,
Не ушын барып өлемиз.
Өлгимиз келсе өзимиз,
Дүньяға неге келемиз,—
Деп сөзлерин айтты да,
Есен халыққа қарады.
Бул айтқанға өзлериң,
Не дейсиз,—деп сорады.
Ҳәмме бирден шуўласып,
Сөз сөйлеўге таласып,
Шәўкилдесип жүреги,
Айтты былай тилегин:
—Мақуллаймыз сөзиңди.
Қуўатлаймыз өзиңди.
Ойлар еди усыны,
Жүрегимиз бизиң де.
Ғаррылар узақ жасаса,
Болар еди жарасық.
Ҳәр бир үйдиң өзине,
Болмай ма көп қарасық.
Есен айтты халыққа;
—Тайда таяқ, қалмастан,
Хан алдына барамыз.
Халқымыздың тилегин,
Оған мәлим қыламыз.
Ғаррылардың жанларын,
Сорап алып қаламыз.
Береғойса тилекти,
Хан менен үлпе боламыз.
Қарсыласса биз бенен,
Аямай қарсы турамыз,
Қурал алып қолларға,
Бир шетинен қырамиз.
Басым келсе хан тәреп,

Колларында қалармыз,
Бахыт ушын өлди деп,
Жақсы атақ аламыз.
Өзимиз барып өлгеннен,
Сауашта жүрип өлгениң,
Мың мәртебе артықты.
Есен айтқан бул гәплер,
Халықты өзине тартыпты.
Изинде сансыз ләшкерлери,
Есен ханға барыпты.
Колайсыз көрип түрлерин,
Хан албырап қалыпты.
Сонда да сыр билдирмей,
Жақсылап карсы алыпты.
Изине ертип бес жигит,
Есен ханға кирипти,
Кирип сәлем берипти.
Ҳәм де халықтың тилегин,
Ханға айтып көрипти.
Хан да буны тыңлапты,
Сөз мәнисин аңлапты.
Мыйық тартып күлипти.
Тилегин халықтың берипти.
Бул ҳаққында айта алмай,
Ҳәмиринен қайта алмай.
Хан да ойланып жүр екен,
Ойланғанның мәниси,
Оның да өз әкеси
Сексен жасқа келипти.
Есен ханға айтқан тағы:
—Ғарры деген ақыл кәни,
Оның ақылын алыў керек,
Пайдаланып қалыў керек.
Жумсаў керек ҳүрмет пенен,
Елимизде болмас ғарры
Бир-бир бағдан дәретпеген.
Караман ҳәм ексе шынар,
Аўылларға саўлат болар
Жаслар оннан үлги алар.
Еткен иси аталардың,
Мийрас болып бизге қалар.
Дурыслыққа хан не десин,
Есенниң айтқан кеңесин:

—Бунын дурыс, улым,—деди,—
Неге айтпадың, бурын—деди,—
Ақылына турдым,—деди.
Бир ўәзирди шақырды да,
—Қәне, хатқа салың—деди,
Ғаррылардың дизимин тез,
Бүгин-ертең алың-деди.
Ғаррыларды тирилей,
Тоғайға таслаў қойылсын,—деди.
Бүгиннен баслап бул дәстүр,
Биротала жойылсын,—деди.
Ғаррылар жақсы ис етсин
Терек тиксин, бағ көгертсин.
Буйрық етип жазың—деди.
Бул буйрықты, жәрия етип,
Пүткил елге мәлимледи.
Есенге өз қолы менен
Зер жағалы сарпай жапты.
Ҳүрмет-иззет жолы менен,
Кеўил толып алғыс айтты.
Ғаррылардың жанын қорғап,
Есен палуан елге қайтты.
Бул ханлықтың қол астында,
Бағ болмаған жер қалмады.
Ел болды жүзим, алмалы,
Халық арасы тоқшылық,
Абаданлық орнады,
Ғаррылардың басында,
Қорқыў деген болмады.
Есенниң уллы исине,
Ханға көрсеткен күшине,
Ақ пәтиясын бермеген,
Есенниң атын билмеген,
Бир де ғарры қалмады.
Қарағанда хабарларға,
Ең әййемги заманларда,
Таў артында, тоғайларда,
Балаларының арқасында,
Көп ғаррылар барған дейди.
Зая болып жыртқышларға
Тирилей жем болған дейди,
„Әкеңе бурын не қылсаң,

Алдына келер" деген сөз,
Сол жыллардан қалған дейди.

* *
*

Ҳүрметлесең әкеңди,
Мақсетиңе жетерсең.
Ертең сениң өзиңе де,
Перзенттен соны күтерсең,
Әкеңе ҳүрмет ете бил,
Шықпасын ҳеш есиңнен,
Балаң үлги алар ол,
Сениң барлық исиңнен.

* *
*

Кеўлинде жоқ ҳеш арманы,
Бизиң Совет елинде,
Ғаррылық дәўран бир дәўран,
Ҳәмме оны ҳүрметлер,
Атажан ҳа, атажан!
Үйиңизде ғаррылар,
Ақылгөй, устаз, ветеран.
Елимизде ғаррының,
Гүл жайнаған өмири.
Жарқырар мәртлик белгиси,
Орденге толы өңири.

## ШЫБЫН ҚАЛАЙ ПИЛ БОЛДЫ[1]

I

Өзи он бир жасында.
Жүдә актив класында.
Билмейтуғын сабағы жоқ,
Таң қаласаң ықласына.

Ислемейди орынсыз ис,
Таярлықсыз келмейди ҳеш,
Китапты да көп оқыйды,
Сабағының бәринен бес.

---

[1] И. *Франконың усы аттағы гүрриңи мотивинде.*

Мақтаўды билмейди ол,
Билмегенге күлмейди ол,
Жәрдем берер досларына,
Ең бир жақсы қәсийети сол.

Бийтәртипке ермейди екен,
Көше гезип жүрмейди екен,
Рухсатсыз үй-ишинен,
Киноға да кирмейди екен.

Оқыўшылар Мараттың,
Бул ислерин жаратты,
„Болайық ҳәмме сондай“—деп,
Класска уран таратты.

Кешигип қалыў сабақтан,
Оның ушын қылмыс жатқан,
Марат соған үйренген,
Ең биринши келген ўақтан.

Муғаллим де сер салып жүр,
Ишиңнен билип-танып жүр,
Сөз келген жерде Маратты,
Үлги етип алып жүр

Мектепте мәжилис болады,
Әлбетте ол мақталады.
Класстағы дослары да,
Марат пенен мақтанады.

Өрнек болып айтылғаны,
Қуўандырар ата-ананы,
Шәкиртинен ләззетленер,
Мектептеги устазлары.

Ҳәм үйинде, ҳәм мектепте,
Үлги болды Марат көпке,
Оқыў даўам ете берди,
Ҳәпте артынан өтип ҳәпте.

II

Соң-соң Марат ҳәр ўақта,
Кешигип келди сабаққа,

Бурынғыдай ықласы жоқ,
Қарай берер жан-жаққа.

Балалар ҳәм муғаллим,
Бул ҳаққында ойлы дым,
„Өзгерипти бала“ деп,
Олардың иши етти ғымм.

Айтпады бирақ өзине,
Салмады адам изине,
„Билетуғын бала ғой,
Ойланар“ деп өзи де.

Басланды жаман әдети,
Қалыўды кем-кем үдетти,
Бир-еки күн қатарына,
Сабағына келмей кетти.

Ҳәмминиң ашыды жаны,
—Ҳаў, балалар, Марат қәне?
Келмесе егер ертең де,—
Дести:—Излеў керек оны.

Ертеңше қарайық,—деди,—
Хабарын алайық,—деди,—
Бир себеби бар шығар,
Анықлап сорайық,—деди.

Сабақтан қалып жүргенин,
Мектепке бармай келгенин,
Мамасы да билмес еди,
Баланың кимге ергенин.

Азанда турып орнынан,
Әдетинше бурыннан.
Асығыс ишип шайын да,
Кетип жүрди алып нан.

Үйир болып бир балаға
Барып жүрди қалаға,
Ойнап-ойнап қайтады,
Түс болды-аў деген шамада.

„Оқыўдан келдим“ дейди де,
Аўқатларын жейди де,
Және ойнап кетеди,
Ойына алмай үйди де.

Марат бир күн ойланды,
Аўырды, басы айланды,
„Муғаллимге не деймен—?“
Усыған жүдә қыйналды.

Бундайды сирә билмеген,
Еситпеген, көрмеген,
Айтыў түўе өтирик,
Қасынан да жүрмеген.

Марат енди қашпайжақ,
Өтириктен қайтпайжақ,
Усы рет қутылса,
Қайтып өтирик айтпайжақ.

Аўырды, деймен мамамды,
Көрейин сөйтип шамамды,
Кетпедим таслап мен—дейин,
Аўырып атқан адамды“.

Өз ойын өзи мақул деп,
„Дурыс табылған ақыл“ деп,
Азанда келди класска,
Қалғанына таўып себеп.

Муғаллим көрип Маратты,
Дыққатты оған қаратты,
—Аманлық па, не ушын,
Қалдырдың көп сабақты?!

—Аўырып қалды мамам,—деди,—
Наўқасы дым жаман,—деди,—
Оқыўыңа бармай-ақ қой,
Қайырқом бол маған,—деди.

Не қыларымды биле алмадым,
Өзим бунда келе алмадым.

Жиберейин айтып десем,
Балаларды көре алмадым.

Муғаллим сорап Мараттан,
—Мамаң қалай ҳәзир,—деди,
Марат айтты:—Текте жатқан,
Болмай атыр ҳәзи,—деди.

—Онда, Марат, үйиңе қайт,
Мамаңа меннен сәлем айт,
Ғамхорлық, ет бол қасында,
Жәрдем керек усындай пайыт.

Муғаллимге алғыс айтты,
Сөйтип Марат үйге қайтты,
Ауырыў жоқ үйде жатқан,
Қыздырылды ойын қатты.

III

Қызларға айтты муғаллим,
Қыйын болар ауырса ким,
Жәрдем бериң Маратқа,
Нәубетлесип бир күн-бир күн.

Бериңизлер суўын тасып,
Керек болса аўқат асып,
Марат ушын қыйын болған,
Қараң кеткен түри қашып.

Муғаллимниң сөзи менен
Тез Мараттың изи менен,
„Көремиз" деп мамасын,
Өзлериниң көзи менен.

Бир-еки бала, қыз келди,
Маратқа олар дус келди.
—Жәрдем ушын келдик—деди—
Муғаллим бизди жиберди.

—Тәуир ме—деди,—мамаңыз?
Айтсаң уақыт табамыз,

Жумыс болса ислеймиз,
Келгенинше шамамыз.

—Рахмет, ҳәлек болмаңлар,
Үйге ҳәзир бармаңлар,
Жаңа ғана жатып еди,
Тынышын енди алмаңлар,—

Деди Марат өгинип,
Және бир өтирик өтирип,
Мынадай деп айтты олар:
—Тәўир-ақ ўақ турып-турып.—

Муғаллим де келмекши еди,
Өзи келип көрмекши еди.
Бир жумысы шығып қалды,
Бизлер менен жүрмекши еди.

Жатса-жатсын мамасы,
Уйықлаған ғой шамасы,
Кетти олар келемиз—деп,
Ертең және ҳәммеси.

IV

—Меники бул болды-аў айып,—
Деди Марат муңайып.
Аўырмаған мамасы,
Баратыр өтирик улғайып.

Бир жақларға жол жүрип,
Кетип еди қыдырып.
„Оқыўдан балам қалма" деп,
Айтып еди ол турып.

Мектептен рухсат алғанын,
Сабағынан қалғанын.
Мамасы сирә билмейди,
Сөзлериниң жалғанын.

—Келип қалса муғаллим,
Қалай болар бул ҳалым,

Деди—Марат ойланып,—
Қыйын болды-аў маған дым.

Буның алдын алайын,
Мектебиме барайын,
Муғаллим үйге келместей,
Бир илажын табайын.

Класына барады,
Ортаға ҳәмме алады,
Мамасының аўҳалын,
Муғаллим оннан сорады.

Өзгерис жоқ еле де
Ыссылық бар денеде,
Айтты Марат:—ҳәзирше,
Келе алмайды келеге.

—Марат, сен онда қайт—деди,—
Ғамхорлықты молайт—деди,—
Кеште менде бараман,
Мамаңа соны айт—деди.

—Мамам ҳәзир үйде жоқ,
Алып кетти доктор кеп,
Емленеди сол жерде,
Үйде мениң өзим тек.

Маратқа айтты—балам,—деп,—
Қапа бола берме көп,
Докторға барса жақсы екен,
Тәўир болып кетер—деп,—

Бола бер Марат үйинде,
Дурыслап қара үйине,
Мамаң усылай жатқанда,
Қонама сабақ мийиңе.

Докторға барып қайтаман,
Мамаңа бәрин айтаман,
Болмас өзим көрмесем
Достым ели қәдирдан.

Марат кайтты кейнине,
Түсип кетти ийни де,
„Тийемен“ деп корыкты,
Муғаллимниң зейнине.

—Билип калса егер мамам,
Не айтаман енди оған,
Деди—Марат қыйналып,
Болды буның кейни жаман.

V

Марат үйге барыпты,
Мамасы келип қалыпты.
Оқыўға бармай жүргенин
Қашшан-ақ билип алыпты.

Күйип-писип жаныпты,
Қатты ашыўланыпты.
Отыр екен баламнан,
Билейин деп анықты.

Көре сала баласын,
Айтты гәптиң расын.
—Хабар қылды көргенлер,
Сабақтан неге қаласаң?

Марат айтты:—тыңла, мама,
Мен мектептен келдим жаңа,
Аўырып атыр муғаллим,
Қалғанымыз сонсың ғана.

Балалар менен барып жүрмиз,
Күнде хабар алып жүрмиз,
Ҳәр кимлердиң бийкар айтқан,
Сөзлерине исенбең сиз.

Жудә жақсы қыз еди,
Бир үйде жалғыз өзи еди,—
Маратқа айтты мамасы,—
Ең татыў досты—биз еди.

Мениң менен жас еди,
Жаслайымыздан дос едик,
Қыйналды оған елжиреп,
Кеўли жүдә бос еди.

Айтыў керек ондайды,
Бармасам оған болмайды,
Таярлайын бир нәрсе,
Бүгиннен жоқ қолайы.

Айланысып аўқатқа,
—Апарыс,—деди Маратқа,—
Не қыларын билмей бала,
Лал болып турды бул ўақта.

Ойлап-ойлап көреди,
Ой түбине жетпейди,
Не болса да көреди,
Өтирик енди кетпейди.

„Аўырмаған адамды
Аўырды деп неге айттым?
Қатал дедим анамды
Өтирикти молайттым.

Досларымды алдадым,
Анам қатты жатыр деп,
Айтқанларын қылмадым,
Демин алып атыр деп.

Киргизбедим мен үйге,
Ашылмасын сырым деп,
Себеби, мамам жоқ еди,
Жибердим соң бир келиң деп...

Муғаллим де алданды,
Мамам жатыр дегенге,
Жәрдемди дәрҳал қолға алды,
Қыйналып бегер меннен де.

Бараман депти Мараттың,
Көриў ушын мамасын,

Билдим де оның шамасын
Сол ўақта мектепке шаптым...

Үйге ол келмесин дедим,
Сырымды билмесин дедим.
Докторда деп айттым мен,
Сөйттим де үйге қайттым.

Барса ол соннан докторға,
Барған менен мамам бар ма...
Излеп-излеп таппаған соң,
Қайтып келеди бунда.

Бәринен де қыйын маған,
Келгенде не деймен оған,
Өтирикти ойын десем,
Екен ғой бир ақырзаман.

Мамамды және алдаппан,
Устазымды аўыртып ядтан,
Жоқ жердеги өтирик,
Тап болды маған қаяқтан.

Изинде масқара болдым
Классқа әшкара болдым
Муғаллим, мамам алдында,
Мен бир жүзи қара болдым...

Қараса Марат узақтан,
Кәдем таслап доктор жақтан,
Муғаллимди көреди,
Үйге қарай киятқан.

Өзин шетке алады,
Марат тасаланады.
Муғаллим ишке киргенсоң,
Аўыздан барып турады.

Ушырасты еки дос,
Қушақласты еки дос,
Узақ ўақыт сөйлесип,
Маўқын басты еки дос.

Муғаллим сонда достынан,
Ауырғанын сорады:
—Тәуир болып кеттиң бе?
Доктор қалай қарады?

—Түсинбедим, достым мен,
Ауырмадым мен—деди.
Оны а'тқан ким саған,
Қайдан билдиң сен—деди.

Муғаллим басын шайқады,
Сөздиң қамын байқады,
Еситсе де Мараттан,
Муғаллим оны айтпады.

Муғаллимнен сорады,
Мараттың да мамасы,
—Өзиң тәуир болдың ба,
Ауырғансаң шамасы.

Әйтеуир турып кеттиң бе?
Еситип едим жатты деп,
Науқаслығы өзине,
Әдеуир ғана батты деп.

Муғаллим бирден қарады,
—Ҳеш бир ем де алмадым,
Ким айтты,—деп сорады,—
Докторға да бармадым.

Мараттың сонда мамасы
Муғаллимге не десин,
Ишинен сезип отырды,
Баласының қәтесин.

Муғаллим Маратты,
„Ишке берман келсин“ деди.
Жалған сөздиң изиниң
Не екенин билсин деди.

Марат ишке кирип келди,
Ҳешкимге де қарамады,

Жерге төмен үңилди,
Ҳеш нәрсе де сорамады.

Муғаллим де, мамасы да.
—Енди, Марат аңла—деди.—
Бүгиннен баслап сабактан,
Бир минут та калма—деди.

Буннан баска сөз айтыў,
Енди оған артық еди.
Усының өзи-ақ Маратгың
Жанына дым батып еди.

Кешириңлер анажанлар,—
Деди:—бәри өзимнен.
Айтылған барлық ғаўасат,
Болды мениң сөзимнен.

Жалғыз аўыз жалғанның,
Зил боларын билмедим,
Кишкене бир шыбынның.
Пил боларын билмедим.

* * *

Халкымыз ҳеш ўак унатпас,
Болғанларды жалғаншы,
Дурыслық ушын кетсин бас,
Жалғаншы болып қалғанша!.

## АНА ЖЫРЫ

Мийирбек еле дым киши,
Жаңа ғана күледи,
Баска менен жок иси,
Анасын таный биледи.

Жымыңлап аўызын ашады,
Келсе ана касына,
Сүтине тойып ананың,
Қарайды тумлы-тусына.

Кишкене кроватында,
Күледи, гейде жылайды,
Анасы оның қасында,
Айтады қосық жырлайды:

—Бахытлы бөбек уйықла сен,
Тапсын жаның рәҳәт,
Қасындаман анаң мен,
Өмириң қызық, кеўлиң шад.

Өсесең еркин ержетип,
Талпынып алға жүресең,
Досларың менен бир кетип,
Бақшаға барып келесең.

Күнде қызық болады,
Өткен ҳәр бир минутың,
Кем-кем ақылың толады,
Толысады келбетиң.

Толғанда жети жасыңа,
Ашасаң билим есигин,
Тәрбия берген мектебим,
Дейсең-алтын бесигим.

Китап алып қолына,
Оқыйсаң ўақыт өткермей,
Ким болсам деп ойыңда,
Жүрер қыял жеткермей

Мойнында қызыл галстук,
Пионерлик белгиң ол,
Изине ертип жол баслар,
Меҳрийбан ағаң комсомол.

Үлгили оқып мектепти,
Питкересең он жылда,
Аттестатың қуралың,
Оқыў ушын ол қолда.

Қәнигелик алдында,
Қәлеўинше турады,

Жас жүрегиң шәўкилдеп,
Қайсысына бурады!

Инженер болсаң ол қалай?
Тәбият сырын ашқандай,
Летчик болсаң ол қалай?
Шарықлаң көкте ушқандай.

Врач болсаң билимли,
Узайтқандай өмирди,
Тапсаң күнде жаңалық,
Адамға керек ҳәр түрли.
Агроном болсаң аўылда,
Билип жердиң тиллерин,
Тәрбия берип ўақтында,
Өсирсең өмир гүллерин.

Қәнигелик күтә көп,
Мине, балам қарасаң,
Усылардың ишинен,
Биреўин таңлап аларсаң.

Баўырым бөбек уйықла сен,
Келешегиң кеўилли,
Дүзиўши бол,—тез ержет,
Уллы коммунизмди.

Анаңның хош ҳаўазы,
Балаға болар жаққандай,
Уйқыға кетер мазалы,
Түсиниң ләззет тапқандай.

Бетин жуўып баланың,
Китап оқыр анасы,
Сүйкимли аўызы шүлтийип,
Уйқыда жатыр баласы

## ЖЫЛЛАР

### I

Дүньяға келип адамзат,
Тәбият пенен сырласқан,

Дөретип небир кәрамат,
Тилге келген жер, аспан.

Жулдызға болып сәубетлес,
Емген қуяш нурларын,
Уғып барған тынбай ҳеш,
Күнниң, түнниң сырларын.

Тауып ўақыт дерегин,
Секунд, минут ҳәм саат,
Пайдадан деп керегин,
Белгилеп берген атма-ат.

Минут турар секундлардан,
Саат турар минутлардан,
Жети күн бирге жәмлессе,
Ҳәпте болып аталған.

Төрт ҳәптеден бир ай болса,
Он еки ай құрар жылды,
Гөне жыл тамам болғансоң,
Жаңа жылға берер жолды.

Ҳәр жыл төртке бөлинеди,
Үш-үш айдан теңдей болып.
Оған мәўсим делинеди
Билемиз биз атын толық.

Дәслепки мәўсим қыс болар,
Шымыр аяз, жерде қар,
Қар баба келер алысган,
Қапшығында сауға бар.

Екинши мәўсим бәҳәр бул,
Дийханлар жерин тегислер,
Салмада суўлар ағып тур,
Басланып кетер егислер.

Үшинши мәўсим жаз болар,
Писпеген жемис аз болар,
Жасыл дөнип тәбият,
Жанға рәҳәт—ҳәз болар.

Төртинши мәусим-гүзимиз,
Шашланар тасқын қырманлар.
Тояр қарап көзимиз,
Орынланар әрманлар.

Ой жууыртып тереңнен,
Қарап көрсек ойланып,
Жыллар изли-изинен,
Келе берер айланып.

Күнлердиң шығып батқаны,
Ҳәр күни таңның атқаны.
Тәбияттың сырлы нызамы,
Тоқтап қалмай бир жерде
Избе-из жол тартқаны.

Талай-талай сыналып,
Мақул болып табылған,
Он еки жыл қосылып,
Бир мүше деп алынған.

Мүше деген мысалы,
Өмирдиң бир бөлеги,
Бурыннан солай атаўды,
Халық жақсы биледи.

Он еки жасты мәселен
Бир мүше деп алады.
Еки мүше қосылса
Жигирма бес болады.

II

Жыйналысып халайық,
Депти мәжилис қурайық,
Алжаспаў ушын ҳәр жылдың
Атын қойып алайық.

Барлық жыллар усыманнан,
Дизилисип өтсин дейди.
Қәлеген ҳайуан-мақлуқлар,
Келип бунда күтсин дейди.

Узақтан жылды ким көрсе,
Бахты бәлент болады.
Қойылып аты сол жылға,
Жыл басы болып қалады.

Көре алмаған узақтан,
Бириншиден қалады,
Тийисли ҳәрким орнын,
Нәубет пенен алады.

Еситип буны ҳайўанлар,
Бир-бирине қарасар,
Боламыз деп жыл басы,
Узақларға қарасар.

Айтты түйе мақтанып,
Жақын келер алыслар
Биринши көриўим анық-
Барма маған жарысар.

Қараң мениң бойыма,
Жыл басы болыў ойын ба?
Мен турғанда алмасын
Ҳеш ким оны ойына.

Ҳайўанлар еди баршылық
Көрсетпеди қарсылық,
Қарсыласып түйеге
Етпеди ҳеш таршылық.

Мине сөйтип турғанда,
Келип қапты жыллар да,
Биринши болып ким көрди,
Шешилмеди бул манда.

Нәзер салып қаралды,
Ҳәммеден бир-бир соралды,
Ең биринши жылды көрген,
Тышқан болып саналды.

Ҳайўанлар оған күледи,
Исенимсиз түр береди,

Бойы болса бир ели,
Тышқан қалай көреди.

Тышқан айтты дурыс деди,
Неге керек урыс деди.
Бурын көрдим жылды мен,
Булай болды бул ис деди.

Түйениң бардым қасына,
Өрмеледим арқасына,
Мени түйе сезген де жоқ,
Минип алдым басына.

Алысқа жолға қарадым,
Көрип жылларды санадым,
Биринши боп жыл көрип,
Орынланды мурадым.

Турды тышқан қуўанып,
Оның өзи енди анық,
Болды тышқан жылдың басы,
Мойынлар ҳәмме тән алып.

Көпшиликтиң алдынан,
Дизилип жыллар жүреди,
Басқалары кейнинде,
Тышқан баслап береди.

Анықлап мине қараңлар,
Тышқаннан соң сыйыр бар.
Оннан кейин өтеди,
Жолбарыс пенен қоянлар.

Балық, жылан әсте жылжып,
Келер шаўып жылқы киснеп,
Қой маңырап ушып мешин,
Қораз келер көрип төсин,
Ийт асықпай келер еснеп.

Нәзер салсаң қандай қызық,
Есерленген пейли бузық,
Ең изинде келер доңыз,
Азыўы менен жер сызып.

Бул он еки мақлуқ,
Үлгерди жылға илинип.
Көп ҳайўанлар бос қалды,
Қуры шаўып бүлинип.

Болса да сондай тулғалы,
Миннети күйди болмады,
Сөз етер ҳәмме түйениң
Жылға илинбей қалғанын.

## ҒАРРЫ ШОПАН ҲАҚҚЫНДА ГҮРРИҢ

### I

Шопан бурын ким еди,
Ески заман қойнында,
Еркинликти билмедим,
Ауыр мүшкил мойнында.

Қайқы таяқ қолында,
Саҳралардың сақшысы,
Қой қораның аўзында,
Мәкан етти жаз-қысы.

Ата-анадан айырылған,
Әд л соның бири еди,
Жетимлик түсип басына,
Шопанлыққа көнеди.

Нурым деген бай болды,
Есабы жоқ малы бар,
М л болса кеўли жай болды,
Бир ылақ ушын жан қыяр.

Бийдайы ширип жатса-да,
Аўқаты шигин, арпадан,
Ҳәптеде ҳәтте айда да,
Мийри қанбас сорпадан.

Кисиге шық тамызбас,
Қорыққаны болмаса,
Бир тамшы суў ағызбас,
Қолынан келсе басқаға.

Етип жүр оның ҳызметин,
Есигинде көп адам,
Көрмеди ҳешбир ҳүрметин,
Еситер ақырет—сөз мудам.

Дүньяға сатар намысын,
Ашпас ҳәргиз қабағын,
Бермек түүе хақысын,
Тойдырмайды тамағын.

Неше дийхан жылап жүр,
Шопанлар да қайғыда,
Ҳақыларын сорап жүр,
Бирақ, бир пул ол байға.

Төлеуге келсе рети,
Умытар өзи уәдесин,
Болғансоң жаман ақыбети,
Дийханлар оған не десин!?..

Қарсыласса дым егер,
Тутылады таяққа,
Байдың сөзи сөйленер,
Барға да олар қаяққа.

Кетиуге де ериксиз,
Күйеди тағы мийнети,
Дийханлар талай ойланып,
Не ислерин билмеди!

Мийримсиз усы бай түсти,
Үлесине Әдилдиң,
Халық жақтырмай бул исти,
Деди Әдил—не қылдың!?

Өтирикши Нурымбай,
Жас Әдилди алдады,
Өтирикке қас қақпай,
Қызыл тилин жаллады.

—Таныр едим әкеңди
Бир мүсәпир киси еди,

Жаслайымнан бирге өскен,
Қыяметлик дос еди.

Анаң да бир жақсы адам,
Дуз ишкенбиз қолынан,
Бир сыбайлас отырған,
Қатнасықлы бурыннан.

Сен достымның баласы
Өз баламдай көремен,
Жоқ дегизбей ата-анасы,
Бәрҳә жәрдем беремен.

Тәрбиялап өсирип
Халық қатары етемен,
Үйимде келин түсирип,
Мақсетиме жетемен.

Отаў тигип өзине,
Қондыраман қасыма,
Қулақ салсаң сөзиме,
Дәўлет қонар басыңа.

Сениң қылар хызметиң,
Қойды өзиң бағасаң,
Семиртип санын көбейтип,
Аман сақлап барасаң.

Деген байдың сөзлери,
Әдилге күтә унады,
Қуўанышлы жүзлери,
Күлимсиреп турады.

Әдил он үш жасында,
Қой кейнине түседи,
Жас баланың басында
Қарлы-боран еседи.

Жақпай қалар исим деп,
Күнде жалтаң болады.
„Бәрекалла" десин деп,
Барлық күшин салады.

Жайлауларды аралап,
Отлақ жерди табады,
Ҳәр күни өрис жаңалап,
Жақсы жерге бағады.

Қандырып суўға мейлинше,
Кеште алып келеди,
Келиуден-ақ изинше,
Бай қойларын көреди.

Әдил жүрер, қораны,
Көп ўақытлар тазалап
Бул емес истиң болғаны,
Топырақ төгер арқалап.

Ҳаялы менен бай турар,
Қора аўзында анталап,
Барлық қойын услап қарар,
Санайды тағы қайталап.

Қарны неге шықпаған,
Мына қойдың дер бири,
Жаман жерде отлаған,
Қай жер бағылған жери?..

Мына қойдың баўыры тартық,
Болса керек суў ишпеген,
Отырмыз-ғой күнде айтып,
Билиў керек адам деген!?

Деп сөгинип кейир қайта,
Шаршап келген балаға да,
Жүрди бәрҳә айта-айта.
Әдил болып алағада.

Түнде қойды бағып жат,
Уйықлап қалып жүрме дер,
Қатты нан болар тек аўқат,
Суўып қалған шай келер.

Күн изинен күнлер усылай,
Қыйынлықта өте берди,

Зулымлығы байдың бийжан,
Кем-кем үдеп кете берди.

II

Он жети жыл өтти арадан,
Әдил келди отыз жасқа,
„Қыяметлик дос" атадан,
Көрмеди жәбирден басқа.

Сөң күнлердиң бир кешинде,
Әдил қойын айдап келди.
Бай күндеги әдетинше.
Қойдың бәри санап көрди.

Қара қозы түспей көзге,
Ашыўланып күйди-писти,
Бир ауызда келмей сөзге,
Таяқ болды шопан үсти.

Тап, кәнекей қойым қайда,
Деди оны кимге бердиң,
Көрмедим-ғой сеннен пайда;
Кәне кимниң сөзине ердиң.

Бас демеди, көз демеди,
Бай орынсыз урды таяқ,
Әдил ҳешбир үндемеди.
Көрген адам турды аяп.

Тыңламады арашаны,
Қутырынды кем-кем Нурым,
Кетти адамлық нышаны,
Қан қаплады көзде нурын.

Есиз-түссиз жатты қулап,
Жер құшақлап Әдил сонда,
Көздиң жасы болды булақ,
Батты таяқ шийрин жанға.

Азанда болсын қойым деп,
Бай ашыўы басылмады,

Еле бул саған ойын дей,
Узақ уақыт арсылдады.

Тұқым қойдан туўылған,
Қой келмейди қойыма,
Арзымас сендей он адам,
Бир өзиниң қунына.

Байдың айтқан сөзлери бул,
Сүйектен де өтип кетти,
Қой ҳаққында жойтылған сол,
Әдил турып, баян етти:

—Мен аўылға қайтқан ўақта,
Кас қарайып кеткен еди,
Қойдың алды „Үлкен жапқа",
Жаңа ғана жеткен еди.

Киятырман өзим артта,
Тум-тусыма көзди салып,
Тоғай бетте, елсиз жақта,
Қояма деп изде қалып.

Сетем алып қойлар үрикти,
Аяқ баспай турып қалды,
Шаўып жүрген „көк жал итти",
Бир ўақлары көзим шалды.

Қатты, қатты даўысладым,
Жуўырсам да, жеткермеди,
Қара қозы аўысқанын,
Сол ўақлары көзим көрди.

Тез бардым да изге түстим,
Тап алдымнан қашты қасқыр,
Тамамлаған барлық гөшин,
Дал-дал болып тери жатыр.

Көп қыйналдым мен де оған,
Келмеди бирақ орнына,
Қозы усылай зая болған,
Қасқыр қалып ҳақ қанына.

Менде кандай жазық бар,
Кейимениз, урманыз,
Ис ҳақымнан алып кал,
Көп қыйналып турманыз.

Әдилдиң сөзи жақпады,
Байды ашыў кернеген,
Бир жақсы сөз айтпады,
Жақсылықты билмеген.

—Менде кандай ҳақың бар,
Қойдың қунын алғандай,
Боларсаң қайта қарыздар,
Есапласам калдырмай.

Миллет пе қойды бакканың,
Аўкат, кийим кимдики?..
Жетпейди сениң тапқаның,
Тек сақыйлық меники.

Алатуғын ҳақың жоқ,
Жумыс емес кой баққан,
Болды бәрҳа қарның тоқ,
Бар ма дүнья жерде жаткан.

Әкесиниң досты Нурым,
Акырында усылай етти,
Алалмай Әдил бир пулын,
Он жети жыл күйип кетти.

Шыдамады бай сөзине,
Әдил қатты қәҳәрленди,
—Бер ҳақымды көп сөйлеме,
Алсаң да деди геллемди.

Он жети жыл қой бақтым,
Есигиңде өтти өмирим,
Азабыннан сынды сақтым,
Қалмады ҳеш шыдар жерим.

Кимге қарсы сөйлейсең деп,
Нурым колға таяқ алды.

—Бирме-бирге келсең-кел деп,
Әдил де тез бара калды.

Қолдағы байдың таяғын,
Әдил барып жулып алды,
Басып беккем аяғын,
Аямастан урып калды.

Өзин урған болса қалай,
Артық етип берди қайтып,
Қулады жерге шалқалай,
Ўай-уайлады аўнап жатып.

Шаўқым салып бай ҳаялы,
Әдилди келип жулқылады,
Қыйынласты Нурым ҳалы,
Бойын тиклеп тура алмады.

Боялып қанға көп жатты,
Зорға ғана дем алар,
Халық Әдилди ажыратты,
Деп, соңы жаман болар.

Ертеңине азанда,
Қазы менен болыс келди.
Асылды толып қазан да,
Мал сойылып берилди.

Қасында ханнан адам бар,
Олар менен бирге келген,
Алмақшы екен мәрдикар,
Соған адам излеп жүрген.

Бай қалдырмай айтты бәрин,
Урды деп мени шопаным,
Етимдеги дақты көрин,
Тек шықпады шийрин жаным.

Адам етип жаслайынан,
Тәрбиялап асырап сақлап,
Сыйпасам да маңлайынан,
Муш көтерди мени боклап.

Болыс пенен қазыжан,
Сөзлерине қарамаңыз,
Қалмасын кеўлимде әрман,
Ауырырақ жазалаңыз.

Өзине жәм жолатпады.
Әдилге жапты жаланы,
Қазы катты ашыўланды,
Шақыр—деди, баланы.

Әдил де алып келинди,
Сәлем берди алмады,
Бирак сораў берилди,
Жуўапқа қулақ салмады.

Шопан айткан ырас гәп,
Алынбайды есапқа.
Барлығы да байға жақ,
Ис түскен соң бийинсапқа.

Аўыр жаза сол болды,
Мәрдикарға уйғарды.
Қаннан келген адамды,
Олжа менен қайтарды.

Кетти деп Әдил келмеске,
Нурымның кеўли хошланды,
„Қәдирдан" Қазы, болысқа,
Сарпай жаўып тасланды.

III

Жаз да өтти, гүз болды,
Таралды халыкка хош хабар,
Большевик, Совет сөз болды,
Мийнеткешке мәдеткәр.

Даңқы кеңнен жайылды,
Уллы Ленин дананың,
Ерлиги тилге алынды,
Бахтын ашкан адамның.

Патшалықтың кисенин,
Туурап-туурап үзген ол,
Артты халықта исеним,
Жаңа заман дүзген ол.

Патшалықты құлатып,
Әдилликти орнатқан,
Партия,—Ленин жол ашып,
Октябрьден таң атқан.

Киятыр дейди көп санлы
Ленинشил гилең қаҳарман,
Аямайды душпанды,
Тамырынан қопарған.

Душпан қалмас берилмей,
Хийўа ханды қыйратар,
Бизде де рус жериндей,
Гүл өмирди жайнатар.

Қуўандырды халықты,
Усындай сөз таралып.
Келмеди деп асықты,
Өткен күнлер саналып.

Байлар болса қапада,
Жасырын ғана сөйлесер,
Қурал алып шықпаға,
Сөз жүзинде бирлесер.

—Хийўа ханы қоллап турса,
Дейди—бизге ким шыдар,
Гилең байлар қурал алса,
Болармекен қарсы турар!..

Сол күнлердиң биринде
Қызыл Әскер келди жетип,
Келмес деген кеткенинде,
Әдил екен келген ертип.

Барлық аўыл жигитлери,
Қуўанышлы күтип алды,

Азатлықтың шын мәртлери,
Буларды да ертип алды.

Олар дәрриў етти хабар,
Нурымның аңлып жатқанын,
Қасында жүздей адам бар,
Деди соған атланың.

Таярланды көп ўақ болды,
Оқ жарағы деймиз мол ма,
Аңлып жатыр усы жолды,
Мәкан етип ана ойда.

Бас болып Әдил әскерге,
Сол бағдарға ат қойды,
Атып оқты қәўипли жерге,
„Ура“ лап бәри тәп қойды.

Душпанлары қорықты қатты,
Бир оқ қарсы ата алмады,
Мине алмады тайын атты,
Қол көтерип тура қалды.

Үсти-басын қарап шықты,
Түсип әскерлер атынан,
Желкеге тақап мылтықты,
Айдап келди артынан.

Нурым жүрди алдында,
Көзде жасы сорғалап,
Еткен иси ядында,
Жалтаңлар Әдилге қарап.

Лық толды аўыл арасы,
Жыйналған көп адамға,
Жеркениш пенен қарады,
Қолға түскен душпанға.

Ортада тур өкинишли,
Нурым менен жолдаслары,
Қапаланып қашқан түси,
Бирақ, ҳешким аямады.

Әдил шығып әскерлерден,
Жаңалықтың бәрин айтты,
Қутлықлап жаңа өмир менен,
Қууантты жыйналған халықты.

Дана Ленин ашқан жолдын,
Туўрылығын дәлийлледи,
Шопан, дийқан ерикли болдын,
Деди, жаңа дәўир келди.

Патша, ханның тахты қулап,
Бай, залымлар түсти қолға,
Бурын ериксиз жүрген жылап,
Шаң тиймейди айдын жолда.

Қазақ, өзбек, аға-ини,
Түркмен, тажик бауырмансыз.
Уллы рус баслап мине,
Бахытты жеңип алғанбыз.

Петербург, Москвадан,
Қайтпайтуғын қууат алдық,
Қараңғы булт, қалың думан,
Қыйратылды, қуўып салдық.

Хийўа ханы қәўипли болған,
Күни кеше қалды қыйрап,
Жаўынгерлер жеңер мудам,
Умтылғанда күшин жыйнап.

Октябрьдиң жеңислери,
Тарийхтан жаңа бет ашты,
Гүлленеди совет жери,
Бахыт таңы нур шашты.

Айтты тағы Әдил турып,
Мәрдикарға алынғанын,
Қыйынлықта қолын берип,
Мәңги ғамхор табылғанын.

Қосылып Қызыл Әскерге,
Патшаға қарсы гүрескен.

Жолдас болып жеңислерге,
Шын ҳақыйқат жолға түскен.

Нурым байдың шопанларын,
Әдил өзи жыйнап алды.
Көрип барлық дийқанларын,
Өткен күнди еске салды.

Барлығының ҳақыларын,
Сол уақытта алып берди,
Жақсылады дийқан ҳалын,
Рийза болды, халық көрди.

Әскерлерди Әдил баслап,
Нурымларды айдап кетти.
Ҳәрким еркин уақыт хошлап,
Ауыл иши жайнап кетти.

Әдил менен бизиң атам,
Жаслайынан бирге өскен.
Бул ҳаққында талай маған,
Еди усылай гүрриң еткен.

## IV

Жаңа дәрья жайлауында,
Колхоз қойы дүркин-дүркин,
Өткен бәҳәр айында,
Жолым түсип көрдим бир күн.

Гүмис жүнли семиз қойлар,
Кең жайлаудың көркин берген,
Секек атып секирип ойнар,
Қозылары изине ерген.

Бөлек-бөлек өрислер бар,
Шопанлары басқа-басқа,
Бир адамға болдым дуушар,
Келип қалған жетпис жасқа.

Қыр дөгерек жайылған қой,
Ғарры отыр ортасында,

Гейде тиклеп жазады бой,
Әтирапқа көзин сала.

Қос ордени өниринде,
Күн нурына шағылысқан,
Маңлай тери өнирине,
Таўсылмастай бахыт қосқан.

Мен ғаррыға танысқанда,
Кел балам деп қушақ ашты.
Ҳүрметлеп қол алысқанда,
Көтерилип кеўли тасты.

„Коммунизм" колхозының,
Шопаныман деди ғарры,
Изин алып өз сөзиниң,
Табысларын еске салды.

Усы колхоз қуралғалы,
Фермасында ислеп жүрмен,
Жумысты қолға алғалы,
Зыяным жоқ мениң көрген.

Жүз мың болды быйыл саны,
Мен өсирип берген қойдың
Үлесим деп қойдым оны,
Ҳүрметине уллы тойдың.

Бахтым ашық бултсыз күндей,
Мен рийзаман заманыма,
Ойыма жаңа келгендей,
Толысып күш кәмалыма.

Жаңа өмиримниң ҳәр сааты,
Алға қарап жәўлан урар,
Қырық жылымның салтанаты,
Мың жыллардан артық турар.

Октябрьден нурлы қуяш,
Толқынланып кетти тарап.
Бултларды думан аралас,
Бул өмирден етти қарап.

Жол көрсетип Компартиям,
Шын өмирге силтеў берди,
Ҳақ нийетли ҳәр бир адам,
Ҳақыйқатлық күшин көрди.

Мийнетим жаңа түр алды,
Дөретти табыс толқынын,
Бойға күшим жыйналды,
Бахты ушын халқымның.

Халық хызметин атқарып,
Арғанын көрдим даңқымның,
Өмирим нурлап жасарып,
Қуўаныш толып шалқыдым.

Қыйынлықтан қайтпадым,
Жолдас еттим женисти.
Басқадан маза таппадым,
Турғанда мийнет жемиси.

Колхоз болып қуралып,
Жумсадық күшти бирликте.
Күш қосқансоң мийнеткеш халық,
Көрсете берди ерликти.

Қурым басқан жер төле,
Ақ сарай болып тикленди.
Жаңарды аўыл бир демде,
Таңландырып көргенди.

Еркин оқып ул-қызым,
Алмақта билим мектепте,
Өсип алға ой-сезим,
Мақсетине жетпекте.

Қайсы исти қәлесе,
Ислеўине ҳақы бар,
Ҳадал мийнет ислесе,
Өшпейтуғын даңқы бар.

Дөретип табыс исинен,
Пайда берсең Ўатанға,

Оннан артық көринген,
Бахыт барма адамға!

Отыз еки жыл болды,
Жаңа шопан болғаным,
Шопан енди ким болды,
Рәҳәтте бул жаным!

Қайсы иске қызықсаң,
Нәтийжели болады.
Кеўилине не алсаң,
Толық орынланады.

Тәрбиялап баққанда,
Өспейтуғын мал барма,
„Мал питеди бағқанға".
Халық сөзин ал ядқа.

Қойларды айдап азанда,
Шығараман жайлаўға,
Арығын үйдиң қасында,
Қалдыраман байлаўда.

Бағаман қолдан от берип,
Үш мезгил жем берилер,
Қарасаң он күн өткерип,
Ойдағыдай семирер.

Қой өзиниң кәддин алар,
Қосылады өриске,
Барлық қойым тең болар,
Отлаўда ҳәм жүристе.

Көп ийирип турмайман,
Отлақ жерге барамыз,
Түске жақын аўылдан,
Алыслайды арамыз.

Барып түсте қанғанша,
Суў ишеди, қойларым,
Күтемен дем алғанша,
Жатар, жазар бойларын.

Тағы жайлау жаңалап.
Түстен кейин отланды,
Кешқурын жапты жағалап,
Жайпауға келип тоқтайды.

Қанып суўды ишеди,
Дүр-дүр ғана силкинип,
Үй жолына түседи,
Ойнар жолда секирип.

Усы мениң мийнетлерим,
Нәтийжеси толып атыр.
Төккен ҳадал маңлай терим,
Рәҳәтли болып атыр.

Баҳаланды ислерим,
Орденге толып өңирим,
Артты тағы күшлерим,
Жасарды мениң өмирим.

Мийнеттиң Қызыл байрағы,
Қадалған мынаў жағама,
Миннетдарман мен тағы,
Партияға—данама.

Өткен жылы және де,
Ленин орден берилди.
Ең жоқарғы награда,
Тастырды бойда жигерди.

Алда турған ўазыйпа,
Көбейтиў, майды, ет, сүтти,
Тәмийинлеў ушын халықты,
Партия жол көрсетти.

Буған да үлес қосаман,
Жумсалар күшим сол ушын,
Қүдиретли бизиң Ўатан,
Күн сайын, өссин, гүллинсин.

Мийриң қанып жанға жаққан,
Сөйлегенде ҳәр бир сөзи,

Усы ғарры атам айтқан,
Тап Әдилдиң болды өзи.

Жас жигиттей ҳәрекети,
Әжим басқан жүзин ғана.
Ғаррының еле нийети,
Табысларда жаңа-жаңа.

## ҚАРЛЫҒАШ ҲӘМ ЖЫЛАН

*(поэма)*

### I

Ауылда турар атамыз,
Сәлем берип қайтамыз.
Қалада бир гәп болса,
Атамызға айтамыз.

Ауылда қандай жаңалық
Соны аңлап қайтамыз.
Атамның қызық ертегин
Қуныгып тыңлап
қайтамыз.

Жаз айының иши еди,
Күн оғада ыссы еди,
Атам менен шай ишип,
Отырмыз, ўақыт түс еди.

Терис әйўанға салыпты,
Қарлығашлар уясын,
Әдеўир болып қалыпты,
Палапанлар—баласы.

Палапанлар шүйкилдеп
Пәске төмен қарайды,
Аўызын ашар тез-тезден,
Бәлким аўқат сорайды?!

Бири келсе, бири кетер
Әйнек-қапы ашық тур.
Қарлығашлар балларына
Бир нәрселер тасып жүр.

Кәпелимде қарлығашлар
Келип қалды жыйналып,
Шырылдасып ушты олар
Үйдиң ишин айналып.

Не болды деп буларға
Атам отыр ойланып,
Жоқарыға қарады да,
Қоя берди қыйналып.

Уақ-ўақ, деди даўыслап
Кетти уядан палапан.
Уяға қарап жылыслап,
Киятыр әне бир жылан.

Шыжа-пыжа қарлығаш
Көзлеринен тамар жас
Перзенти ушын орнына
Налымайды тиксе бас.

Жылан кем-кем алдына,
Мойнын созып киятыр.
Қан сорыў түсип ядына,
Арқасы қозып киятыр.

Палапанлар шүйкилдеп
Шырылдасты қарлығаш.
Жыланға бәри бир пул
тек,
Не деген жаўыз баўры
тас.

Барғанда мойны
жыланның
Уяға төмен ийилип,
Тым-тырыс болды сол
ўақта
Ҳәрекет бирден
тыйылып.

Жалын болып жыланның
Көзиниң алды жалт етти,
Жылан көзден айырылып
Жерге барып жалп етти.

Атам айтты бизге сонда
Жыланның қулап
түскенин,
Тап усындай ҳәдийсениң
Неше сапар гезлескенин.

Қарлығаштың досты бар,
Мылтықшы деп аталар
Тәжирийбеден билемиз,
Бул гәп рас, бурыннан
бар.

Мылтықшыны қарлығаш
Уясында сақлап қояр
Тамағын да етпес аш
Не керегин тақлап қояр.

Мылтықшы сөйтип өз
достын
Қәўип-қәтерден
сақлайды,
Қарлығаштың барыў-
жоғы
Балаларын бақлайды,
Қарлығаштың хызметин
Мылтықшы солай
ақлайды.

Шегирткеден мығымлаў
Бир әжайып жәнлик ол.
Унамас оған жәнжел-даў
Сондай адам пәмли ол.

Қарасаң сыртган,
солдаттай
Қарыў-жарақ асынған,
Душпанға қорған,
айбатлы,
Кийими оның жасылдан.

Секиреди, ушады
Зыянсыз, пайда береди,
Өзи жүдә қырағы
Көзи алыстан көреди.

Мудамы таяр турады,
Нышанада қуралы,
Душпанлығын билсе
егер,
Дәрҳәл өзин урады.

Жылан жақын келген
ўақта
Жасырынып турған екен.
Сезип оның жөнсиз исин,
Өзин көзге урған екен.

Мылтықщы исти питирип,
Дослықты бәржай
келтирип,
Жеңис тойын тойлады,
Айтып қосық, ойнады.
Қарлығаштың үйинде,
Келешекти ойлады,
Жай парахат отырып.

Палапанлар ержетип
Еркин ушты уядан,
Деп жүргенде сур
жылан:
Биреудиң жанын қыяман,
Максетине жетпей-ақ
Өзи кетти дуньядан.

Қол созып жәрдем
бергени,
Дослықтың уллы иси
бул.
Қарлығаш жаўын
жеңгени,
Шын дослықтың күши
бул.
Жасай берсин
дослығымыз.
Дослық—ўақты
хошлығымыз.

II

Карлығаш деген жақсы
қус
Жақсылықты сүйеди,
Жаманлыққа болса дус
Иши-баўыры күйеди.

Бул ҳаққында айтылған
Әпсаналар билемен
Тыңласаңлар мен ҳәзир
Соны айтып беремен.

Айтың дедик биз сорап,
Тум-тусына бир қарап,
Бизлерге нәзер таслады,
Атам сөзин баслады:

—Ерте, ерте, ерте ўақта,
Oғада бир алыс жақта,
Ҳайўанларға патша
болып,
Жылан минипти тахтқа.

Сонда Сона ўәзир бопты,
Не хызмет бар ҳәзир
бопты,
Патшаның кеўлин хош
етип,
Табар екен ҳәтте жоқты.

Бир күни патша ўәзирин,
Шақырыпты жасырын,
Бурын ҳәшкимге
айтпаған
Сонаға айтыпты сырын.

Достым сона түсин
сөзге,
Қан сорыў бул әдет
бизге,
Билмесин ҳеш,
еситпесин,
Бул сырымды сеннен
өзге,
Шетинен қыйып
жанларды
Гүнаға батып жүрмейин,
Дәми жоқ бир қанларды,
Қуры татып жүрмейин.

Сәл усыған сер деди,
Аралап өзин көр деди,
Кимниң қаны мазалы
Тез хабарын бер деди.

Буйырған соң патша
хызмет,
Шад боп толып-тасты
сона.

Кеўлине бир жетейин
деп,
Көп кырлардан асты
сона.

Аўылма-аўыл аралап,
Тоғайма-тоғай гезеди,
Татып көрип ҳәм жалап
Канлардың дәмин сезеди.

Адамның канын сорғанда,
Ләззет бар дейди бул
канда.
Бунық дәмин татпаған
Өмиринше әрманда.

Сона солай ойлады,
Адамды сөйтип кыйнады.
Болмасын исим шала деп
Қайта-қайта сынайды.

Ҳақыйқаттан караса,
Сөздин усы ырасы,
Табылмайды жаҳанда
Қанның буннан ағласы.

Гәп болмасын изи деп
Айтпасын куры сөзи деп
Апарайын бир уртлам
Көрсин оның көзи деп.

Сона күшин жыяды,
Әдеп ө и тояды,

Патшаның пайын бир
уртлам
Тил астына қояды.

Карамай тоғай, таў,
суўға,
Асығады кайтыўға
Жолға раўаж болады,
Патшаға тезирек
айтыўға.

Сона карыў салады,
Самалдан пәт алады,
Болғаннан сон жол узақ
Қанатлары талады.

Бир терекке қонады,
Аз ғана дем алады,
Шаршап келген сонаға
Қарлығаш тап болады.

Сонадан ол сорайды,
Кезип едиң не жайлы,
Неге бунша шаршадың,
Деп бетине карайды.

Айтты сона—бул деди,
Айтпайтуғын сыр еди,
Айтпасам саған болмады,
Айтылмай-ақ жүр еди.

Мен сонаман, сонаман,
Ҳәр жерлерге қонаман
Уллы жылан патшаның
Бас ўәзири боламан.

Алдына бир күн шақырып,
Патша маған шап деди,
Кәҳәри келип бақырып,
Мазалы кан тап деди.

Сол кетистен кеткенмен,
Нешше кырдан өткенмен,

Патшаның ҳәмирин орынлап,
Бул жерге бүгин жеткенмен.

Жолым болды рауан,
Патша алдына барамақ,
Хызметин толық питкердим,—
Үлкен сыйға аламан.

Қарлығаш айтты: сонажан,
Болмасын тағы исиң кем,
Сен анықлап билдиң бе?
Ең мазалы, қайсы қан?

Сонала сонда билдим деди,
Ҳәтте алып келдим деди,
Исенбесең қара мине,
Астында тур тилдиң деди.

Сонда турып қарлығаш,
Сонаға айтты: аўзыңды аш,
Көрейин өзим анықлап,
Адамға неге болдың қас.

Көрди аўзын үңилип,
Кетти оннан түңилип,
Ништердей тилин сонаның,
Қарлығаш алды суўырып.

Қалды сона зарланып,
Өшти енди үним деп,
Тилсизбен деп арланып,
Қалай болар күним деп.

Қарлығаш қарап сонаға,
Деди: енди қайта бер,
Көрген-билген исиңди,
Патшаға барып айта бер.

Сонда сона ыңылдап,
Жән-жағына қаранып,
Турғандай болды бир нәрсе,
Қарлығаштан сораныл,
Айтпаса да сөз бенен,

Бергендей болды түсиник,
Жылт-жылт еткен көз бенен:

Достым маған қайт дейсең,
Жалғыз қалай қайтаман,
Патшаға барып айт дейсен,
Тилсизбен қалай айтаман.

Соның ушын жанымда,
Жолдас болып жүр деди,
Патшамыздың кәҳәрин
Көзиң менен көр деди.

Сораў берсе ол маған,
Ызылдарман мен деди.
Мениң айтар сөзимди,
Түсиндир оған сен деди,
Сонаның кеўлин изинде,
Қарлығаш усылай сезинди.

Сона менен қарлығаш,
Жолдас болып кетеди,
Ушып-ушып бир күни
Патша алдына жетеди.

Патша турып сонадан,
Аманатын сорайды.
Сона қуры ызылдап.
Қарлығашқа қарайды.

Тәжим берип патшаға
Қарлығаш былай сөйлейди:
Айтыуынша сонаның,
Ең жақсы қан дүньяда,
Қурбақаның қаны дейди.
Бул қанға тең келмейди,
Ҳеш бир қанның тазасы,
Бул қанға тең келмейди,
Ҳеш бир қанның мазасы.
Бул сөз қалай дегендей
Сонаға патша қарайды,
Олай емес дегендей,
Сона басын шайқайды.

Сол уақта патша ойланып,
Қарлығаштан бир бәле,
Болғанлығын байқайды.
Исип-кеўип тамағы,
Патшаның артты қәҳәри,
Шашырап, ўулы-зәҳәри,
Өз-өзинен кутырып,
Жутаман деп жутынып,
Қарлығашқа умтылып
Оған қарап шабады.
Қарлығаш ушып үлгерди
Зорға ғана қутылып,
Сонда да жылан аўзында
Бир қысымдай пәр қалды
Қуйрығынан туғылып,
Қарлығаштың қуйрығы
Соннан айыр болған екен.
Бир қысым пәрин сол жерде
Жылан тислеп қалған екен.

Сол күннен баслап жыланлар.
Қарлығаш пенен өш екен.
Ал, әзелден қарлығашлар,
Адамлар менен дос екен.

Адамлардың үйлерине,
Келип олар уя салар.
Бир қәўипсиз жасайын деп,
Шын жүректен үмит қылар.

### III

Жазығы жоқ көрген көздиң,
Деди атам көрдим өзим.
От тийип еди бир үйге,
Аўылымызда бурын бизиң.

От тийген баслап қорадан,
Қора исленген сорадан,
Кем-кемнен өрт өрлей берди,
Өширип жүрмиз көп адам.

Жуғыр-жуғыр қарлығашлар,
Өрт үстинен айланады.
Көринбейди басқа куслар,
Мәгәр булар қыйналады.

От жалынын биледи екен,
Қыйналысып келеди екен,
Аўзы менен әкелип суў,
От үстине себеди екен.

Өшириўге келмес күши,
Бирақ бул тек достың иси,
Қарлығашты қорғаў керек,
Ҳадал жүрек ҳәрбир киси.

Тез түсингиш, илгир зейни,
Мийримли ҳәм кең пейилли,
Қарлығаш бул қус сейдини,
Барлық халық та солай дейди.

Қайта-қайта шайқап басын,
Гейде сүртип көзде жасын,
Атам усылай тамам етти,
Қарлығашлар ҳикаясын.

## МАЗМУНЫ

Алғы сөз: Атаға карап ул өсер (*Ю. Пакратдинов*) . . . . . . . . . . . . . . . . 5

### МЕКТЕП ЖАСЫНА ШЕКЕМГИ БАЛАЛАР УШЫН

Ленин иси тири ағам айтқандай . . . . . . . 22
Гүлзардың түйеси (*юмор*) . . . . . . . . . . 23
Торапым . . . . . . . . . . . . . . . . . 23
Инимниң сорауы . . . . . . . . . . . . . . 24
Жәрдем бериң Кәримге . . . . . . . . . . . 26
Еркебай ериншек . . . . . . . . . . . . . 27
Хош-хош бақшам, хош бақшам . . . . . . 28
Айтып кетти Үмитхан . . . . . . . . . . . 29
Енди мен де айтаман . . . . . . . . . . . 29
Апам пышық әкелди . . . . . . . . . . . . 30
Кемпир апам қант көрсе . . . . . . . . . 31
Мен атамдай болажақпан . . . . . . . . . 32
Топқа өкпелеў . . . . . . . . . . . . . . 32
Гүлши қыз . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Нан . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 33
Шәмшет деген бала бар . . . . . . . . . . 34
Баслары терис қарасқан . . . . . . . . . 34
Ақлықларым бар мениң . . . . . . . . . . 35
Хәйниў айтса аталар, ләззетленер балалар . 36
Тәй-тәй бала, тәй бала . . . . . . . . . 38
Әкемиз үйде болмаса . . . . . . . . . . . 39
Апам жақсы . . . . . . . . . . . . . . . 40
Атам бар . . . . . . . . . . . . . . . . . 40
Гүбелек . . . . . . . . . . . . . . . . . 41
Кемпир апам . . . . . . . . . . . . . . . 42

### КИШИ ЖАСТАҒЫ МЕКТЕП БАЛАЛАРЫ УШЫН

Бизиң дослық . . . . . . . . . . . . . . 45
Бир кеңесим . . . . . . . . . . . . . . . 45
Мениң иним . . . . . . . . . . . . . . . 46
Керек ғой саўда етпегим . . . . . . . . . 47

Гөжеклер . . . . . . . . . . . . . . . . . 47
Умытшақ па, салақ па? . . . . . . . . . . 48
Билмейди ҳасла . . . . . . . . . . . . . 48
Көремиз оның жуўмағын . . . . . . . . . 49
Мәс болады мамасы . . . . . . . . . . . . 49
Октябрятлар қосығы . . . . . . . . . . . 49
Қуслар қайтып келеди екен . . . . . . . . 50
Айға жетти қолымыз . . . . . . . . . . . 51
Күнде бир ўақ сөз етеди . . . . . . . . . 51
Әмет пенен Шәмшет . . . . . . . . . . . 52
Есапшан бала . . . . . . . . . . . . . . 53
Ғәний сондай бала екен . . . . . . . . . 53
Өкиниш . . . . . . . . . . . . . . . . . 54
Колхозына сыйлық етти . . . . . . . . . 54
Орынбай пахтакеш . . . . . . . . . . . . 54
Сборда . . . . . . . . . . . . . . . . . 55
Фабрикада анам бар . . . . . . . . . . . 56
Жаз кеўилли . . . . . . . . . . . . . . 56
Тазалықтың үйин көр . . . . . . . . . . 57
Кемшиликти билди ол . . . . . . . . . . 58
Бирин-бири қыймайды . . . . . . . . . . 59
Көп ойланып . . . . . . . . . . . . . . 60
Кемпир, ғарры ҳәм аклықлар . . . . . . . 60
Мектепте байрам . . . . . . . . . . . . 61
Октябрятлар—кимлер олар? . . . . . . . 62
Ядыңда тут жан балам . . . . . . . . . . 63
Тазалық болып сайландым . . . . . . . . 64
Қуўаттың қос тереги . . . . . . . . . . 65
Ырғалар таллар, ырғалар . . . . . . . . 66
Сағынамыз қысты да . . . . . . . . . . 67
Бәҳәр келсе . . . . . . . . . . . . . . 68
Сүйемиз сулыў жазды биз . . . . . . . . 68
Гүз қәдири бир баска . . . . . . . . . . 69
„Әлипбе" менен хошласыў . . . . . . . . 70

**Соңғы қоңыраў салтанатынан:**

1. Биринши класс оқыўшыларының тилеги 74
2. Питкериўши класс оқыўшыларының тилеги 74
3. Устазларға . . . . . . . . . . . . . . 76
Жақсы досты излеймен . . . . . . . . . 77
Бала ғой . . . . . . . . . . . . . . . . 79
Жаңа жылды күткен кеште . . . . . . . . 79
Мың жасасын . . . . . . . . . . . . . . 81
Ул қызларым көп емес . . . . . . . . . . 82
Атам еккен Байтерек . . . . . . . . . . 83
Мектебим . . . . . . . . . . . . . . . . 83
Рус тилин үйренсем . . . . . . . . . . . 84

**ОРТА ҲӘМ УЛКЕН ЖАСТАҒЫ МЕКТЕП БАЛАЛАРЫ УШЫН**

Ким билмес халқымның қаҳарман улын . . . 87
Октябрь . . . . . . . . . . . . . . . . . 88

Жайлаўларға жаз келсе (*Шарўалар қосығы*) 89
Усындайдан болады . . . . . . . . . . . . . 90
Жол кәдесин билип ал . . . . . . . . . . . . 90
Светофор болмаған жерде . . . . . . . . . 91
Дурыс бағдар бересен . . . . . . . . . . 92

**Нөкиске дәслепки поезд келгенде:**

Биринши гудок . . . . . . . . . . . . . 93
Москвадан мийман келер . . . . . . . . 93
Және бир бахыт кус болды . . . . . . . . 95

**Мектеп ёлкасында:**

Аяз бабаны күткенде . . . . . . . . . . 96
Окыўшылардан рапортлар . . . . . . . . 96
Аяз бабаның сораўы ҳәм балалардың жуўабы 97
Ёлкажан . . . . . . . . . . . . . . . . . 99
Жана жыл . . . . . . . . . . . . . . . . 100
Қар баба . . . . . . . . . . . . . . . . 101
Ўатаным . . . . . . . . . . . . . . . . 102
Партия . . . . . . . . . . . . . . . . . 103
Куўанышым сол еди . . . . . . . . . . . 103
Бизиң мектеп бағында . . . . . . . . . . 104
Кешигиўдиң себеби . . . . . . . . . . . 105
Милиционер келди бизин көшеге . . . . . 105
Умытшак . . . . . . . . . . . . . . . . 106
Өкинипти әжағам . . . . . . . . . . . . 107
Өкпелеў . . . . . . . . . . . . . . . . . 109
Сорайман мен апамнан . . . . . . . . . . 112
Мектепте де, үйде де . . . . . . . . . . 114
Отрядтын сборында . . . . . . . . . . . 117
Москвада ушырасқанда . . . . . . . . . 120
Балалар үйинде . . . . . . . . . . . . . 121
Мектебимде устазым көп . . . . . . . . . 122

## ЖУМБАҚ ҚОСЫҚЛАР, ЖУМБАҚЛАР, ЖАҢЫЛТПАШЛАР

**Жумбақ қосықлар**

Буны ким бурын таба алар? . . . . . . . 124
Бул не болар балалар? . . . . . . . . . 124
Айтып бериң балалар? . . . . . . . . . . 125
Ойланып көрин не екен? . . . . . . . . . 125
Сен қарасаң карайды . . . . . . . . . . 126
Бунысыз сирә болмайды . . . . . . . . . 126
Өзи сымнан ағады . . . . . . . . . . . . 126
Не екенин билиниз? . . . . . . . . . . . 127
Жумбақлар . . . . . . . . . . . . . . . 127
Жаңылтпашлар . . . . . . . . . . . . . 129

## ЕРТЕКЛЕР, ПОЭМАЛАР


**Сырлы альбом (*поэма*)** . . . . . . . . . . . . 138

**Өмирбек ҳаққында:**
Өмирбек қонақта . . . . . . . . . . . . . . . 143
Өмирбектиң бүрге дәриси . . . . . . . . . . . 144
Өмирбек ҳәм ғаррылар . . . . . . . . . . . . 145

**Өмирбек ҳәм ийшан:**
Өмирбектиң ийшан менен биринши ушырасыуы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 146
Өмирбектиң ийшан менен екинши ушырасыуы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 152
Өмирбектиң ийшан менен үшинши ушырасыуы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 155
Өмирбектиң ийшан менен төртинши ушырасыуы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 157
Өмирбектиң ийшан менен бесинши ушырасыуы . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 159
Өмирбектиң ийшан менен ең кейинги ушырасыуы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 160

**Мәусимлердиң мәжилисинде (*ертек*)** . . 164

Бахыт қусы . . . . . . . . . . . . . . . . . . 171
Ғаррылар елдиң саулаты . . . . . . . . . . . 185
Шыбын қалай пил болды . . . . . . . . . . . 194
Ана жыры . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 205
Жыллар . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . 207
Ғарры шопан ҳаққында гүррин . . . . . . . . 212

**Қарлығаш ҳәм жылан (*поэма*)** . . . . . . 229